रवि

30 अगस्त, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

भादव, कृष्ण पक्ष, द्वितीया, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

जीवन तहन सरल बनि जाइत अछि, जहन लोक लग विकल्प नहि रहैत अछि।

- अज्ञेय

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 348 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

# चारू कात लहास, टूटि रहल अछि आस...

## जाहि बाजार मे पहिने खूब चहल-पहल रहैत छल, आइ ओकर अस्तित्वे मेटा गेल अछि



रसुआगढ़ी मे चारूकात पसरल अछि मनुष्य आ मवेशीक शव, महामारीक आशंका

नहि भए पाबि रहल अछि अधिकतर शवक पहिचान

पहिचान नहि भेलाक कारण चितवन मे गाड़ल गेल 227 व्यक्तिक शव

नेपाल लाइव



**संजय झा, रसुवागढ़ी/काठमांडू**

नेपालक रसुवागढ़ी बाजार तिब्बत-चीन सीमाक बहुत समीप बसल अछि। ई रसुवा जिलाक एकटा प्रमुख बाजार सेहो अछि। स्थानीय लोक सभक लेल एहि बाजारक महत्व बहुत बेसी रहल अछि। मुदा आब एतय किछु नहि बांचल अछि। बीतल बुधक भोर सं पहिने जाहि बाजार मे चहल-पहल आ आवाजाही रहैत छल, विनाशकारी बाढ़ि ओकर अस्तित्वे मेटा देलक। बाजारक अधिकांश हिस्सा मलबा मे दबि गेल अछि।

राहति आ उद्धार कार्य मे जुटल सिमीर परियार कहलनि जे आब रसुवागढ़ी बाजार मे ने रास्ता बांचल अछि आ ने बाजार। दर्जनो नीक दोकान छल। एतय लोक सभ कें जरूरतक लगभग सभ सामान भेटि जाइत छल। नीक विद्यालय आ अस्पताल सेहो छल। मुदा आब सभ मलबा भए गेल अछि। किछु पैघ आ ऊंच इमारत जरूर बांचल अछि, मुदा ओकर नीचां मलबा भरल अछि।

सिमीर बतौलनि जे बृहस्पतिक भोर ओ सभ 69 लोक राहति आ उद्धार कार्य लेल एतय पहुंचल छलाह। ओ कहलनि जे सभ दिस जानवर आ मनुष्यक शव मलबा मे पड़ल छल। हम सभ 15 सं 20 पुरुष, महिला आ बच्चाक शव बाहर निकाललहुं। जानवरक तं गिनती करब मुश्किल अछि। चारू दिस शव पड़ल अछि। मलबा हटेबा मे कतेक समय लागत? एहि प्रश्न पर ओ कहलनि जे एखन किछु कहब कठिन अछि।

बाजारक ऊपर बनल सामुदायिक शेड मे तत्काल राहत शिविर लगाओल गेल अछि। करीब 10 मिनट चढ़ाई कएलाक बाद हम राहत शिविर पहुंचलहुं। शिविर मे बहुत भीड़ छल, मुदा चारू दिस गहिंर सन्नाटा पसरल छल। एहि सन्नाटा कें एकटा महिलाक रुकि-रुकि कए उठैत सिसकी तोड़ि रहल छल। ओ महिला अपन कोरा मे कपड़ा मे लपेटल एकटा बच्चीक शव लेने बैसल छल। पूछला पर बगल मे ठाढ़ एक व्यक्ति बतौलनि जे ओहि महिलाक एक वर्षक बेटी आइ भोर मे मरि गेल अछि। ओकर शव ओ अपन कोरा मे लेने छथि।

### आंखि मे अछि प्रश्न, आब आगू की होयत?

रसुवागढ़ी पुलिस चौकी मे कार्यरत गज लाल थापा कहलनि, जे सैलाब आयल, से राति नौ बजे के बाद एतय पहुंचल। ताहि सं पहिने बाढ़ि तिमुरे आ त्रिशूला बाजार कें निगलि चुकल छल। जं समय रहैत कोनो सूचना भेटि गेल रहैत तं एतेक पैघ जान-मालक क्षति नहि होइत। हमर तीनटा पुलिस चौकी कें सेहो जवान सभ सहित बाढ़ि बहा लेलक। एहि विपदाक पीड़ा देखैत-सुनैत हम ओतय सं विदा भेलहुं। मुदा जे देखलहुं, तकरा पर आंखि कें विश्वास करब सेहो कठिन छल। चारू कात वीरानगी आ सन्नाटा पसरल छल। जे बाजार कहियो लोकक चहल-पहल सं गुलजार रहैत छल, ओकर उजड़ल रूप लोक सभ अपन आंखि सं निहारि रहल छल। चारि दिन बीति गेलाक बाद बहुतो लोक अपन लापता परिजनक वापसीक आशा छोड़ि चुकल छथि। आब हुनकर आंखि मे मात्र एकटा प्रश्न आ डर शेष अछि - आब आगू की होयत?

#### रसुआगढ़ीक आधा सं बेसी लोक छथि लापता

महिला बेर-बेर बच्चीक शव दिस निहारि सिसकि रहल छल। हुनका ढांढ़स देबाक लेल शब्द नहि भेटि रहल छल। पूछला पर एकटा महिला कहलनि, साहेब, दू दिन सं बच्ची बेमार छल। आइ भोर मे दम तोड़ि देलक। तकर बाद लोक सभ ओकरा शिविर मे अनलक। शिविरक भीड़ पाछां दीपा देवी बेसुध पड़ल छल। नेपाल प्रहरीक जवान किशोर श्रेष्ठ कहलनि, एकर दूटा बेटा 9 आ 12 वर्षक छल। दुनू बेटा आ एकर पति सहित घर बाढ़ि मे बहि गेल। सात वर्षक बेटी आ बूढ़ सासु बचि गेल छथि। एखन धरि कोनो अता-पता नहि अछि।

किशोरक अनुसार, बीतल बुधक बाढ़िक त्रासदी मे रसुवागढ़ी बाजारक आधा सं बेसी घर आ लोक लापता छथि। एखन धरि हुनकर सभक कोनो अता-पता नहि चलल अछि। बाजारक प्रायः सभ दोकान आ मकान बाढ़ि मे बहि गेल अछि। सदिखन गुलजार रहयबला ई बाजार आब वीरान पड़ल अछि। चारू कात मलबाक साम्राज्य अछि।

#### घर दिस दौड़लहुं मुदा घरे बहि गेल...

खगेंद्र आ रविंद्र दुनू भाइ छथि। रसुवागढ़ी बाजार मे हुनक दुनू भाइक किरानाक दोकान छल। आमदनी ठीक-ठाक छल, मुदा बाढ़िक आपदा दुनू भाइ कें सड़क पर अयबाक लेल मजबूर कए देलक। ओ सभ कहलनि, बुधक भोर मे दोकान खोलि साफ-सफाई कए रहल छलहुं। तखने भागू-भागूक हल्ला सुनाइ देलक। बाहर आबि कए देखलहुं तं लोक सभ कहि रहल छल जे बाढ़ि आबि रहल अछि। हम घर दिस दौड़लहुं। मुदा घर धरि पहुंचैत-पहुंचैत बाढ़ि आबि गेल। कोनो तरहें अपन जान बचा लेलहुं, मुदा माता-पिता कें नहि बचा सकलहुं आ ने घर बचल। शिविर मे बैसल योगराज कहलनि, साहब, बाजार मे 200 सं बेसी व्यापारिक दोकान छल। सभ बाढ़ि मे बहि गेल। किछु ऊंच भवन बांचल अछि, मुदा ओकर नीचां मलबा भरल अछि। विद्यालय, अस्पताल, थाना-चौकी सभ समाप्त भए गेल।

स्थिति देखबाक लेल नीचां उतरला पर एकटा ध्वस्त मकानक आगू 11 वर्षक एकटा बच्ची भेटल। ओकर नाम गीता अछि। बाढ़िक त्रासदी मे गीताक माता-पिता, भाइ आ घर सभ किछु उजड़ि गेल। गीता कहलनि जे आब हमर कोइ नहि बांचल। मात्र एकटा चाचा जीवित छथि। मुदा चाची आ हुनकर बच्चा सभ सेहो बाढ़ि मे बहि गेल। ओकर लगपास 50 वर्षक गौनी लाई अपन टूटल घरक आगू सं मलबा हटेबा मे लागल छल। ओ कहलनि, बुध भोर मे हम गायक चारा आनय लेल ऊपर गेल छलहुं। एहि कारण जीवित बचि गेलहुं। वापस अएलहुं तं देखलहुं जे घर आ गाय दुनू बाढ़ि मे बहि गेल छल। आब मलबा हटबैत छी। पूछला पर ओ कहलनि जे हुनकर बेटा काठमांडू मे मजदूरी करैत छथि।

#### सभ किछु समाप्त भए गेल...

विपदाक चारिम दिन लोक राहतकर्मी सभक संग अपन घरक मलबा हटेबा मे जुटल देखल गेल। एहि बीच रसुवागढ़ी व्यापारी संघक अध्यक्ष सियाल परियार सं भेंट भेल। ओ कहलनि, साहब, एतय आब सभ किछु समाप्त भए गेल अछि। ने दोकान बांचल अछि आ ने सामान। क्षतिक आकलन की करी? एतय तं मनुष्यक भारी क्षति भेल अछि। सड़क, बिजली सभ समाप्त भए गेल अछि। कखन धरि बहाल होयत, कहब कठिन अछि। सियाल कहलनि जे ई क्षेत्रक प्रमुख बाजार छल। आब की करताह, एहि प्रश्न पर ओ कहलनि, पहिने अपन जान बांचल रहय। तकर बाद सुनलहुं जे फेर बाढ़ि आबि सकैत अछि। रेडियो मे सेहो समाचार आएल अछि जे रसुवाक ऊपर फेर पानि जमा भए रहल अछि आ कोनो समय मे ई टूटि सकैत अछि। जिलाक प्रमुख सेहो लोक सभ कें सचेत केने छथि। एहि कारण लोक सभ फेर डरल छथि। हुनकर अनुसार, राहति आ उद्धार कार्य चलि रहल अछि, मुदा मलबाक कारण बहुत परेशानी भए रहल अछि। राहति शिविर लगाओल गेल अछि, जाहि मे पैघ संख्या मे बांचल लोक रहि रहल छथि। अखन शिविर मे चूड़ा-चीनी देल जा रहल अछि। राहति पहुंचबाक बाट एखन पूर्ण रूप सं नहि खुलल अछि। शिविर मे चिकित्सकीय शिविर सेहो चलि रहल अछि।

---

### एक नजरि

#### आईआरसीटीसी मनी लॉन्ड्रिंग मामिला: लालू परिवारक विरुद्ध आरोप तय करबाक फैसला टरल



**पटना/नई दिल्ली।** दिल्लीक राउज एवेन्यू कोर्ट कथित आईआरसीटीसी होटल घोटाला सं जुड़ल मनी लॉन्ड्रिंग मामिला मे राजद सुप्रीमो लालू यादव, हुनकर परिवारक सदस्य आ अन्य आरोपितक विरुद्ध आरोप तय करबाक फैसला अखन टारि देलक अछि। प्रवर्तन निदेशालय मामिला मे लालू यादव, पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी, बिहार विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव, तेज प्रताप यादव, मीसा भारती, हेमा यादव सहित अन्य आरोपितक विरुद्ध आरोपपत्र दाखिल केने अछि। ई मामिला कथित आईआरसीटीसी होटल घोटाला सं जुड़ल अछि, जकर जांच पहिने केंद्रीय जांच ब्यूरो शुरू केने छल। आरोप अछि जे लालू यादवक 2004 सं 2009 धरि रेल मंत्री रहबाक दौरान आईआरसीटीसीक होटल सभक संचालन आ रखरखावक ठेका देबा मे अनियमितता भेल। आब न्यायालय एहि मामिला मे फैसला सुनयबाक लेल 30 सितंबरक तारीख तय केलक अछि।

## आरक्षणक मुद्दा पर एनडीए मे घमासान
## चिराग मंगलनि मांझीक इस्तीफा

- दलित आरक्षण मे क्रीमी लेयरक सवाल पर भिड़लाह दुनू नेता

**पटना, समदिया**

एनडीए मे दलित आरक्षण मे क्रीमी लेयरक मुद्दा पर विवाद बढ़ि गेल अछि। केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान नरेंद्र मोदीक मंत्रिमंडल मे अपन सहयोगी जीतनराम मांझीक इस्तीफाक मांग कएलनि। ओ मांझीक बेटा आ बिहार सरकारक मंत्री संतोष सुमन कें सेहो पद छोड़बाक लेल कहलनि। लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान शनिदिन कहलनि जे हिंदुस्तान आवामी मोर्चाक सुप्रीमो जीतनराम मांझी जं दलित आरक्षण मे उप-वर्गीकरणक बात कए रहल छथि तं पहिने हुनका स्वयं आ हुनकर बेटा कें मंत्री पद सं इस्तीफा देबाक चाही।

पटना मे पत्रकार सभ सं बातचीत करैत चिराग कहलनि जे अनुसूचित वर्गक सभ जाति एकजुट अछि, तखने ओकर शक्ति बनल अछि। जं एहि मे बंटवारा भेल तं आरक्षण समाप्त भए सकैत अछि। ओ कहलनि जे जखन दलित आ महादलितक बीच बंटवारा करबाक प्रयास भेल छल, तखन सेहो ओ एहि डेगक विरोध केने छलाह। लोजपा (रामविलास) दलित आरक्षण मे उप-कोटाक प्रबल विरोध करैत अछि। चिराग एससी आरक्षण मे क्रीमी लेयरक व्यवस्था कें संविधानक विरुद्ध बतौलनि। हुनकर कहब अछि जे दलित सभ कें सामाजिक भेदभाव आ छुआछूतक आधार पर आरक्षण देल गेल अछि। संविधान मे कतहु ई नहि लिखल अछि जे ई आरक्षण आर्थिक आधार पर होयबाक चाही।



### चिराग छोट भाइ, पहिने देथि इस्तीफा : संतोष मांझी

बिहार सरकारक मंत्री आ हिंदुस्तानी आवाम मोर्चा (हम) केर राष्ट्रीय अध्यक्ष संतोष कुमार सुमन उर्फ संतोष मांझी केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान कें अपन छोट भाइ बतबैत कहलनि जे पहिने ओ अपन मंत्री पद सं इस्तीफा देथि। हुनका अनुसार एससी-एसटी आरक्षण मे क्रीमी लेयरक बात नहि भए रहल अछि, बल्कि कोटाक भीतर कोटा अर्थात सब-कोटा लागू करबाक बात अछि। संतोष कहलनि जे क्रीमी लेयर आ कोटाक भीतर कोटा दुनू अलग अवधारणा अछि। संतोष मांझी शनिदिन सोशल मीडिया पर लिखल पोस्ट मे चिराग पासवान पर निशाना साधैत कहलनि जे हुनकर पार्टीक संख्याबल बेसी अछि, तें इस्तीफाक शुरूआत सेहो वएह करथि। ओ कहलनि जे चिराग इस्तीफा देथि, तं ओहो हुनका संग इस्तीफा देबाक लेल तैयार छथि।

## कॉमनवेल्थ खेल मे गोल्ड-ब्रॉन्ज पदक जीतनिहार खेलाड़ी सम्मानित

**मुख्यमंत्री देलनि झंडू कें 15 आ सोमन कें 30 लाखक चेक**



**पटना, समदिया**

पटना मे राष्ट्रीय खेल दिवसक अवसर पर शनिदिन मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कॉमनवेल्थ गेम्स-2026 मे पदक जीतनिहार पैरा खेलाड़ी सोमन राणा आ झंडू कुमार कें सम्मानित केलनि। सोमन राणा कें स्वर्ण पदक लेल 30 लाख आ झंडू कुमार कें कांस्य पदक लेल 15 लाख टकाक चेक देल गेल। कार्यक्रम लोकसेवक आवास स्थित संकल्प सभागार मे आयोजित छल।

दुनू खेलाड़ी अपन शानदार प्रदर्शन सं बिहार आ देशक गौरव बढ़ौलनि। मुख्यमंत्री दुनू कें हुनकर उज्ज्वल भविष्य लेल शुभकामना देलनि। गयाजी निवासी सोमन राणा अपन खेल जीवनक शुरूआत बॉक्सिंग सं केने छलाह। बाद मे ओ भारतीय सेना मे भर्ती भेलाह। 2006 मे जम्मू-कश्मीरक पुंछ मे सेवाक दौरान लैंडमाइन विस्फोट मे हुनकर दहिना पैर चलि गेल। मुदा ओ हिम्मत नहि हारलनि आ पैरा एथलेटिक्स मे डेग रखलनि। कड़ा मेहनत आ अभ्यासक बाद कॉमनवेल्थ गेम्स-2026 मे पुरुष एफ 57 शॉट पुट मे स्वर्ण पदक जीतलनि।

# गंडक-गंगा-कोसी सहित कतेको नदी खतराक निशान पार, 24 घंटा हाई अलर्ट

## दीघा घाट आ मनेर मे सेहो पानि खतराक निशान सं ऊपर



**पटना, समदिया**

नेपाल मे मचल तबाही बिहारक लोकक चिंता बढ़ा देने अछि। नेपाल मे एखनहुं रुकि-रुकि कए बरखा भए रहल अछि आ दूटा झील बनि गेला सं खतरा एखन टलल नहि अछि। एहि कारण बिहार मे सेहो कतहु ने कतहु बाढ़िक खतरा पूरा तरहे टलल नहि अछि। एहि कें देखैत बिहार मे 24 घंटा कड़ी निगरानी कएल जा रहल अछि।

जानकारीक अनुसार, दूटा झील मे सं एकटा सं पानि रिसि रहल अछि, जखनकि दोसर झीलक आकार बढ़ैत जा रहल अछि। एहन स्थिति मे बाढ़ि वा भूस्खलनक आशंका बनल अछि। दोसर दिस, नेपाल मे रुकि-रुकि कए भए रहल बरखा सेहो लोकक परेशानी बढ़ौने अछि। बरखाक कारण लोकक बचाव कार्य मे सेहो परेशानी भए रहल अछि।

बिहारक कतेको नदीक जलस्तर मे लगातार उतार-चढ़ाव जारी अछि। सभ सं बेसी नजरि गंडक नदी पर अछि, कारण नेपाल सं पानिक संग पैघ मात्रा मे मलबा सेहो बिहार दिस आबि रहल अछि। संभावित बाढ़िक खतरा कें देखैत जल संसाधन विभाग राज्यक सभ प्रमुख तटबंधक निगरानी बढ़ा देने अछि।

सारण तटबंध सहित संवेदनशील क्षेत्र सभ मे अधिकारी आ इंजीनियर लगातार नजरि रखने छथि। विभागक मुख्यालय सं गंडक नदीक डिस्चार्जक जानकारी प्रत्येक आधा घंटा पर लेल जा रहल अछि। इंजीनियर सभक टीम चौबीसो घंटा मैदान मे तैनात अछि, जाहि सं तटबंध पर कोनो तरहक दबाव वा कटाव देखाइ देला पर तुरंत कारबाइ कएल जा सकय। जिला सभक डीएम आ पुलिस-प्रशासन कें सेहो सतर्क रहबाक निर्देश देल गेल अछि।

बिहारक कतेको नदी खतरा केर निशान सं ऊपर बहि रहल अछि। पटना केर गांधीघाट मे गंगा खतरा केर निशान सं 68 सेंटीमीटर ऊपर अछि। हाथीदह मे ई भेद 71 सेंटीमीटर आ कहलगांव मे 82 सेंटीमीटर दर्ज कएल गेल अछि। दीघा घाट आ मनेर मे सेहो पानि खतरा केर निशान सं ऊपर अछि। गोपालगंजक डुमरियाघाट मे गंडक 63 सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। खगड़िया मे बूढ़ी गंडक 58 सेंटीमीटर आ कोसी बलतारा मे 64 सेंटीमीटर ऊपर अछि। कटिहारक कुरसेला मे कोसीक जलस्तर खतरा केर निशान सं ऊपर अछि।

गंडक बिहारक सभ सं संवेदनशील नदी सभ मे शामिल अछि। करीब 260 किलोमीटर लंबी एहि नदी पर 511 किलोमीटर सं बेसी तटबंध अछि। एकर जलस्तर मे कनेक बेसी बदलाव पश्चिमी आ पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, सारण, मुजफ्फरपुर आ वैशाली जेहन जिला सभक लए चिंता बढ़ा सकैत अछि। मौसिम विभागक अनुसार शनिदिन नेपालक गंडक क्षेत्र आ नॉर्थ कोयल मे हल्का सं सामान्य बरखा होएबाक संभावना अछि। एहन स्थिति मे बिहार मे अलर्ट जारी

# गंगा पर बनत कनेक्टिविटीक नव कॉरिडोर उत्तर आ दक्षिण बिहारक बीच बढ़त सीधा संपर्क



**पटना, समदिया**

बिहारक आधारभूत संरचना कें नव पहचान देनिहार कच्ची दरगाह-बिदुपुर 6-लेन गंगा महासेतु परियोजना आब लगभग तैयार अछि। करीब 5,000 करोड़ रुपैयाक लागत सं निर्मित ई पुल आधुनिक इंजीनियरिंगक शानदार नमूना मानल जा रहल अछि।

एक्स्ट्राडोज्ड केबल ब्रिज तकनीक सं बनल एहि महासेतुक लंबाइ करीब 9.76 किलोमीटर अछि। पुल 67 मजबूत पिलर पर टिकल अछि। पहुंच पथ कें मिला कए पूरा परियोजनाक लंबाइ 19.30 किलोमीटर अछि।

महासेतु चालू भेलाक बाद पटना केर समस्तीपुर सहित उत्तर बिहारक कतेको इलाका सं सीधा आ सुगम संपर्क स्थापित होयत। एहि सं यात्रा केर दूरी आ समय दूनू मे कमी होएबाक उम्मीद अछि। उत्तर आ दक्षिण बिहारक बीच आवागमन सहज भेला सं व्यापारिक गतिविधि सभ कें सेहो गति भेटत। कृषि उत्पाद आ वाणिज्यिक सामानक आवाजाही पहिनाक तुलना मे बेसी सुगम भए सकत। एहि सं क्षेत्रीय अर्थव्यवस्था कें सेहो लाभ भेटबाक संभावना अछि।

पथ निर्माण विभागक सचिव पंकज कुमार पालक अनुसार, कच्ची दरगाह-बिदुपुर महासेतु मात्र कंक्रीट आ स्टीलक ढांचा नहि, बल्कि बदलैत बिहारक तस्वीर अछि।पुल चालू भेला सं वाणिज्यिक वाहनक आवाजाही सहज होयत। राजधानी पटना पर बढ़ि रहल यातायातक दबाव कम करए मे सेहो ई महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत। उत्तर बिहार दिस जाएबला वाहन सभ कें वैकल्पिक आ नीक मार्ग उपलब्ध होयत। एहि सं पटना शहरक कतेको भाग मे यातायात व्यवस्था कें राहति भेटबाक उम्मीद अछि। अधिकारी सभक अनुसार, एहि महासेतुक जुड़ाव पटना रिंग रोड आ आमस-दरभंगा मार्ग सं सेहो होयत। एहि सं पुल मात्र नदी पार करबाक मार्ग नहि रहत, बल्कि पैघ सड़क नेटवर्कक महत्वपूर्ण हिस्सा बनत।

दानापुर, दीघा, शिवाला, बिहटा, कन्हौली, डुमरी आ नयागांव जेहन इलाका एहि सं नीक तरहे जुड़त। तेलवारीचक, कच्ची दरगाह आ सबलपुर सहित पटना आसपासक क्षेत्र मे सेहो कनेक्टिविटी मजबूत होयत। एहि सं राजधानीक चारू दिस एकटा मजबूत कनेक्टिविटी हब तैयार होएबाक उम्मीद अछि। महासेतु शुरू भेला सं उत्तर आ दक्षिण बिहारक बीच व्यापारिक संपर्क आरो मजबूत होएबाक संभावना अछि। परिवहन समय घटला सं कारोबारी आ मालवाहक वाहन सभ कें लाभ भेटि सकैत अछि।

# आईआईटी पटना मे लागल रक्तदान शिविर, 108 लोक कएलनि रक्तदान



**पटना, समदिया**

जरूरतमंद रोगी सभ कें समय पर रक्त उपलब्ध कराएबाक उद्देश्य सं आईआईटी पटना परिसर मे शनिदिन रक्तदान शिविरक आयोजन कएल गेल। भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान (आईआईटी) पटना केर एनएसएस इकाई नेताजी सुभाष मेडिकल कॉलेज एवं हॉस्पिटल (एनएसएमसीएच), अमहरा केर सहयोग सं शिविर लगौलक। एहि मे विद्यार्थी सहित संस्थानक सदस्य सभ उत्साहक संग हिस्सा लेलनि।शिविर मे कुल 108 लोक स्वेच्छा सं रक्तदान कएलनि। एनएसएस कार्यक्रम प्रभारी डॉ. सोमनाथ प्रधानक मार्गदर्शन मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे एनएसएस छात्र निकायक टीम रक्तदाता सभक पंजीकरण सं लए कए अन्य व्यवस्था सभक जिम्मेदारी संभौलक। दिनकर आनंद, पर्णव मैत्रा, तनिष्क राज, पीयूष कुमार आ दीक्षित वर्मा सहित स्वयंसेवक सभ आयोजन कें सफल बनेबाक लेल सहयोग कएलनि। एनएसएमसीएचक चिकित्सा आ ब्लड बैंक टीम शिविर मे रक्तदाता सभक स्वास्थ्य जांच कएलक। जांच मे योग्य पाओल गेल लोक सं सुरक्षित तरहे रक्त संग्रह कएल गेल। चिकित्सा टीमक नेतृत्व प्रभारी चिकित्सा अधिकारी आ ब्लड बैंक डॉ. शिवेंद्र कुमार सिन्हा कएलनि। एहि दौरान रक्तदानक प्रक्रिया संबंधी जरूरी जानकारी सेहो देल गेल।

शिविर मे टीएएल ब्लडक संस्थापक विश्वजीत काशिद सेहो उपस्थित छलाह। ओ विद्यार्थी आ स्वयंसेवक सभ कें रक्तदानक लए प्रेरित कएलनि। रक्तदानक महत्व बतबैत ओ बेसी सं बेसी लोक कें एहि सामाजिक पहल सं जुड़बाक संदेश देलनि। एनएसएमसीएचक प्रबंध निदेशक कृष्ण मुरारीक दृष्टिकोणक अंतर्गत आयोजित एहि शिविरक उद्देश्य जरूरतक समय रोगी सभ कें रक्त उपलब्ध करेनाइ आ रक्तक कमी सं कोनो रोगी कें होमयबला परेशानी कें कम करब अछि। आयोजनक अंत मे एनएसएस दिस सं सभ रक्तदाता, चिकित्सा टीम आ स्वयंसेवक सभक प्रति आभार व्यक्त कएल गेल।


# बिहार मे 1700 करोड़क लागति सं बनि रहल डबल लाइन रेल पुल

## अक्टूबर सं 140 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं दौड़त ट्रेन

**पटना, समदिया**

मोकामा मे गंगा नदी पर बनि रहल नव डबल लाइन रेल पुल पर अक्टूबर सं ट्रेनक आवाजाही शुरू होमय जा रहल अछि। एहि नव पुल पर ट्रेन 110 सं 140 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं दौड़ि सकत। मुदा एकरा सं पहिने कतेको ट्रेन रद्द कएल जाएत। पर्व-त्योहारक समय आबि रहल अछि, तें यात्री सभ कें किछु परेशानी भए सकैत अछि।

जानकारीक अनुसार, 20 सितंबर सं 4 अक्टूबर धरि नॉन इंटरलॉकिंगक काज कएल जाएत। एहि दौरान अलग-अलग तिथि मे करीब 338 ट्रेन कें रद्द करबाक निर्णय लेल गेल अछि। कतेको ट्रेनक मार्ग बदलल जाएत, जखनकि किछु ट्रेन कें रास्ता मे रोकए पड़त। पटना सं खुलनिहार वा पटना सं गुजरनिहार करीब 30 जोड़ी ट्रेन सेहो प्रभावित होयत।



ई रेल परियोजना करीब 1700 करोड़ रुपैयाक लागत सं तैयार कएल जा रहल अछि। एहि परियोजना मे मुख्य रेल पुलक लंबाइ करीब 1.86 किलोमीटर अछि, जखनकि कनेक्टिंग ट्रैक सहित पूरा परियोजनाक लंबाइ करीब 14 किलोमीटर अछि। एहि सं ट्रेन कें आउटर पर लगनिहार जाम सं सेहो राहति भेटत। ट्रेनक परिचालन शुरू भेलाक बाद पटना, बेगूसराय, लखीसराय, समस्तीपुर, खगड़िया आ सीमांचल सहित उत्तर-दक्षिण बिहारक कतेको जिला बीच यात्रा सहज होयत।

जानकारीक अनुसार, सितंबर सं एनआईक काज शुरू होएबाक कारण बिहारक आसपासक राज्य जेना उत्तर प्रदेश, झारखंड, पश्चिम बंगाल आ ओडिशा सं गुजरनिहार ट्रेन सेहो प्रभावित होयत। हावड़ा-मोकामा एक्सप्रेस, मोकामा-हावड़ा एक्सप्रेस, हावड़ा-जयनगर एक्सप्रेस, जयनगर-पटना एक्सप्रेस, पटना-जयनगर एक्सप्रेस, मोकामा-किऊल, किऊल-पटना सहित कतेको पैसेंजर आ एक्सप्रेस ट्रेन रद्द रहत।

रेलवेक अनुसार, नव पुल अपर हथीदह, ताल जंक्शन, रामपुर दुमरा, दिनकर ग्राम सिमरिया आ बरौनी जंक्शन सं जुड़त। पुरान गंगा पुल पर मात्र सिंगल लाइन अछि आ तकनीकी कारण सं समानांतर नव पुल बनाओल गेल अछि। एहि रेल परियोजनाक काज पूरा भेलाक बाद यात्री सभ कें बहुत राहति भेटि सकत।

# बिहारक यात्री सभक लेल हमसफर एक्सप्रेस मे बढ़त एसी बर्थ

**पटना, समदिया**

पटना आ बेंगलुरुक बीच यात्रा कएनिहार यात्री सभक लए रेलवे दिस सं राहतक खबर अछि। पटना-बेंगलुरु हमसफर एक्सप्रेस मे अतिरिक्त एसी कोचक सुविधा भेटला सं कन्फर्म टिकट भेटबाक उम्मीद बढ़ि गेल अछि। एहि निर्णयक सीधा लाभ आरा जंक्शन सं ट्रेन पकड़निहार आ उतरनिहार यात्री सभ कें सेहो भेटत। आरा मुख्यालय सहित पूरा भोजपुर जिला लए ई खबर एहि कारण सं सेहो महत्वपूर्ण अछि, कारण पैघ संख्या मे एतुक्का छात्र-छात्रा उच्च शिक्षा लए बेंगलुरु दिस रुख करैत छथि।

बेंगलुरु देशक प्रमुख शिक्षा आ आईटी हब होएबाक कारण भोजपुरक कतेको परिवारक बच्चा ओतय इंजीनियरिंग, मैनेजमेंट, कंप्यूटर सहित विभिन्न व्यावसायिक पाठ्यक्रमक पढ़ाइ कए रहल छथि। ओतहि जिलाक पैघ संख्या मे युवा बेंगलुरुक आईटी आ अन्य निजी कंपनी मे नौकरी सेहो करैत छथि।

एहन स्थिति मे पटना-बेंगलुरुक बीच नियमित आवागमन कएनिहार यात्री सभक लए हमसफर एक्सप्रेस बहुत महत्वपूर्ण ट्रेन अछि। खासकए छुट्टी, पर्व-त्योहार आ शैक्षणिक सत्रक दौरान एहि ट्रेन मे कन्फर्म टिकट केर मांग बहुत बढ़ि जाइत अछि। अतिरिक्त एसी कोच जुड़ला सं यात्री सभ कें वेटिंग टिकट सं राहति भेटबाक आ कन्फर्म सीट केर उपलब्धता बढ़बाक उम्मीद अछि। बेंगलुरु मे पढ़ाइ आ नौकरी कएनिहार युवा सभक कारण भोजपुर सं एहि शहरक बीच लगातार यात्री सभक आवागमन बनल रहैत अछि। आरा, जगदीशपुर, पीरो, बिहिया, कोईलवर सहित जिलाक विभिन्न क्षेत्र सं लोक पटना अथवा आरा केर रास्ता बेंगलुरु यात्रा करैत छथि। अतिरिक्त कोचक सुविधा सं मात्र छात्र आ नौकरीपेशा युवा सभ कें लाभ नहि होयत, बल्कि हुनकर अभिभावक आ परिवारक आन सदस्य सभक यात्रा सेहो आसान होएबाक उम्मीद अछि। खासकए गर्मीक छुट्टी, दशहरा, दीपावली, छठ आ अन्य प्रमुख अवसर पर घर आबि-जाएबला यात्री सभ कें एकर विशेष लाभ भेटि सकैत अछि। पटना-बेंगलुरु रेल मार्ग पर यात्रीक संख्या बेसी होएबाक कारण एसी श्रेणी मे कन्फर्म टिकट हासिल करब कतेको बेर चुनौतीपूर्ण भए जाइत अछि। यात्री सभ कें मास पहिने टिकट बुक करौलाक बादो वेटिंग लिस्टक सामना करए पड़ैत अछि।

एहन स्थिति मे अतिरिक्त एसी कोच लगाओल गेला सं ट्रेनक यात्री क्षमता बढ़त आ कन्फर्म टिकट भेटबाक संभावना सेहो बढ़ि सकैत अछि। रेलवे केर एहि निर्णय कें भोजपुरक यात्री सभक लए महत्वपूर्ण कदम मानल जा रहल अछि।

# डाक विभाग मे आब पेपरलेस होयत आरएमएस, एक मास मे रिपोर्ट देत समिति

## उच्चस्तरीय समितिक अध्यक्षता सीईपीटीक निदेशक विष्णु अंबरीश करताह

**पटना, समदिया**

डाक विभाग रेलवे मेल सर्विस अर्थात आरएमएस आ अन्य मेल कार्यालयक काजकाज कें पेपरलेस बनेबाक दिशा मे पैघ कदम उठाबए जा रहल अछि। विभाग वर्तमान कागजी रिकॉर्ड आ दस्तावेज पर निर्भरता कम करबाक लए एकटा उच्चस्तरीय समिति गठित केने अछि। समिति आरएमएस मे डाक प्राप्ति सं लए कए प्रसंस्करण, ट्रांसमिशन, डिस्पैच आ डिलीवरी धरि पूरा प्रक्रियाक समीक्षा करत। समिति कें एक मासक भीतर अपन रिपोर्ट देबाक होयत। डाक विभागक लक्ष्य आरएमएस आ अन्य मेल कार्यालयक काजकाज कें बेसी डिजिटल आ कम कागज आधारित बनायब अछि। एहि लए गठित समिति वर्तमान प्रक्रिया, रिकॉर्ड आ दस्तावेजक समीक्षा करत। समिति ई पता लगाओत जे कोन-कोन गतिविधि डिजिटल माध्यम सं संचालित कएल जा सकैत अछि।

प्रस्तावित बदलावक अंतर्गत डाकक प्राप्ति, प्रसंस्करण, ट्रांसमिशन, डिस्पैच आ डिलीवरी सं जुड़ल काज कें डिजिटल बनेबाक समाधान सुझाओल जाएत। एहि सं अलग-अलग चरण मे कागजी रिकॉर्ड राखबाक आवश्यकता कम करबाक प्रयास होयत।

समिति आरएमएस मे इस्तेमाल भए रहल विभिन्न एप्लीकेशन आ सॉफ्टवेयरक सेहो समीक्षा करत। एहि सभक बीच एकीकरण आ इंटरऑपरेबिलिटीक संभावना केर जांच कएल जाएत, जाहि सं अलग-अलग डिजिटल प्रणालीक बीच सूचना केर आदान-प्रदान बेसी प्रभावी तरहे भए सकय।

उच्चस्तरीय समितिक अध्यक्षता सीईपीटीक निदेशक विष्णु अंबरीश करताह। आवश्यकता अनुसार समिति डाक संचालन सं जुड़ल विशेषज्ञ सभ कें सेहो अपन संग शामिल कए सकत। एहि सं पेपरलेस व्यवस्था तैयार करय मे तकनीकी आ संचालन संबंधी पक्ष कें बुझए मे सहायता भेटत।



समिति मात्र कागज हटेबा धरि सीमित नहि रहत। ओ डिजिटल रिकॉर्ड तैयार करबाक, ओकर प्रमाणीकरण, रखरखाव आ आवश्यकता पड़ला पर रिकॉर्डक तुरंत खोजक व्यवस्था संबंधी सेहो सुझाव देत। एहि सं महत्वपूर्ण दस्तावेज कें डिजिटल रूप मे व्यवस्थित राखबाक व्यवस्था विकसित करए मे सहायता भेटि सकैत अछि।

पेपरलेस व्यवस्था लागू करैत समय आबयबला तकनीकी आ संचालन संबंधी समस्या सभक सेहो पहचान कएल जाएत। समिति एहि बाधा सभक समाधानक लए आवश्यक उपाय सुझाओत। एकर उद्देश्य एहन डिजिटल व्यवस्था तैयार करब अछि, जेकरा मेल कार्यालय सभ मे व्यावहारिक रूप सं लागू कएल जा सकय।

पेपरलेस व्यवस्था लागू भेलाक बाद ओकर निगरानी आ निरंतर अनुपालन सुनिश्चित करबाक लए प्रभावी मॉनिटरिंग सिस्टम तैयार करबाक सिफारिश सेहो समिति करत। एहि सं डिजिटल प्रक्रिया केर इस्तेमाल आ ओकर पालनक नियमित समीक्षा कएल जा सकत। समिति आवश्यकता अनुसार डाक विभागक संबंधित डिवीजन, विंग आ सर्किल सं संचालन संबंधी सुझाव लेत। एहि सं अलग-अलग स्तर पर काज कएनिहार मेल कार्यालयक व्यावहारिक आवश्यकता सभ कें प्रस्तावित डिजिटल व्यवस्था मे शामिल कएल जा सकत। डाक विभाग एहि संबंध मे 24 अगस्त 2026 कें कार्यालय पत्र जारी केने अछि। समिति कें कार्यालय ज्ञापन जारी भेलाक तिथि सं एक मासक भीतर अपन रिपोर्ट देबाक होयत। रिपोर्ट मे पेपरलेस व्यवस्था लागू करबाक लए जरूरी उपाय आ डिजिटल बदलाव सं जुड़ल सिफारिश शामिल रहत। डाक विभागक उद्देश्य आरएमएस आ मेल कार्यालयक काजकाज कें डिजिटल, तेज, पारदर्शी आ कम कागज आधारित बनायब अछि। जं समिति केर सिफारिशक आधार पर व्यवस्था लागू होइत अछि, तं मेल संचालन सं जुड़ल कतेको प्रक्रिया मे डिजिटल रिकॉर्ड आ तकनीकक भूमिका बढ़ि सकैत अछि।

# अपराधक योजना बनबैत दू बदमाश गिरफ्तार
# दू लोडेड कट्टा आ 37 गोली बरामद

## हत्या-लूट आ रंगदारीक मामिला मे बिरजूक आपराधिक इतिहास

**सिमरी बख्तियारपुर/ सहरसा, समदिया**



चिरैया थाना पुलिस शुक्रदिनक देर सांझ अपराधक योजना बनबैत दू बदमाश कें गिरफ्तार कए संभावित आपराधिक घटना कें टारि देलक। पुलिस गिरफ्तार आरोपित सभक लग सं दू लोडेड कट्टा, 37 गोली आ एक बिंडोलिया बरामद कएलक अछि। गिरफ्तार आरोपित सभक पहचान कनरिया थाना क्षेत्रक हसुलिया गामक वार्ड नंबर-5 निवासी सुकुमार यादवक पुत्र बिरजू यादव आ शंभु यादवक पुत्र अमरजीत कुमारक रूप मे भेल अछि। शनिदिन सिमरीबख्तियारपुरक प्रभारी एसडीपीओ धीरेंद्र कुमार पांडेय कार्यालय मे आयोजित प्रेस वार्ता मे कहलनि जे पुलिस अधीक्षकक निर्देश पर जिला मे अपराध नियंत्रण, फरार आ वांछित अपराधीक गिरफ्तारी तथा अवैध हथियारक विरुद्ध लगातार अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे चिरैया पुलिस कें ई सफलता भेटल।

**पुलिस कें देखिते भागय लगल बदमाश :** एसडीपीओ कहलनि जे शुक्रदिनक देर सांझ चिरैया थानाक रात्रि गश्ती पदाधिकारी-सह-अपर थानाध्यक्ष प्रेमचंद्र चौधरी वाहन जांच आ गश्ति करैत छलाह। एहि दौरान सूचना भेटल जे रेठी गाम मे साजो चौधरीक घरक सोझां पक्की सड़क पर दू संदिग्ध व्यक्ति ठाढ़ अछि आ कोनो पैघ आपराधिक घटना कें अंजाम देबाक तैयारी मे अछि। सूचना भेटिते पुलिस बलक संग घटनास्थल पर पहुंचला पर दुनू बदमाश भागय लगल। पुलिस पीछा करैत दुनू कें खदेड़ि कए पकड़ि लेलक।

**तलाशी मे भेटल हथियार आ कारतूस :** तलाशीक दौरान दुनूक लग सं दू लोडेड कट्टा बरामद भेल। कट्टा कें अनलोड कएलापर दू गोली भेटल, जखन कि एकटा बिंडोलिया सं 35 गोली बरामद कएल गेल। एहि प्रकार कुल दू कट्टा आ 37 गोली जब्त कएल गेल।

**बिरजू पर दर्ज अछि कतेको आपराधिक मामिला :** प्रभारी एसडीपीओ कहलनि जे बिरजू यादवक विरुद्ध हत्या, लूट आ रंगदारी सहित कतेको मामिला दर्ज अछि। खगड़िया रेल थाना मे सेहो हुनका विरुद्ध मामिला दर्ज अछि। पुलिस दुनू आरोपितक आपराधिक इतिहास आ कोनो गिरोह सं जुड़ल रहबाक संबंध मे जांच कए रहल अछि। दुनू आरोपित कें शनिदिन सहरसा न्यायालय मे प्रस्तुत कएल गेल।

# मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना सं मारर गाम मे जीविका सुधा बिक्री केंद्र शुरू

**मधुबनी, समदिया**

सात निश्चय योजना पार्ट-3 आ मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत जीविका आ कॉफेडक संयुक्त तत्वावधान मे मधुबनी जिलाक जगतपुर पंचायतक मारर गाम मे जीविका-सुधा बिक्री केंद्रक उद्घाटन जिलाधिकारी आनंद शर्मा फीता काटि कए केलनि।

सात निश्चय योजना-3 आ मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत जिलाक प्रत्येक पंचायत मे जीविका-सुधा बिक्री केंद्र खोलल जा रहल अछि। ई पहल ग्रामीण महिला कें आत्मनिर्भर बनेबाक संग-संग सुधाक उत्पाद कें ग्रामीण क्षेत्र धरि पहुंचाबय आ स्थानीय स्तर पर रोजगारक अवसर बढ़ेबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम अछि।

जीविका-सुधा बिक्री केंद्रक माध्यम सं ग्रामीण महिला कें स्वरोजगारक अवसर भेटत, जाहि सं ओ आर्थिक रूप सं सशक्त आ आत्मनिर्भर बनि सकतथि। संगहि



ग्रामीण क्षेत्रक लोक कें स्थानीय स्तर पर सुधाक गुणवत्तापूर्ण उत्पाद सहज रूप सं उपलब्ध होयत। एहि पहल सं महिला सशक्तीकरण आ स्वरोजगार कें बढ़ावा भेटबाक संग ग्रामीण अर्थव्यवस्था कें सेहो मजबूती भेटत। जिलाक प्रत्येक पंचायत मे जीविका-सुधा बिक्री केंद्रक स्थापना सं स्थानीय स्तर पर रोजगारक नव अवसर सृजित होयत आ ग्रामीण महिलाक आर्थिक भागीदारी कें प्रोत्साहन भेटत। मौका पर मिथिला दुग्ध उत्पादक सहकारी संघ लिमिटेडक प्रबंध निदेशक रविंद्र कुमार झा, प्रभारी पदाधिकारी चंदन कुमार, सहायक प्रबंधक मृणालिनी तिवारी, अमन कुमार, शंभू कुमार, निराला कुमार, जिला परियोजना प्रबंधक जीविका मो. वसीम अंसारी, पशु प्रबंधक जीविका मो. सुम्मी, कृषि प्रबंधक जीविका रणवीर चौधरी सहित अन्य संबंधित पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

## एक नजरि

### पोखरि मे डूबि किशोरक मृत्यु, पीड़ित परिवार कें विधायक देलनि चारि लाखक चेक



**दरभंगा।** केवटी प्रखंडक बारियोल निवासी अर्जुन झाक 14 वर्षीय पुत्र समर अर्जुन झाक पोखरि मे डूबि असामयिक मृत्यु भेला पर पीड़ित परिवार कें सरकारी सहायता राशि देल गेल। लहेरियासरायक डरहार स्थित आवासीय कार्यालय मे आयोजित कार्यक्रम मे आपदा प्रबंधन विभागक दिस सं चारि लाख रुपैयाक सरकारी चेक देल गेल। केवटी विधानसभा क्षेत्रक विधायक डॉ. मुरारी मोहन झा आ केवटीक अंचलाधिकारी रणधीर रमन संयुक्त रूप सं मृतक किशोरक पिता अर्जुन झा कें ?4 लाखक चेक सौंपलनि। एहि दौरान विधायक शोकाकुल परिवार कें ढाढ़स बन्हबैत गहींर संवेदना व्यक्त कएलनि। ओ कहलनि जे संतान कें खोयबाक पीड़ा अत्यंत दुखद आ अपूरणीय होइत अछि। एहि कठिन समय मे सरकार आ प्रशासन पीड़ित परिवारक संग ठाढ़ अछि। अंचलाधिकारी रणधीर रमन कहलनि जे घटना संबंधी सूचना भेटिते आपदा प्रबंधन विभागक प्रावधानक अंतर्गत आवश्यक कारबाइ शुरू कए देल गेल छल। एहि क्रम मे पीड़ित परिवार कें समय पर सरकारी सहायता राशि उपलब्ध कराओल गेल। ओ कहलनि जे आपदा सं प्रभावित परिवार सभ धरि नियमानुसार सहायता पहुंचयबाक लेल प्रशासन तत्पर अछि।

### अपहरण मामिला मे दोषी कें पांच वर्षक कारावास आ 50 हजार रुपैया अर्थदंडक सजा

**दरभंगा।** दरभंगा जिला पॉक्सो विशेष न्यायाधीश सुलेखा झाक अदालत एक नाबालिग बालिकाक अपहरणक जुर्म मे जाले थाना क्षेत्रक नवादा गाम निवासी मो. साबिरक पुत्र मो. जमाल कें पांच वर्षक कारावास आ 50 हजार रुपैयाक अर्थदंडक सजा सुनौने अछि। पॉक्सो अदालत एहि मामिलाक सुनवाइ पूरा कए 20 अगस्त कें मो. जमाल कें दोषी करार दैत जेल पठा देने छल। सजा निर्धारणक बिंदु पर सुनवाइ आ निर्णय लेल अदालत 29 अगस्तक तिथि निर्धारित केने छल। स्पेशल पीपी विजय कुमार पराजित कहलनि जे पीड़िता कें अभियुक्त मो. जमाल अपहरण कए दिल्ली लए गेल छल। बाद मे ओकरा सकरी मे आनि कए छोड़ि देलक। एहि मामिला मे 21 जुलाई 2016 कें संज्ञान लेल गेल छल आ आरोप गठित कएल गेल छल। अभियोजनक दिस सं सात गवाहक गवाही कराओल गेल तथा आठटा दस्तावेज अदालत मे प्रस्तुत कएल गेल। अदालत जाले थाना कांड संख्या-159/2014 सं बनल सत्रवाद संख्या-87/2017 केर सुनवाइ पूरा करैत अभियुक्त कें भारतीय दंड संहिताक धारा 363 (नाबालिगक अपहरण) मे पांच वर्षक कारावास आ 50 हजार रुपैयाक अर्थदंडक सजा सुनौने अछि।

### भूमि विवाद मे माइरपीटक बाद वृद्धक मृत्यु, दू आरोपित हिरासत मे



**सिंहवाड़ा।** सिमरी थाना क्षेत्रक भराठी पंचायतक भरवाड़ा टोल वार्ड नंबर-13 मे शुक्र दिन सांझ जमीनक विवाद कें लए कए दू पक्षक बीच मारपीट भए गेल। एहि दौरान 65 वर्षीय अमीरी सहनीक तबियत बिगड़ि गेल आ हुनकर मृत्यु भए गेल। घटना के सूचना भेटिते पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि शव कें कब्जा मे लए कए पोस्टमार्टम लेल डीएमसीएच पठा देलक। एहि मामिला मे पुलिस दू गोटे कें हिरासत मे लेने अछि। मृतकक पुत्री विमला देवी पुलिस कें बतौलनि जे बरख 2025 मे हुनकर पिता गांवक सुरेश सहनी सं जमीन खरीदने छलाह। आरोप अछि जे उक्त जमीन पर सुरेश सहनीक भाइक पुत्र मुनचुन सहनी, राजा सहनी आ गुड्डू सहनी कब्जा खाली नहि कए रहल छल। शुक्र दिन सांझ करीब सात बजे एहि विवाद कें लए कए तीनू गोटे हुनकर घर पर पहुंचि गाली-गलौज करऽ लगल। विरोध करबाक पर मारपीट शुरू भए गेल। परिजनक अनुसार, अमीरी सहनी ओहि समय घरक दुआर पर बैसल छलाह। विवादक दौरान हुनका धक्का लागल, जाहि सं हुनकर तबियत बिगड़ि गेल आ मृत्यु भए गेल। घटनाक सूचना पर कमतौल एसडीपीओ-2 एसके सुमन आ सिमरी थानाध्यक्ष अरविंद कुमार पुलिस बलक संग घटनास्थल पर पहुंचि स्थितिक जानकारी लेलनि। थानाध्यक्ष कहलनि जे राजा सहनी आ गुड्डू सहनी कें पुलिस अभिरक्षा मे राखल गेल अछि। आवेदन भेटलाक बाद प्राथमिकी दर्ज कए कानूनी कारबाइ कएल जायत। पुलिसक अनुसार, मृत्यु कोन कारण सं भेल, एकर वास्तविक पुष्टि पोस्टमार्टम रिपोर्ट अयलाक बादे होयत।

# हत्या वा दुर्घटना, उलझल पुलिस मृतकक हाथ मे बन्हल छल राखी

**झंझारपुर, समदिया**

झंझारपुर थाना क्षेत्रक चनौरागंज पेट्रोल पंपक पूब सनराइज ढाबाक लग पुलिया मे एक युवकक शव आ बाइक भेटलाक बाद पूरा इलाका मे सनसनी पसरि गेल। शनिदिन करीब साढ़े चारि बजे स्थानीय लोक पुलिया मे शव आ बाइक देखलाक बाद पुलिस कें सूचना देलनि। घटनाक सूचना भेटिते एसडीपीओ सुबोध कुमार सिन्हा, थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंह, सहायक थानाध्यक्ष बिहारी आलम सहित पुलिस पदाधिकारी घटनास्थल पर पहुंचलाह। घटना सुनि पैघ संख्या मे लोक सेहो घटनास्थल पर जमा भए गेलाह।

भारत पेट्रोलियम पेट्रोल पंप सं करीब 500 मीटर पूब सनराइज ढाबाक लग ईस्ट-वेस्ट कॉरिडोरक दरभंगा सं फुलपरास जायवाला लेन मे पानि बहबाक छोट पुलिया मे एकटा नव मॉडल ब्लैक रंगक अपाचे बाइकक संग युवकक शव भेटल। पुलिसक अनुसार बाइकक पंजीयन नंबर बीआर 39 डी 9549 अछि। शव कें पानि सं बाहर निकाललाक बाद युवकक दाहिना हाथ मे राखी बन्हल भेटल। ओ ब्लैक रंगक पैंट आ ब्लैक चेकवाला शर्ट पहिरने छल। शरीर पर तत्काल कोनो चोटक निशान नहि भेटल। हुनकर एकटा आंखि बंद आ दोसर आंखि पूरा खुलल छल, जखन कि पूरा शरीर कड़ा भए गेल छल।

पुलिसक अनुसार घटना रक्षाबंधनक दिन कोनो समय भेल होयबाक संभावना अछि। फिलहाल घटना हत्या अछि वा सड़क दुर्घटना, एकर जांच कएल जा रहल अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे पुलियाक बाउंड्री करीब तीन फीट ऊंच अछि। एहन स्थिति मे दुर्घटनाक बाद बाइक आ युवकक उछलि कए पानि मे खसबाक संभावना कम बुझाइत अछि। एहि कारण घटना पर कतेको सवाल उठि रहल अछि। झंझारपुर थाना पुलिस शव कें कब्जा मे लए कए पोस्टमार्टमक तैयारी मे जुटल अछि। संगहि मृतकक पहचान आ मृत्यु कें वास्तविक कारणक पता लगाबय लेल जांच शुरू कए देल गेल अछि।

# सड़क दुर्घटना मे महिलाक मृत्यु

**समस्तीपुर, समदिया**

सरायरंजन थाना क्षेत्रक सरैया पुल स्थित पेड़ा चौकक लग शुक्रदिन राति सड़क दुर्घटना मे बाइक सवार महिलाक मृत्यु भए गेल। मृतकाक पहचान दलसिंहसराय थाना क्षेत्रक मुख्तियारपुर वार्ड-5 निवासी अनिल कुमारक पत्नी रीना देवी (48) केर रूप मे भेल अछि। ओ रक्षाबंधनक अवसर पर अपन मायके गेल छलथि। ओतय भाइक कलाई पर राखी बांधि बेटाक संग बाइक सं घर लौटि रहल छलथि। एहि क्रम मे दुर्घटना भए गेल। मृतकाक पुत्र मृत्युंजय कुमार कहलनि जे रक्षाबंधनक अवसर पर ओ अपन मायके गेल छलथि आ हुनकर माय अपन भाइ कें राखी बांधलनि। तकर बाद दुनू बाइक सं घर लौटि रहल छलाह। सरैया पुलक लग पेड़ा चौकक समीप सामने सं आबि रहल एकटा फोर व्हीलरक तेज रोशनी बाइक पर पड़ल। तेज रोशनीक कारण बाइक असंतुलित भए गेल आ हुनकर माय सड़क पर खसि पड़लथि। दुर्घटना मे रीना देवीक माथ मे गंभीर चोट लागल। घटना उपरांत आसपासक लोकक सहयोग सं हुनका इलाज लेल अस्पताल लए जाओल गेल,



जतय चिकित्सक जांचक बाद हुनका मृत घोषित कए देलनि। घटनाक सूचना भेटिते पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि शव कें अपन कब्जा मे लए पोस्टमार्टम कराओलक। पोस्टमार्टमक बाद शव स्वजन कें सौंपि देल गेल। एएसपी संजय पांडेय कहलनि जे सड़क दुर्घटना मे महिलाक मृत्यु भेल अछि। मामिला मे प्राथमिकी दर्ज करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। दुर्घटना मे शामिल वाहन कें जब्त कए लेल गेल अछि। पुलिस घटनाक कारण आ संपूर्ण मामिलाक छानबीन कए रहल अछि। दुर्घटनाक बाद मृतकाक स्वजनक रोइ-रोइ कए बुरा हाल अछि। रक्षाबंधनक दिन भाइ कें राखी बांधि घर लौटि रहल महिलाक मृत्यु सं परिवारक पर्वक खुशी शोक मे बदलि गेल।

### सड़क दुर्घटना मे घायल युवकक इलाजक समय मृत्यु



**विद्यापतिनगर।** थाना क्षेत्रक हरपुर बोचहा स्थित प्रेम विहार पार्कक लग बृहस्पतिक सड़क दुर्घटना मे गंभीर रूप सं घायल तीन युवक मे सं एक गोटेक शनिदिन इलाजक दौरान मृत्यु भए गेल। मृतकक पहचान बाजिदपुर पंचायतक फरसा चौक वार्ड संख्या-3 निवासी राज कुमार पासवानक पुत्र छोटू कुमार (25) केर रूप मे भेल अछि। छोटूक इलाज पटना स्थित पीएमसीएच मे चलि रहल छल। शनिदिन इलाजक दौरान हुनकर मृत्यु भए गेल। ओतहि दुर्घटना मे घायल रौशन कुमार (26) आ संजीव कुमार (24) केर इलाज विभिन्न अस्पताल मे चलि रहल अछि। बताओल जाइत अछि जे दुर्घटनाक बाद स्थानीय लोकनिक सहयोग सं तीनू घायल कें सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र, विद्यापतिनगर पहुंचाओल गेल छल। प्राथमिक उपचारक बाद चिकित्सक सभ तीनूक गंभीर स्थिति देखैत नीक इलाज लेल रेफर कए देलनि। तकर बाद स्वजन घायल सभ कें लए पटना गेलाह। पीएमसीएच मे इलाजक दौरान शनिदिन छोटूक मृत्यु भए गेल। जानकारीक अनुसार छोटू कुमार आ रौशन कुमारक ससुराल सिमरी गाम मे एक्के परिवार मे अछि। रक्षाबंधनक अवसर पर दुनू अपन-अपन पत्नी संग ससुराल आएल छलाह। बृहस्पतिक दिन दुनू अपन मित्र नंदनी लगुनिया निवासी संजीव कुमारक संग एक्के बाइक पर सवार भए हरपुर बोचहाक दिस घुमय लेल निकलल छलाह। प्रेम विहार पार्कक लग कोनो कारण सं बाइक दुर्घटनाग्रस्त भए गेल। दुर्घटना मे बाइक पर सवार तीनू युवक सड़क पर खसि पड़लाह आ गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। दुर्घटना कोन कारण सं भेल, एकर स्पष्ट जानकारी एखन धरि सामने नहि आएल अछि।

# सोनकी पंचायत मे जीविका सुधा बिक्री केंद्रक डीएम कएलनि उद्घाटन

**दरभंगा, समदिया**

सदर प्रखंडक सोनकी पंचायत मे जिलाधिकारी कौशल कुमार जीविका-सुधा बिक्री केंद्रक फीता काटि आ दीप प्रज्वलित कए उद्घाटन कएलनि। एहि दौरान डीएम केंद्रक निरीक्षण कए उपलब्ध सुधा उत्पादक जानकारी लेलनि। ओ कहलनि जे जीविका-सुधा बिक्री केंद्र सं जीविका दीदी सभ कें रोजगार आ स्वरोजगारक अवसर भेटत तथा गाम-गाम धरि सुधाक गुणवत्तापूर्ण उत्पाद सहजतापूर्वक पहुंचत। बिहार सरकारक सात निश्चय-3 योजनाक अंतर्गत राज्यक सभ पंचायत मे



सुधा बिक्री केंद्र खोलबाक योजना अछि। सुधा आ जीविकाक संयुक्त प्रयास सं स्थापित होमय बला एहि केंद्र सभ लेल स्थान आ जीविका दीदीक चयन जीविका द्वारा कएल जायत। चयनित जीविका दीदी कें सुधाक खुदरा विक्रेता बनाओल जायत तथा सुधा डेयरी द्वारा उत्पादक नियमित आपूर्ति कएल जायत। दरभंगा जिला मे एखन धरि 266 पंचायत मे जीविका दीदी सभक चयनक प्रक्रिया चलि रहल अछि। सोनकी पंचायत मे आरती देवी, पति अनिल पंजीयार कें जिलाक पहिल जीविका-सुधा बिक्री केंद्र प्रदान कएल गेल अछि। सुधा डेयरीक प्रबंध निदेशक आरके झा जीविका दीदी सभ सं बेसी सं बेसी संख्या मे सुधा सं जुड़बाक अपील कएलनि। ओ कहलनि जे महिला सभ दूध उत्पादन, संग्रहण, विपणन आ बिक्री धरि पूरा प्रक्रिया मे भागीदारी कए आर्थिक रूप सं आत्मनिर्भर बनि सकैत छथि। मौका पर सुधा डेयरीक पदाधिकारी, डीपीएम जीविका डॉ. ऋचा गार्गी, श्रेया शर्मा सहित जीविका आ सुधा डेयरीक कर्मी तथा पैघ संख्या मे जीविका दीदी सभ उपस्थित छलथि।

# भिंडुआ पंचायत मे सड़क निर्माण मे अनियमितताक आरोप

**कुशेश्वरस्थान, समदिया**

प्रखंडक भिंडुआ पंचायत अंतर्गत केसुरिया गाम मे निमार्णाधीन सड़क मे भारी अनियमितताक आरोप लगाओल गेल अछि। वार्ड नंबर-4क वार्ड सदस्य संजय पंडित बीडीओ कें आवेदन दए निर्माण कार्यक जांच करबाक मांग केलनि अछि। आवेदनक प्रतिलिपि जिलाधिकारी आ एसडीओ कें सेहो पठाओल गेल अछि। आवेदन मे कहल गेल अछि जे सिकेंद्र मुखियाक खेत सं नागेंद्र राय कें खेत धरि करीब 200 मीटर लंबा सड़क निर्माण कराओल जा रहल अछि। आरोप अछि जे प्रधानमंत्री सड़क योजनाक अंतर्गत पहिने सं बनल नीक सड़क कें ट्रैक्टर सं तोड़ि कए क्षतिग्रस्त कए देल गेल। तकर बाद सड़क पर घटिया गुणवत्ता बला ईंट बिछा कए पीसीसी ढलाई करबाक तैयारी कएल जा रहल अछि। वार्ड सदस्य निर्माण स्थल पर योजना बोर्ड नहि लगाएल गेलाक पर सेहो सवाल उठौलनि अछि। हुनकर कहब अछि जे बोर्ड नहि रहबाक कारण योजनाक नाम, प्राक्कलित राशि आ संवेदकक जानकारी ग्रामीण कें नहि भए पाबि रहल अछि।

# दरभंगा आइटी पार्क मे राष्ट्रीय स्तरक कंपनीक खुजत शाखा, सूचना प्रौद्योगिकी क्षेत्रक हब बनत : सांसद

## सभ 76 सीट पर आइटी कंपनी सं स्टार्टअप शुरू करबाक पहल तेज

**दरभंगा, समदिया**

दरभंगा आइटी पार्क कें सूचना प्रौद्योगिकी आ नवाचारक प्रमुख केंद्र बनेबाक दिशा मे पहल तेज कए देल गेल अछि। 22 अगस्त कें बेंगलुरु मे देशक नामी आइटी कंपनी आ उद्यमी सभक संग भेल बैठकक आलोक मे आइटी पार्कक कुल 76 सीट पर क्षमताक अनुरूप स्टार्टअप शुरू करयबाक लेल शनिदिन आइटी पार्कक कार्यालय मे स्थानीय सांसद-सह-लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर आइटी पार्कक अधिकारी आ वर्तमान मे कार्यरत तीन आइटी कंपनीक उद्यमी सभक संग बैसार कए विस्तार सं समीक्षा कएलनि। बैठकक बाद सांसद डॉ. ठाकुर अधिकारी आ कंपनीक प्रतिनिधि सभक संग आइटी पार्कक निरीक्षण कए स्टार्टअप शुरू करबाक संबंध मे विभिन्न बिंदु पर चर्चा कएलनि।

सांसद डॉ. ठाकुर समीक्षा बैसार मे आइटी पार्कक कुल 75 सीटक माध्यम सं स्टार्टअप शुरू करबाक लेल अधिकारी सभ कें निर्देश दैत कहलनि जे दरभंगा मे सूचना प्रौद्योगिकी क्षेत्रक विस्तारक माध्यम




सं स्थानीय युवा सभक लेल तकनीक, रोजगार आ नव उद्यमक अवसर बढ़ेबाक दिशा मे तेजी सं पहल शुरू कए देल गेल अछि। सांसद डॉ. ठाकुर अधिकारी सभ कें ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक बिजनेस मैनेजमेंट सेंटर, इंजीनियरिंग कॉलेज तथा अन्य तकनीकी आ प्रबंधन संस्थानक छात्र-छात्राक इंटर्नशिप शुरू करयबाक लेल शिक्षण संस्थान सभक संग संवाद आ समन्वय स्थापित करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे वर्तमान मे अविकेयर, अप्लायंस सॉल्यूशन तथा ब्लू नियो कैंप नामक कंपनी द्वारा 6 सीट पर स्टार्टअपक काज कएल जा रहल अछि। शीघ्रहि बेंगलुरु बैसार मे भाग लेने वाली आइटी कंपनी आ उद्यमी सभ द्वारा दरभंगा आइटी पार्कक माध्यम सं स्टार्टअप शुरू कएल जायत। सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे 18 जुलाई 2025 कें देशक प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी द्वारा वर्चुअल माध्यम सं दरभंगा मे दस करोड़ टकाक लागत सं आइटी पार्कक शुभारंभ कएल गेल छल।

# अभया ब्रिगेडक पुलिस दीदी कें भेटल तीनटा स्कूटी आ दूटा मोटरसाइकिल

## महिला सुरक्षाक भेटत नव मजबूती

जयनगर, समदिया



महिला आ बालिकाक सुरक्षा व्यवस्था कें आरो सुदृढ़ आ प्रभावी बनेबाक उद्देश्य सं बिहार पुलिसक पुलिसदीदी अर्थात् अभया ब्रिगेड कें दू-पहिया वाहन सं लैस कएल जा रहल अछि। एहि क्रम मे जयनगरअनुमंडल मे अभया ब्रिगेड लेल तीन गोटा स्कूटी आ दू गोटा मोटरसाइकिल उपलब्ध कराओल गेल अछि। एहि संबंध मे जयनगर थाना परिसर मे डीएसपी सदानंद कुमार प्रेस वार्ताक माध्यम सं जानकारी देलनि। एहि अवसर पर थानाध्यक्ष रमन कुमार सेहो उपस्थित छलाह। डीएसपी कहलनि जे दू-पहिया वाहन उपलब्ध भेला सं महिला पुलिसकर्मी सभक क्षेत्र मे पहुंच आ गश्ती व्यवस्था आरो प्रभावी भए सकत। थानाध्यक्ष रमन कुमार कहलनि जे एहि वाहन सभक माध्यम सं अभया ब्रिगेडक महिला पुलिसकर्मी क्षेत्र मे नियमित गश्त करथिन। विशेष रूप सं स्कूल, कॉलेज, बाजार, सार्वजनिक स्थल आ महिला तथा छात्राक आवाजाही बला क्षेत्र मे निगरानी बढ़ाओल जायत। एहि सं कोनो महिला अथवा छात्रा कें परेशानी भेला पर पुलिस धरि पहुंचब आ तत्काल सहायता उपलब्ध करेनाइ सहज होयत। अभया ब्रिगेडक महिला पुलिसकर्मी दू-पहिया वाहनक माध्यम सं अपन निर्धारित क्षेत्र मे लगातार भ्रमण करथिन आ महिला तथा बालिका सं जुड़ल सुरक्षा सं संबंधित समस्या पर नजरि रखथिन। पुलिसक एहि पहल सं क्षेत्र मे महिला सुरक्षा व्यवस्था कें आरो मजबूती भेटबाक उम्मीद अछि। बिहार पुलिसक दिस सं 26 अगस्त कें पुलिस दीदी अर्थात् अभया ब्रिगेड लेल राज्यभरि मे 4,700 स्कूटर आ मोटरसाइकिल उपलब्ध करएबाक पहल शुरू कएल गेल अछि। एहि पहल कें उद्देश्य महिला पुलिसकर्मीक गतिशीलता बढ़ेबाक संगहि महिला आ बालिका लेल सुरक्षित वातावरण उपलब्ध करेनाइ अछि। जयनगर अनुमंडल मे तीन गोटा स्कूटी आ दूगोटा मोटरसाइकिल उपलब्ध भेला सं अभया ब्रिगेडक गश्ती व्यवस्था कें नव गति भेटत। एहि सं स्कूल-कॉलेज जाय वाली छात्रा, बाजार आबि रहल महिला आ सार्वजनिक स्थल पर आवाजाही करय वालीमहिलाक बीच सुरक्षाक भावना मजबूत होयबाक उम्मीद अछि। पुलिस अधिकारी सभक कहब अछि जे महिला पुलिसकर्मीक क्षेत्र मे सक्रिय उपस्थिति सं पुलिस आ आम लोकक बीच नीक संवाद आ समन्वय सेहो स्थापित होयत। जरूरत पड़ला पर महिला आ छात्रा पुलिस दीदी लग अपन समस्या साझा कए सकथिन। प्रेस वार्ताक दौरान अपर थानाध्यक्ष जीत कुमारी, पुलिस पदाधिकारी मोनिका कुमारी, खुशबू कुमारी, मनीषा कुमारी, नीतीश कुमार, सूरज कुमार, अमित कुमार सहित अन्य पुलिसकर्मी उपस्थित छलाह। जयनगर अनुमंडल मे अभया ब्रिगेड कें भेटल तीन गोटा स्कूटी आ दूगोटा मोटरसाइकिल कें महिला सुरक्षा व्यवस्था कें जमीनी स्तर पर आरो मजबूत करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम मानल जा रहल अछि।

# बिहार गानक रचयिता कवि सत्यनारायणक निधन पर कोठिया हाइस्कूल मे शोकसभा

झंझारपुर, समदिया



हमर राज्य गीत मेरे भारत के कंठहारक रचयिता वरिष्ठ कवि-गीतकार सत्यनारायण जीक निधन पर झंझारपुर प्रखंडक गोपाल नारायण प्लस टू उच्च विद्यालय, कोठिया मे श्रद्धांजलि सभाक आयोजन कएल गेल। विद्यालयक प्रभारी प्रधानाध्यापिका इंदू कुमारीक नेतृत्व मे ई शोकसभा आयोजित कएल गेल। शोकसभा मे प्रभारी प्रधानाध्यापिका इंदू कुमारी वरिष्ठ कविक निधन पर गहीर दुख व्यक्त करैत हुनकरव्यक्तित्व आ कृतित्व पर प्रकाश देलनि। ओ कहलनि जे वरिष्ठ कवि सत्यनारायण जीक निधन 28 अगस्तक भोर लगभग 3 बजे कदमकुआं, पटना स्थित हुनकर आवास पर भए गेल। ओ कहलनि जे बिहारक माटिक स्वर आ हमर राज्य गीतक रचयिताक निधनक समाचार अत्यंत पीड़ादायक अछि। जेपी आंदोलन सं लए कए बिहार शताब्दी धरि, हुनकर लेखनी बिहारक अस्मिता, संस्कृति आ जनचेतनाक स्वर देलक। ओ मात्र गीतकार नहि, बल्कि एक युगक साक्षी छलाह। इंदू कुमारी अपन स्मृति साझा करैत कहलनि जे 4 मार्च 2024 कें सचिवालय सभागार, पटना मे आयोजित अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवस सम्मान समारोह मे हुनका सं भेल भेंट हुनका लेल अविस्मरणीय अछि। एक शिक्षिका, शोधार्थी आ कवयित्रीक रूप मे हुनकर साधना कें देखब हमरा लेल सेहो प्रेरणादायक रहल। ओ कहलनि, हम अहांक रचना सभ पढ़ने छी आ अहांक साहित्य सं प्रेरणा लेने छी। ईश्वर अहांक पुण्यात्मा कें शांति दिअनि। बिहार जखन धरि रहत, अहांक गीत हमर कंठ मे गूंजैत रहत। शोकसभाक अवसर पर विद्यालयक शिक्षक-शिक्षिका आ छात्र- छात्रा सभ दिवंगत आत्माक शांतिक लेल दू मिनट मौन धारण कए प्रार्थना कएलनि।

# ऑपरेशन मुस्कान मे जयनगर पुलिस दूटा हरायल मोबाइल घुरौलक

जयनगर, समदिया



जयनगर थाना पुलिसक तत्परता आ तकनीकी दक्षताक सराहनीय उदाहरण सोझां आयल अछि। ऑपरेशनमुस्कानक अंतर्गत पुलिस दू गोटा हरायल मोबाइल बरामद कए हुनकर वास्तविक स्वामी सभ कें वापस कए देलक। एहि कारबाइ सं आम लोक मे खुशीक माहौल अछि आ पुलिसक कार्यशैलीक सराहना कएलजा रहल अछि। थानाध्यक्ष रमन कुमार आ पीएसआई नीतीश कुमारक नेतृत्व मे पुलिस दल त्वरित कारबाइ करैत सीईआईआर पोर्टलक सहायता सं दुनू मोबाइलक पता लगौलक आ ओकरा बरामद कए लेलक। जानकारीक अनुसार, जयनगर थाना क्षेत्रक वार्ड नंबर-14 निवासी घनश्याम कुमार यादव (उम्र 45 बरख), पिता शिवजी यादव आ जयनगर बस्ती पंचायत निवासी श्याम सागर लाल (उम्र 72 बरख) अपन- अपन मोबाइल हराएलाक शिकायत दर्ज करौने छलाह। बहुत खोजबीनक बादो जखन मोबाइल नहि भेटलनि, तखन दुनू गोटे थाना मे आवेदन देलनि। शिकायत भेटिते पुलिस मामिलाक गंभीरता सं लैत तकनीकी जांच शुरू कएलक आ सफलतापूर्वक दुनू मोबाइल बरामद कए लेलक। एकर बाद विधिवत प्रक्रिया पूरा कए मोबाइल हुनकर स्वामी सभ कें सौंपि देल गेल। मोबाइल वापस भेटलाक बाद दुनूव्यक्तिक चेहरा पर खुशी स्पष्ट रूप सं देखाइ पड़ल। दुनू गोटे जयनगर थाना पुलिसक प्रति आभारव्यक्त कएलनि। थानाध्यक्ष रमन कुमार आ पीएसआई नीतीश कुमार लोकनि सं अपील कएलनि जे मोबाइल हराएला अथवा चोरी भेला पर तत्काल थाना मे सूचना दिअ आ सीईआईआर पोर्टल पर शिकायत दर्ज कराउ, जाहि सं शीघ्र कारबाइ कएल जा सकय।

# आत्मचिंतन जीवन कें सही दिशा देबाक सब सं प्रभावी माध्यम : बीके विनीता

## झंझारपुर उपकारा मे ब्रह्माकुमारी दिस सं बंदी सभ कें बान्हल गेल राखी

झंझारपुर, समदिया



प्रजापिता ब्रह्माकुमारी ईश्वरीय विश्वविद्यालय, झंझारपुरक दिस सं उपकारा झंझारपुर मे रक्षाबंधन कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रम मे सेवाकेंद्र संचालिका बीके विनीता बहन बंदी बंधु-भाइ सभ कें आत्मा आ शरीरक विषय मे विस्तार सं जानकारी देलनि। संगहि राजयोग ध्यानक माध्यम सं गहनआत्मबोध कराओल गेल, जाहि सं सभ गोटे गहीर शांति आ शक्तिक अनुभूति कएलनि। एहि अवसर पर बीके विनीता बहन कहलनि जे आत्मचिंतन मनुष्यक जीवन कें सही दिशा देबाक सब सं प्रभावी माध्यम अछि। आत्मचिंतन सं हमरा सभ कें ई बुझबा मे सहायता भेटैत अछि जे हम कतय गलत छी आ कोन-कोन बात मे सुधारक आवश्यकता अछि। एकर माध्यम सं व्यक्ति मे आत्मविश्वास, संयम आ सकारात्मक सोचक विकास होइत अछि। ओ कहलनि जे जीवन मे कतेको समस्या आ चुनौती अबैत रहैत अछि, मुदा आत्मचिंतन करय बला व्यक्ति ओकरा सं घबराइत नहि अछि, बल्कि समाधान खोजबाक प्रयास करैत अछि। आत्मचिंतनक माध्यम सं मनुष्य अपन लक्ष्य कें स्पष्ट करैत अछि आ सफलता दिस आगू बढ़ैत अछि। कार्यक्रमक दौरान सभ बंदी भाइ कें राखी बांधि हुनकर उज्ज्वल भविष्यक मंगलकामना कएल गेल। एहि अवसर पर जेल अधीक्षक राकेश कुमार सिंह, बीके नीतू, बीके नीलम, बीके सरिता, बीके ममता, बीके कमलेश, बीकेरामसुंदर सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

# बॉर्डर पर सुरक्षा आ व्यापार कें बढ़ावा देब जरूरी : कमांडेंट

» एसएसबी, पुलिस आ व्यापारी संगठनक पदाधिकारी सभक संग समन्वय बैसार

## व्यापारी गुड्स लए बैतौन्हा-माड़र आ पिपरौन बॉर्डर सं करताह प्रवेश

जयनगर, समदिया



जयनगरक एसएसबी मुख्यालयक बाजार समिति सभागार मे एसएसबी, पुलिस आ व्यापारी संगठनक पदाधिकारी सभक संग समन्वय बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे बॉर्डर पर सुरक्षा व्यवस्था सहित व्यापारी सभक कारोबार सं जुड़ल कठिनाइ आ सीमा सं संबंधित अन्य मामिलाक विषय मे चर्चा कएल गेल। बैठकक अध्यक्षता एसएसबी कमांडेंट राजेंद्र कुमार कएलनि। बैसार मे अधिकारी सभ बॉर्डरक सुरक्षा सं जुड़ल दिशा-निर्देश सं व्यापारी सभ कें अवगत करौलनि। कहलनि जे बॉर्डर पर सुरक्षाक दृष्टिएं आवागमन करय बला सभ व्यक्ति लग पहचान-पत्र रहब अत्यंत आवश्यक अछि। व्यवस्थित ढंग सं मालवाहक वाहनक आवागमन लेल जिला मे बैतौन्हा-माड़र आ पिपरौन मे दू गोटा बॉर्डर चेकपोस्ट निर्धारित अछि। अधिकारी सभ व्यापारी सभ सं अपील कएलनि जे माल आनय अथवा लए जाय काल वैध ई-वे बिल, लाइसेंस आ आयात-निर्यात लाइसेंस सहित आवश्यक कागजात संग राखथि। ओतहि रोजमर्राक उपयोगक सामान लए कए आवागमन करय बला आम लोक पर कोनो रोक नहि रहत। कमांडेंटबनय बला आईसीटीक उपयोगिता आ ओकर लाभक संबंध मे सेहो जानकारी देलनि। कहलनि जे आईसीटीक उपयोग सं दुनू देशक बीच व्यापार कें बढ़ावा देब संभव होयत आ सीमावर्ती क्षेत्रक व्यापारिक गतिविधि आरो सुगम होयत। एहि दौरान व्यापारी संगठनक पदाधिकारी सभ व्यापारी सभ कें होमय बला कठिनाइ सभक समाधान लेल अपन सुझाव देलनि। व्यापारी संगठनक पदाधिकारी सभ सुरक्षाक लेल अपन सहमति व्यक्त करैत बॉर्डर पर जांच-पड़तालक दौरान व्यापारिक सामानक संबंध मे आवश्यक सहूलियत देबाक संगहि अन्य समस्याक समाधान दिस अधिकारी सभक ध्यान आकृष्ट करौलनि। कहलनिजे एहि सं बॉर्डर क्षेत्रक व्यापार कें बढ़ावा भेटत। बैसार मे एसएसबीक द्वितीय कमांडेंट हरेंद्र सिंह, डिप्टी कमांडेंट हरि नारायण जाट, डीएसपी सदानंद कुमार, जयनगर चैंबरक अध्यक्ष बैद्यनाथ ठाकुर, मुख्य सचिव पवन यादव, कैट अध्यक्ष प्रीतम बैरोलिया, कुलदीप कुमार, मधवापुर चैंबरक अध्यक्ष चेतन कुमार, बासोपट्टी चैंबरक पुरुषोत्तम पूर्वे, वीरेंद्र कुमार सहित सीमावर्ती प्रखंडक चैंबरक पदाधिकारी आ अन्य अधिकारी उपस्थित छलाह।

# सूचनाक अधिकार मे देरी आ अपूर्ण सूचना पर प्रथम अपील दायर

मधुबनी, समदिया

जयनगर अनुमंडल अस्पताल मे रोगी कल्याण समिति मार्फत वित्तीय बरख 2023-24, 2024-25 आ 2025- 26 मे कएल गेल खर्च सं संबंधित सूचना निर्धारित समय-सीमा मे पूर्ण रूप सं उपलब्ध नहि कराओलगेल। एहि मामिला मे भाकपा-मालेक जयनगर प्रखंड सचिव भूषण सिंह प्रथम अपीलीय प्राधिकार-सह- अनुमंडल पदाधिकारी, जयनगर दीपक कुमारक समक्ष सूचना अधिकार अधिनियम, 2005क धारा 19(1)क अंतर्गत प्रथम अपील दायर कएलनि। भूषण सिंह कहलनि जे ओ 13 जुलाई 2026 कें जयनगर अनुमंडलअस्पतालक उपाधीक्षक डॉ. कुमार रौनित सं तत्कालीन स्वास्थ्य प्रबंधक प्रभाष कुमार प्रशांतक कार्यकालक दौरान रोगी कल्याण समिति मार्फत कएल गेल विभिन्न खर्चक विस्तृत सूचना मांगने छलाह। आवेदन मे वर्षवार खर्च, बिल-वाउचर, भुगतान आदेश, स्वीकृति-पत्र, समितिक बैठकक कार्यवाही, आय-व्यय विवरण, अंकेक्षण प्रतिवेदन आ अन्य संबंधित अभिलेखक प्रमाणित छायाप्रति मांगल गेल छल। ओ कहलनि जे निर्धारित समय-सीमा मे पूर्ण सूचना उपलब्ध नहि कराओल गेल। एकर बाद 24 अगस्त 2026 कें पत्रांक-282क माध्यम सं करीब 42 दिनक बाद मात्र वर्षवार उपलब्ध राशि आ खर्च सं संबंधित संक्षिप्तजानकारी देल गेल। मुदा मांगल गेल बिल, वाउचर, भुगतान आदेश, स्वीकृति-पत्र, बैठकक कार्यवाही, आय- व्यय विवरण, अंकेक्षण प्रतिवेदन सहित अन्य अभिलेखक प्रमाणित प्रति उपलब्ध नहि कराओल गेल। भूषण सिंह कहलनि जे शेष अभिलेखक छायाप्रति उपलब्ध करबाक लेल 70,500 टाका जमा करबाक लेल कहल गेल अछि। ओ सवाल उठौलनि जे जखन निर्धारित समय-सीमा मे सूचना पूर्ण रूप सं उपलब्ध नहि कराओल गेल, तं एहन स्थिति मे एतेक पैघ राशि कोन आधार पर मांगल जा रहल अछि। ओ कहलनि जेसूचना अधिकार अधिनियमक धारा 7(6) अनुसार निर्धारित समय-सीमा मे सूचना उपलब्ध नहि कराओल गेलाक स्थिति मे सूचना निःशुल्क उपलब्ध कराओल जेबाक चाही। एहि लेल प्रथम अपीलीय प्राधिकार सं सभ मांगल गेल सूचना आ अभिलेख निःशुल्क उपलब्ध करएबाक तथा 70,500 टाकाक मांग समाप्त करबाक मांग कएल गेल अछि। जं अभिलेखक संख्या बेसी अछि तं पहिने अभिलेखक निरीक्षणक अवसर देबाक आ निरीक्षणक बाद चिन्हित पृष्ठ सभक प्रमाणित प्रति उपलब्ध करएबाक मांग सेहो कएल गेल अछि। भूषण सिंह आरोप लगौलनि जे रोगी कल्याण समितिक खर्च मे लाखो टाकाक कथित वित्तीय अनियमितताक आशंका अछि। ओ कहलनि जे बिल-वाउचर, भुगतान अभिलेख, स्वीकृति-पत्र आ अंकेक्षण प्रतिवेदन सामने एलाक बादे वास्तविक स्थिति स्पष्ट भए सकत।

# विद्यालय मे नशामुक्त भारत अभियान लेल जागरूकता कार्यक्रम आयोजित

जयनगर, समदिया




युवा आ विद्यार्थी सभ कें नशाक दुष्प्रभावक प्रति जागरूक करबाक आ समाज मे नशामुक्तिक संदेश पहुंचाबयक उद्देश्य सं 48वीं वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक एफ समवाय, कमला द्वारा 29 अगस्त2026 कें जयनगर उच्च विद्यालय मे नशामुक्त भारत अभियानक अंतर्गत जागरूकता कार्यक्रम आयोजितकएल गेल। कार्यक्रम मे विद्यालयक एनसीसी कैडेट सहित कुल 89 छात्र-छात्रा उत्साहपूर्वक भाग लेलनि।कार्यक्रमक दौरान विद्यार्थी सभ कें विभिन्न प्रकारक नशीला आ मादक पदार्थक सेवन सं होमय बलाशारीरिक, मानसिक, पारिवारिक आ सामाजिक दुष्प्रभावक संबंध मे विस्तारपूर्वक जानकारी देल गेल।विद्यार्थी सभ कें स्वयं नशा सं दूर रहबाक संगहि अपन परिवार, मित्र आ समाजक अन्य लोक कें नशाक दुष्परिणामक प्रति जागरूक करबाक लेल प्रेरित कएल गेल। एहि अवसर पर सहायक कमांडेंट हिमांशु भूषण मोहंती विद्यार्थी सभ कें संबोधित करैत नशाक गंभीर दुष्परिणामक संबंध मे जानकारी देलनि। ओविद्यार्थी सभ सं नशा सं दूर रहि शिक्षा, खेलकूद आ रचनात्मक गतिविधि मे सक्रिय रूप सं भाग लेबाकआह्वान कएलनि। सहायक कमांडेंट 48वीं वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंटक संदेश विद्यार्थी सभ धरि पहुंचबैत कहलनि जे देशक युवा सभ कें नशाक गिरफ्त सं बचेनाइ समाज आ राष्ट्रक उज्ज्वल भविष्य लेल अत्यंत आवश्यक अछि। युवा सभ कें नशा सं दूर रखबाक लेल परिवार, विद्यालय, समाज आसुरक्षा बल कें मिलि कए निरंतर प्रयास करबाक चाही। कार्यक्रमक दौरान सभ विद्यार्थी नशा सं दूर रहबाक आ भारत कें नशामुक्त बनेबाक अभियान मे अपन योगदान देबाक शपथ लेलनि। विद्यार्थी सभ स्वयं नशा सं दूर रहबाक संगहि अपन आसपासक लोक कें सेहो नशाक विरुद्ध जागरूक करबाक संकल्पलेलनि। कार्यक्रमक माध्यम सं विद्यार्थी आ स्थानीय समुदायक बीच नशा कें नहि, जीवन कें हांक संदेश पहुंचबैत नशामुक्त आ स्वस्थ समाजक निर्माणक संकल्प दोहराओल गेल।

# अंचल कार्यालय मे थाना दिवसक आयोजन

बिस्फी, समदिया

अंचल कार्यालयक सभागार मे शनिदिन थाना दिवसक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता अंचलाधिकारी शैलेंद्र कुमार यादव कएलनि। आयोजित जनता दरबार मे जमीन-जायदादक विवाद, दाखिल-खारिज, परिमार्जन सहित विभिन्न प्रमाण-पत्र सं संबंधित एक दर्जन सं बेसी मामिलाक सुनवाइ कएल गेल। जनता दरबार मे पहुंचल फरियादी सभक शिकायत अंचलाधिकारी, राजस्व पदाधिकारी आ थानाध्यक्ष गंभीरतापूर्वक सुनलनि। संबंधित मामिलाक निष्पादन लेल आवश्यक कारबाइ करैत तत्काल कतेको आवेदनक निष्पादन सेहो कएल गेल। एहि अवसर पर अंचलाधिकारी कहलनि जे जनता दरबारक उद्देश्य लोकक समस्याक त्वरित, निष्पक्ष आ शांतिपूर्ण समाधान करब अछि। ओ लोकनि सं कानून-व्यवस्था बनौने रखबाक आ कोनो विवादक स्थिति मे प्रशासनक पूर्ण सहयोग लेबाक अपील कएलनि। जनता दरबार मे आएल सभ मामिलाक शीघ्र निष्पादनक भरोसा सं सेहो लोकनि कें आश्वस्त कएल गेल। एहि अवसर पर राजस्व पदाधिकारी सविता कुमारी, पतौना थानाध्यक्ष अनुराग कुमार, औंसी थानाध्यक्ष आदित्य कुमार भगत सहित कतेको कर्मी उपस्थित छलाह।

# कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालय मे संस्कृत सप्ताह समारोह मे वृत्तचित्र प्रदर्शनक आयोजन

## एहि आयोजन मे शिमर फिल्म्स इंटरनेशनल, दरभंगाक विशेष सहभागिता रहत




दरभंगा, समदिया

कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय मे आयोजित संस्कृत सप्ताह समारोहक अवसर पर आगामी30 अगस्त 2026 कें दुपहर 2 बजे सं दरबार हॉल मे विशेष सांस्कृतिक कार्यक्रम आ वृत्तचित्र प्रदर्शनकआयोजन होयत। एहि आयोजन मे शिमर फिल्म्स इंटरनेशनल, दरभंगाक विशेष सहभागिता रहत।कार्यक्रम मे सुप्रसिद्ध गायक टिंकू झा आ तेजस-तेजस्वी भाय-बहिनक जोड़ी द्वारा गीत-संगीतक विशेष सांस्कृतिक प्रस्तुति देल जायत। एहि क्रम मे पंडित वाचस्पति मिश्रक जीवन, दर्शन, कृतित्व आ ज्ञान-परंपरा पर आधारित महत्वपूर्ण वृत्तचित्र सर्वतंत्र स्वतंत्र : पंडित वाचस्पति मिश्रक विशेष प्रदर्शन सेहो कएलजायत। ई वृत्तचित्र कला, संस्कृति एवं युवा विभाग, बिहार सरकार आ जिला प्रशासन, मधुबनी द्वारा निर्मित तथा शिमर फिल्म्स इंटरनेशनल आ गामघर द्वारा संपादित अछि। वृत्तचित्रक निर्देशन युवा फिल्मनिर्देशक सुमित सुमन द्वारा कएल गेल अछि। पंडित वाचस्पति मिश्र भारतीय दर्शन आ ज्ञान-परंपराक महत्वपूर्ण विद्वान छलाह। हुनकर बहुआयामी व्यक्तित्व, दार्शनिक चिंतन आ विद्वत् योगदान कें केंद्र मे राखि तैयार कएल गेल ई वृत्तचित्र मिथिलाक गौरवशाली बौद्धिक आ विद्वत् परंपरा कें जन-जन धरि पहुंचयबाक एक सार्थक प्रयास अछि। शिमर फिल्म्स इंटरनेशनल केर प्रतिनिधिक अनुसार, संस्कृत सप्ताह सन महत्वपूर्ण आयोजन मे सांस्कृतिक प्रस्तुति आ वृत्तचित्रक माध्यम सं संस्कृत, साहित्य, कला आ मिथिलाक ज्ञान-परंपरा सं नव पीढ़ी कें जोड़ब संस्था लेल गौरवक विषय अछि। संस्कृत, साहित्य, कला आ संस्कृतिक प्रति रुचि रखनिहार सभ लोक सं एहि विशेष आयोजन मे उपस्थित भए कार्यक्रम कें सफल बनयबाक लेल सादर आग्रह कएल गेल अछि।

# खेल दिवस पर मैदान मे दौड़ल प्रतिभा, शतरंज मे शिक्षक सभ देखौलनि अपन चालि

» एलएनएमएस कॉलेज मे विभिन्न खेल प्रतियोगिता, छात्र-छात्रा सभ बढ़चढ़ि कए लेलनि भाग



वीरपुर, समदिया

ललित नारायण मिश्र स्मारक महाविद्यालय, वीरपुर (सुपौल) मे शनिदिन मेजर ध्यानचंदक जयंती केंराष्ट्रीय खेल दिवसक रूप मे उत्साहपूर्वक मनाओल गेल। एहि अवसर पर महाविद्यालय परिसर मेविभिन्न खेल प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल। छात्र-छात्राक संगहि शिक्षक सभ सेहो प्रतियोगिता सभमे उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। 100 मीटर दौड़क बालिका वर्ग मे निमा कुमारी प्रथम स्थान प्राप्त कएलनि, जखन कि कल्पना कुमारीउपविजेता रहलनि। बालक वर्ग मे अमित कुमार विजेता आ अनुज कुमार उपविजेता रहलाह। 200 मीटर दौड़क बालिका वर्ग मे अमित कुमार विजेता रहलाह। ओतहि अनुज कुमार आ मणिकांत कुमार संयुक्त रूप सं उपविजेता रहलाह। म्यूजिकल चेयर प्रतियोगिता मे निशा कुमारी विजेता आ दिव्या कुमारी उपविजेता रहलनि। शिक्षक सभक बीच आयोजित शतरंज प्रतियोगिता मे डॉ. सुधांशु शेखर बाजी मारलनि,जखन कि डॉ. बीरेंद्र पासवान उपविजेता रहलाह।प्रतियोगिताक उद्घाटन करैत प्रधानाचार्य प्रो. (डॉ.) राजीव सिन्हा कहलनि जे राष्ट्रीय खेल दिवसक अवसरपर देशक महान हॉकी खेलाड़ी मेजर ध्यानचंद कें विशेष रूप सं स्मरण कएल जाइत अछि। ओ अपन शानदार खेलक माध्यम सं देशक गौरव बढ़ौलनि आ भारत कें कतेको बेर ओलंपिक मे स्वर्ण पदक दिलेबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। ओ विद्यार्थी सभ कें पढ़ाईक संगहि खेलकूद मे सेहो सक्रिय रूप सं भाग लेबाक लेल प्रेरित कएलनि। कार्यक्रम मे अंग्रेजी विभागाध्यक्ष डॉ. निहारिका प्रजापति, सीनेटर द्वय डॉ.सुभाषचंद्र राम, डॉ. सुधांशु शेखर सहित डॉ. बीरेंद्र पासवान, डॉ. रामनरेश राय, डॉ. राम अवतार कापर, डॉ.रजनीगंधा, डॉ. मुख्तार पासवान, डॉ. फ़ैज़ ए. सिद्दीकी, डॉ. कमल कंचन, बीरेंद्र ठाकुर, दीपक झा, मोहम्मद आलिम आ जयशंकर श्रीवास्तव सहित अन्य शिक्षक आ कर्मी उपस्थित छलाह।

## राष्ट्रीय खेल दिवस पर डीएम केलनि डुमरा इंडोर स्टेडियमक खेल कार्यक्रमक उद्घाटन

सीतामढ़ी, समदिया



मेजर ध्यानचंद जीक जयंतीक अवसर पर राष्ट्रीय खेल दिवस-2026क अंतर्गत फिट इंडिया अभियानक अंतर्गत स्थानीय डुमरा इंडोर स्टेडियम मे जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया विभिन्न खेल आ फिटनेस गतिविधिक उद्घाटन कएलनि। एहि अवसर पर खेलाड़ी आ उपस्थित युवा सभ कें खेलक प्रति प्रोत्साहितकरैत ओ स्वयं सेहो खेल गतिविधि मे भाग लेलनि। राष्ट्रीय खेल दिवसक अवसर पर जिलाक सभशैक्षणिक संस्थान मे 28 सं 30 अगस्त 2026 धरि विभिन्न खेलकूद आ फिटनेस गतिविधिक आयोजन कएल जा रहल अछि। एहि बरख राष्ट्रीय खेल दिवसक प्रमुख संदेश एक घंटा खेलक मैदान मे निर्धारितकएल गेल अछि। एकर अंतर्गत विद्यार्थी आ युवा सभ कें प्रतिदिन कम-सं-कम एक घंटा खेल आ शारीरिक गतिविधि लेल प्रेरित कएल जा रहल अछि। अभियानक दौरान जिला मे कबड्डी, भारोत्तोलन,बैडमिंटन, क्रिकेट सहित विभिन्न बाहरी आ भीतरी खेल गतिविधिक आयोजन कएल जा रहल अछि। एहि गतिविधिक उद्देश्य युवा सभ मे खेलक प्रति रुचि विकसित करबाक संगहि स्वस्थ जीवनशैली, अनुशासन, दल-भावना आ शारीरिक फिटनेस कें बढ़ावा देब अछि। एहि अवसर पर जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया कहलनि, खेल मात्र शारीरिक स्वास्थ्य लेल महत्वपूर्ण नहि अछि, बल्कि एहि सं अनुशासन, आत्मविश्वास, नेतृत्व क्षमता आ दल-भावनाक सेहो विकास होइत अछि।राष्ट्रीय खेल दिवस हमरा सभ कें ई संदेश दैत अछि जे स्वस्थ आ सशक्त समाजक निर्माण लेल खेल कें अपन दैनिक दिनचर्याक हिस्सा बनेनाइ आवश्यक अछि। एक घंटा खेलक मैदान मेक संदेश जिलाक प्रत्येक युवा आ विद्यार्थी धरि पहुंचल, एहि अभियानक उद्देश्य सेहो इएह अछि। ओ कहलनि जे जिला मे खेल प्रतिभा कें प्रोत्साहित करबाक आ युवा सभ कें खेल गतिविधि सं जोड़बाक लेल निरंतर प्रयास कएल जा रहल अछि। ओ सभ विद्यार्थी, युवा आ आम लोक सं खेल आ फिटनेस गतिविधि मे बढ़-चढ़ि कए भाग लेबाक तथा स्वस्थ जीवनशैली अपनएबाक अपील कएलनि। कार्यक्रमक दौरान उप विकास आयुक्त श्वेता भारती, अपर समाहर्ता विभागीय जांच राहुल कुमार, जिला शिक्षा पदाधिकारी, जिला खेल पदाधिकारी सहित अन्य संबंधित पदाधिकारी, प्रशिक्षक, खेलाड़ी आ पैघ संख्या मे युवा उपस्थित छलाह।

## सरकारक योजना आ उपलब्धि कें जनजन धरि पहुंचाबी : अशरफ अंसारी



सीतामढ़ी, समदिया

जिला जनता दल (यू) अल्पसंख्यक प्रकोष्ठक सांगठनिक समीक्षा बैसार शनिदिन इंडिया गेस्ट हाउसक सभागार मे आयोजित कएल गेल। बैसार मे पार्टीक पैघ संख्या मे कार्यकर्ता आ पदाधिकारी सभ भाग लेलनि। बैसार मे नीतीश कुमारक काज पर, गुफ्तगू आवाम सं कार्यक्रमक अंतर्गत सरकारक उपलब्धि आ जनकल्याणकारी योजना पर चर्चा कएल गेल। जदयू अल्पसंख्यक प्रकोष्ठक प्रदेश अध्यक्ष अशरफ अंसारीसंबोधित करैत कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे बिहार मे अल्पसंख्यक समाज कें विकासक मुख्यधारा सं जोड़बाक लेल कतेको महत्वपूर्ण कदम उठाओल गेल अछि। ओ कहलनि जे नीतीश कुमार जाति, धर्म आ मजहबक आधार पर राजनीति करबाक बदला समाजक सभ वर्गक विकास केंप्राथमिकता देलनि। ओ कहलनि जे पंचायती राज आ नगर निकाय चुनाव मे महिला आ अति पिछड़ा वर्ग कें आरक्षण दए राजनीतिक भागीदारी बढ़ेबाक काज कएल गेल। संगहि अल्पसंख्यक समाज लेल कब्रिस्तानक घेराबंदी, मदरसाक मौलवी सभक वेतन मे वृद्धि, मुस्लिम विद्यार्थी सभ कें स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजना सं जोड़ब तथा अल्पसंख्यक छात्रावासक निर्माण सहित कतेको योजना लागू कएल गेल अछि।प्रदेश अध्यक्ष कार्यकर्ता सभ सं संगठन कें बूथ स्तर धरि मजबूत बनेबाक आह्वान कएलनि। ओ कहलनि जे जिला सं प्रखंड आ प्रखंड सं पंचायत स्तर धरि अल्पसंख्यक प्रकोष्ठ कें मजबूत आ सक्रिय करबाकआवश्यकता अछि, जाहि सं सरकारक योजना सभक जानकारी आम लोक धरि पहुंचि सकय। बैठककअध्यक्षता जदयू जिलाध्यक्ष सत्येंद्र सिंह कुशवाहा कएलनि, जखन कि मंच संचालन सूफिया तसनीम कएलनि। बैसार कें अन्य नेता सभ सेहो संबोधित कएलनि।

# 1942 केर अमर शहीद सभक स्मृति मे शहीद दिवस आयोजित

सहरसा, समदिया



शहरक शहीद चौक पर शनिदिन 1942 केर अमर शहीद सभक स्मृति मे शहीद दिवस कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रम मे महापौर बैन प्रिया नेतृत्व करैत उपस्थित लोकनि अमर शहीद सभ कें श्रद्धापूर्वक नमन कएलनि। एहि अवसर पर महापौर शहीद सभक परिजन कें अंगवस्त्र प्रदान कए सम्मानित कएलनि। कार्यक्रम कें संबोधित करैत महापौर बैन प्रिया कहलनि जे देशक आजादी शहीद सभक त्याग, तपस्या, बलिदान आ समर्पणक परिणाम अछि। जिन वीर सपूत सभ देश लेल अपन सर्वस्व न्योछावर कए देलनि, हुनकर बलिदान कें कहियो बिसरल नहि जा सकैत अछि। शहीद चौक आ शहीद स्थल नव पीढ़ी कें देशभक्ति आ राष्ट्रक प्रति समर्पणक प्रेरणा दैत रहत। ओ कहलनि जे ई शहीद स्थल दिवंगत पूर्व विधायक संजीव झाक गौरव छल। ओ एहि स्थल कें सहेजबाक आ शहीद सभक स्मृति कें जीवंत बनौने रखबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। आइ सभक दायित्व अछि जे शहीद सभक सपनाक भारतक निर्माण मे अपन योगदान दिअ आ हुनकर त्यागक गाथा आगांक पीढ़ी धरि पहुंचाबी। महापौर कहलनि जे शहीद सभक परिजनक सम्मान करब वास्तव मे अमर शहीद सभक प्रति सम्मान अछि। हुनकर परिवारसभ सेहो देश लेल पैघ कुर्बानी देने छथि। कार्यक्रमक संयोजक बजरंग गुप्ता कहलनि जे 1942 केर आंदोलन मे सहरसाक वीर सपूत सभ महत्वपूर्ण भूमिका निभौने छलाह। हुनकर बलिदान कें स्मरण रखब आ युवा पीढ़ी कें एहि सं अवगत करेनाइ सभक जिम्मेदारी अछि। मौका पर दिलीप राय, पारस झा, रौशन माधव, सुजीत सान्याल, राजू मिश्रा, पुनीत आनंद, आशीर्वाद झा, संजीव प्रियश्री, विनोद स्वर्णकार, विष्णु स्वर्णकार, अजीत यादव, अमरजीत यादव, संजीव झा, गौरव ठाकुर सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

# हरियाणाक हड़ताली कर्मचारी सभक समर्थन मे महासंघ कएलक प्रदर्शन




सहरसा, समदिया

अखिल भारतीय राज्य सरकारी कर्मचारी महासंघक आह्वान पर बिहार राज्य अराजपत्रित कर्मचारी महासंघक तत्वावधान मे शनिदिन कोशी प्रोजेक्ट परिसर मे भोजनावकाशक समय प्रदर्शन कएल गेल।प्रदर्शनक माध्यम सं हरियाणा नगरपालिका कर्मचारी संघ आ हरियाणा अग्निशमन कर्मचारी सभक विगतछह अगस्त सं चलि रहल अनिश्चितकालीन हड़तालक समर्थन मे देशव्यापी कर्मचारी एकताक संदेश देलगेल। जिला मंत्री शरद कुमार कहलनि जे हरियाणाक कर्मचारी सभ अपन जायज आ मूलभूत मांग कें लए कए संघर्षरत छथि, मुदा राज्य सरकार हुनका सभक प्रति दमनात्मक रवैया अपना रहल अछि। ओ सरकार सं कर्मचारी सभक विरुद्ध जोर-जुलुम आ दमनक कारबाइ अविलंब बंद करबाक मांग कएलनि। ओ चेतावनी देलनि जे जं मांगक अनदेखी जारी रहल तं राष्ट्रीय स्तर पर आंदोलन कें आरो तेज कएलजायत। जिला महासंघक अध्यक्ष प्रभात कुमार सिंह हरियाणाक आंदोलनरत कर्मचारी सभक मांगक समर्थनकरैत कहलनि जे कर्मचारी सभक समस्या समाधान लेल देशभरक कर्मचारी एकजुट छथि। ओ जानकारी देलनि जे पुरान पेंशन योजना लागू करबाक मांग कें लए कए आगामी एक सितंबर कें राज्यक सभ जिला मुख्यालय पर भोजनावकाशक समय प्रदर्शन कएल जायत। एहि दौरान ब्लैक डे मनबैत सरकारक ध्यान कर्मचारी सभक मांग दिस आकृष्ट कराओल जायत। प्रदर्शन मे ललित नारायण मिश्र, रमण कुमार, सूरज, समरेंद्र सिंह, अनीस, उमेश यादव, खगेश सिंह, अमित भारद्वाज, कौशल ओझा सहित महासंघक अन्य सदस्य उपस्थित छलाह।

## तीन मास मे बाल श्रम मुक्त पंचायत बनेबाक पहल, बाजपट्टीक तीन पंचायतक चयन

सीतामढ़ी, समदिया

बाजपट्टी प्रखंड मे प्रखंड विकास पदाधिकारी वरुण केतनक अध्यक्षता मे प्रखंडस्तरीय बाल कल्याण आ संरक्षण समितिक बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे बाल श्रमक रोकथाम आ उन्मूलन पर विशेष रूपसं चर्चा करैत प्रखंडक पिपराही, मदारीपुर आ रतवारा पंचायत कें आगामी तीन मास मे सामूहिक आ समन्वित प्रयास सं बाल श्रम मुक्त पंचायत बनेबाक लक्ष्य लेल चयनित कएल गेल। बैसार मे बाल श्रमक रोकथाम लेल पंचायत स्तर पर संबंधित विभाग, पंचायत प्रतिनिधि, जीविका समूह, समुदाय आ अदिथी कवच परियोजना संग समन्वय स्थापित कए बाल श्रम कराओल जा रहल बच्चा सभक पहचान, हुनकर संरक्षण आ पुनर्वास तथा हुनका शिक्षा सं जोड़बाक दिशा मे प्रभावी कारबाइ करबाक आवश्यकता पर जोर देल गेल। प्रखंड विकास पदाधिकारी चयनित तीनू पंचायत मे बाल श्रमक स्थिति केंचिन्हित करबाक आ निगरानी व्यवस्था कें मजबूत करबाक संगहि संबंधित विभाग आ हितधारक सभक संयुक्त प्रयास सं निर्धारित समयावधि मे लक्ष्य प्राप्त करबाक लेल आवश्यक समन्वय सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। बैसार मे बाल विवाहक रोकथाम लेल अदिथी कवच परियोजना, जीविका आ अन्य संबंधित हितधारक सभक संयुक्त सहयोग सं व्यापक जनजागरूकता अभियान चलयबाक विषय पर सेहो विचार-विमर्श कएल गेल। ओतहि बाल दुर्व्यापारक रोकथाम लेल प्रखंड क्षेत्रक संवेदनशील स्थान आ संभावित हॉटस्पॉट कें चिन्हित कए जागरूकता, निगरानी आ रोकथाम संबंधी गतिविधि कें प्रभावी बनेबाक रणनीति तैयार कएल गेल। एकर संगहि परवरिश योजनाक पात्र बच्चा सभक पहचान कए हुनका नियमानुसार योजनाक लाभ दिलेबाक लेल प्रखंड विकास पदाधिकारी संबंधित पदाधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि।

# महिषी मे दिव्य संस्कृतोत्सवक आयोजन, संस्कृत संरक्षणक लेल लेल गेल संकल्प

सहरसा, समदिया



श्री उग्रतारा शक्तिपीठ एवं भारती मंडनक तत्वावधान मे उग्रतारा वेद विद्या केंद्रक सौजन्य तथा युवा प्रतिभा विकास वर्धन मिश्रक संयोजकत्व मे देवभाषा संस्कृत दिवसक अवसर पर दिव्य संस्कृतोत्सवक आयोजन कएल गेल। विश्व संस्कृत दिवस पर महिषीक ऐतिहासिक धरती पर आयोजित एहि कार्यक्रम मे सैकड़ो ग्रामीण, आगंतुक, संस्कृतप्रेमी तथा वैदिक गुरुकुलक बालक-बालिका सभ भाग लेलनि। कार्यक्रमक शुभारंभ पूर्व प्राचार्या डॉ. रेणु सिंह, प्रखंड विकास पदाधिकारी रूपेश राय, नंद कुमार चौधरी सहित स्थानीय अतिथि सभ दीप प्रज्वलित कए कएलनि। मंगलाचरण आ सारस्वत श्लोकक गूंज सं पूरा वातावरण आध्यात्मिक आ संस्कृतमय भए गेल। एहि दौरान बाल प्रतिभागी सभक बीच शास्त्रार्थ, श्लोक अंत्याक्षरी,संस्कृत संभाषण सहित विभिन्न प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल। संयोजक विकास वर्धन मिश्र कहलनि जे आचार्य शत्रुघ्न चौधरी कतेको बरख पहिने महिषीक पौराणिक प्रतिष्ठा कें पुनर्जीवित करबाक संकल्प लेने छलाह। तकर बाद हजारो बालक-बालिका कें संस्कृत भाषा आ सनातन परंपरा सं जोड़बाक काज कएल गेल। आचार्य शत्रुघ्न चौधरी कहलनि जे संस्कृत विश्वक प्राचीन भाषा सभ मे सं एक अछि आ एकर संरक्षण-संवर्धनक आवश्यकता अछि। ओ कहलनि जे महिषी स्वतः प्रमाणम्क धरती अछि, जतयकहियो पानि भरय वाली सेविका सं लए कए सुग्गा धरि संस्कृत मे संवाद करैत छल। ओ संस्कृत कें शिक्षा, संस्कृति आ रोजगार सं जोड़बाक आवश्यकता पर जोर देलनि।

राजघाट छर्रापट्टी सं जल लए 85 किलोमीटर दौड़ैत पहुंचताह बाबा नगरी

## हरिद्वारक तर्ज पर फास्ट डाक बम करताह मटेश्वरनाथक जलाभिषेक

सिमरी बख्तियारपुर, समदिया

### सांझ मे सजत सांस्कृतिक संध्या



भाद्र मासक पहिल रविदिनक अवसर पर रविदिन बाबा मटेश्वर धाम मे आस्था आ भक्तिक अद्भुत नजारा देखबा कें भेटत। हरिद्वारक तर्ज पर दर्जनों फास्ट डाक बम मुंगेरक राजघाट छर्रापट्टी सं गंगाजल लए करीब 85 किलोमीटरक दूरी दौड़ैत तय कए बाबा मटेश्वरनाथक शिवलिंग पर जलाभिषेक करताह। डाक बम सभक जत्था शनिदिन छर्रापट्टी लेल रवाना भेल। युवा क्रांति डाक कांवर संघक तत्वावधान मे आयोजित एहि डाक कांवर यात्रा कें लए कए श्रद्धालु सभ मे खासा उत्साह अछि। फास्ट डाक बम रविदिन बाबा नगरी पहुंचि जलाभिषेक करताह। एकर बाद बाबा मटेश्वरनाथक विशेष श्रृंगार पूजा कएल जायत। जलाभिषेक कें लए कए मंदिर परिसर मे श्रद्धालु सभक भारी भीड़ उमड़बाक संभावना अछि। आयोजन कें लए कए संघक सदस्य सभ आवश्यक तैयारी पूरा कए लेने छथि।जलाभिषेकक बाद रविदिन सांझ मटेश्वर धाम परिसर मे भव्य सांस्कृतिक संध्याक आयोजन कएल जायत। कार्यक्रम मे इंडियन आइडल सं जुड़ल सुप्रसिद्ध गायक निखिल महादेव झा अपन प्रस्तुति देताह। ओतहि झारखंडक चर्चित गायिका पल्लवी झा आ सुप्रसिद्ध गायिका रोहिणी सिंह सेहो अपन प्रस्तुति सं श्रद्धालु सभक मनोरंजन करताह। एकर अतिरिक्त रिजूल शर्माक समूह नृत्य तथा नेशनल चैंपियन स्ट्रीट डांस ग्रुपक दिस सं आकर्षक झांकी आ नृत्यक प्रस्तुति देल जायत। धार्मिक आस्था आ सांस्कृतिक कार्यक्रमक संगम सं रविदिन सांझ मटेश्वर धाम मे भक्तिमय आ उत्सवी माहौल रहबाक उम्मीद अछि।आयोजक सभ बेसी सं बेसी श्रद्धालु कें कार्यक्रम मे शामिल होमयक लेल अपील कएलनि।

## संभावित जल संकट सं निपटबाक लेल सभ विभाग पूरा तत्परता सं काज करय : डीएम

सीतामढ़ी, समदिया



कम वर्षाक कारण संभावित जल संकटक स्थिति कें देखैत जिलाधिकारी तनय सुल्तानियाक अध्यक्षता मे विमर्श सभा कक्ष मे लोक स्वास्थ्य प्रमंडल, सीतामढ़ीद्वारा संचालित पेयजलापूर्ति योजनाक विस्तृत समीक्षा बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे जिलाक पेयजल उपलब्धता, हर घर नल का जल योजनाक वर्तमान स्थिति, भू-जल स्तरक स्थिति आ वैकल्पिक पेयजल व्यवस्थाक समीक्षा कएल गेल। बैसार मे जिलाधिकारी स्पष्ट निर्देश देलनि जे अनुरक्षक सभक लंबित भुगतान शीघ्र करबैत सभ बंद पड़ल नल-जल योजना कें चालू करेनाइ सुनिश्चित कएल जाय। सभ बीडीओ आ सभ बीपीआरओ अगिला बैसार सं पहिने चालू आ बंद पड़ल योजना सभक अद्यतन स्थिति सं संबंधित प्रतिवेदन उपलब्ध कराओत। सभ बीडीओ अपन-अपन प्रखंड मे नियंत्रण कक्ष संचालित करब सुनिश्चित करथि आ स्थानीय स्तर पर एकर व्यापक प्रचार-प्रसार करथि। बैसार मे उपस्थित पीएचईडी कें विद्युत विभाग आ अन्य विभाग सभ सं समन्वयस्थापित कए एहि दिशा मे काज करबाक निर्देश देल गेल। विभिन्न कार्यकारी एजेंसी सभ कें निर्देश देल गेल जे जे टोल सभ मे नल-जल योजना आबि धरि चालू नहि भए सकल अछि, ओतय काज मे गति आनि योजना कें पूरा करथि। एहि काज मे कोनो प्रकारक शिथिलता अथवा धीमी गति भेटलापर संबंधित एजेंसीक विरुद्ध कड़ा कारबाइ कएल जायत। जिलाधिकारी काज मे लापरवाही अथवा शिथिलता बरतय बला एजेंसीक विरुद्ध अनुशासनात्मक कारबाइ करबाक सेहोकहलनि। जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया स्पष्ट कहलनि जे जिलाक कोनो गाम अथवा टोल मे पेयजलसंकट उत्पन्न नहि होमय देल जाय। सभ संबंधित विभाग आपसी समन्वयक संग त्वरित कारबाइसुनिश्चित करथि।जिलाधिकारी छूटल टोल सभ मे हर घर नल का जल योजनाक निर्माण काज मे तेजी अनबाक तथा पंचायत राज विभाग सं हस्तांतरित योजना सभक नियमित मरम्मत आ रखरखाव लेल प्रत्येक पंचायत मे मरम्मत दलक उपलब्धता सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। एकर अतिरिक्त जिलाधिकारी निर्देश देलनि जे सभ पेयजल योजनाक प्रतिदिन भौतिक निरीक्षण कएल जाय आ खराब मोटर, पाइपलाइन, वाल्व अथवा विद्युत संबंधी खराबीक 24 घंटाक भीतर निराकरण सुनिश्चित कएल जाय। बैसार मे उप विकास आयुक्त श्वेता भारती, अपर समाहर्ता, आपदा प्रबंधन बृजकिशोर पांडेय, डीपीआरओ कमल सिंह, कार्यपालक अभियंता पीएचईडी, सभ कनीय अभियंता पीएचईडी आ सभ कार्यकारी एजेंसीक प्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

# धर्मांकुर : लव-कुश मे रामक मर्यादा, सीताक करुणा आ प्रश्न करबाक साहस



मनस्विन मनु

महर्षि वाल्मीकिक आश्रम मे पलि-बढ़ि रहल दू बालक - लव आ कुश। ओ सभ अपन गुरुक मुख सं ने जानि कतेको बेर मयार्दा पुरुषोत्तम श्रीरामक कथा सुनने होयताह। अपन गुरु कें रामभक्ति मे निमग्न देखैत रहल होयताह। रामक नाम धीरे-धीरे हुनका सभक जीवनक सहज ध्वनि बनि गेल होयत। हुनका लेल राम मात्र अयोध्याक दूर बैसल राजा नहि छलाह, बल्कि सद्गुण, न्याय आ धर्मक प्रतीक छलाह। मुदा रामकथा सुनैत-सुनैत एक एहन प्रसंग सेहो आयल होयत, जे दुनू बालकक मोन कें भीतर धरि स्पर्श कए गेल होयत। ओ सभ सुनलनि जे एक धोबीक कथनक बाद राम अपन गर्भवती पत्नी सीता कें वन पठा देलनि। ताहि समय धरि हुनका ई ज्ञात नहि छलनि जे जाहि सीताक पीड़ाक कथा ओ सभ सुनि रहल छथि, वएह हुनकर अपन माता छथि। आश्रम मे हुनकर माताक परिचय वनदेवीक रूप मे छल।

तैयो ओहि प्रसंग सं हुनकर भीतर एकटा प्रश्नक जन्म भेल। ओ प्रश्न विद्रोह सं उत्पन्न नहि भेल छल। ताहि मे रामक प्रति घृणा सेहो नहि छल। ओ एकटा स्त्रीक पीड़ा देखि कए उत्पन्न भेल प्रश्न छल। लव-कुश पहिने पीड़ा कें देखलनि, तकर बाद व्यक्ति कें। एहि कारणें हुनकर व्यक्तित्व असाधारण बनि जाइत अछि।

ओ सभ राम कें अपन शत्रु नहि मानलनि। हुनका सभक रामक प्रति प्रेम सेहो छल आ सम्मान सेहो। मुदा हुनका लागल जे जाहि बात कें ओ अन्याय बुझैत छथि, ताहि पर प्रश्न करब आवश्यक अछि। श्रद्धा मनुष्य कें मौन बना दे, ई आवश्यक नहि। असल श्रद्धा कखनो-कखनो अपन आराध्य सं सेहो प्रश्न करबाक साहस दैत अछि।

एहि मन:स्थिति मे ओ सभ रामक अश्वमेध यज्ञक घोड़ा कें रोकि देलनि। एक दिस अयोध्याक सेना छल आ दोसर दिस दू किशोर बालक। हुनकर हाथ मे अस्त्र-शस्त्र छल, मुदा ताहि सं पैघ हुनकर अपन धर्मबोध पर विश्वास छल।

लव-कुशक चरित्र कें देखला सं बुझाइत अछि जे हुनकर निर्माण मात्र एकटा संस्कार सं नहि भेल छल। हुनका सभ मे वाल्मीकिक शिक्षा छल, सीताक स्नेह आ संस्कार छल आ रामक रक्त सं प्राप्त ओ विरासत सेहो छल, जाहि मे मयार्दा, धर्म आ तेज समाहित छल। ई तीनू धार मिलि कए हुनकर व्यक्तित्व कें आकार दैत अछि।

हुनकर साहस मे रामक छाया देखाइत अछि। आखिर ओ सभ ककर पुत्र छलाह? ओही रामक, जे पिताक आज्ञा आ कैकेयी कें देल वचनक मयार्दा रखबाक लेल राजपाट त्यागि देने छलाह। ओही रामक, जे अपन जीवन मे एहन कतेको लोकक प्रति सम्मान बनौने रखलनि, जाहि सं हुनकर कोनो निजी स्वार्थ नहि छल।



रामक चरित्र मात्र रणभूमि मे देखाइ पड़निहार पराक्रम नहि छल। ताहि मे संबंधक गरिमा सेहो छल। कैकेयी सं लए कए शबरी धरि आ विभीषण सं लए कए मंदोदरी धरि रामक व्यवहार ई बतबैत अछि जे हुनका लेल मनुष्यक मूल्य मात्र ओकर सामाजिक स्थान अथवा तत्काल संबंध सं निर्धारित नहि होइत छल।

लव-कुश मे सेहो एहि मानवीय दृष्टिक दर्शन होइत अछि। ओ सभ कोनो अपरिचित स्त्रीक पीड़ाक कथा सुनि कए विचलित भए जाइत छथि। हुनका ई जनबाक आवश्यकता नहि पड़ैत अछि जे ओ स्त्री हुनकर अपन माता छथि। पीड़ा हुनका लेल पर्याप्त कारण अछि। युद्धक प्रसंग सेहो एहि दिस संकेत करैत अछि। अयोध्याक सेनाक समक्ष ठाढ़ होयबाक साहस ओहि बालक सभ मे छल, मुदा साहसक संग संयम सेहो छल। रामकथाक विभिन्न परंपरा मे एहि युद्धक प्रसंगक अलग-अलग विस्तार भेटैत अछि, तैयो लव-कुशक छवि एहन बालकक रूप मे उभरैत अछि, जे शक्ति कें मात्र वधक साधन नहि मानैत छथि।

ई बात हुनकर पिताक स्मरण करबैत अछि। राम सेहो युद्ध कें मात्र प्रतिशोधक रूप नहि देलनि। रावणक विरुद्ध निर्णायक संघर्ष सं पूर्व हुनका समझेबाक आ वापस लौटबाक अवसर देलनि। हुनका लेल युद्धक उद्देश्य मात्र शत्रुक विनाश नहि, बल्कि धर्मक स्थापना छल।

लव-कुश कें अपन पिता सं विवेकक विरासत सेहो प्राप्त भेल छल। राम विभीषण कें मात्र एहि कारण अस्वीकार नहि कएलनि जे ओ शत्रुक भ्राता छलाह। ओ हुनकर शरणागति आ चरित्र कें देखलनि। एही दृष्टिएं मनुष्य कें परिस्थिति सं आगू बढ़ि कए बुझबाक क्षमता दैत अछि।

रामक चरित्रक एकटा आओर विशेषता छल जे ओ कोनो व्यक्तिक गुण कें ओकर एकटा गलतीक कारण पूर्णतः अस्वीकार नहि करैत छलाह। रावण कें पराजित कएलाक बाद लक्ष्मण कें ओही रावण सं राजनीतिक शिक्षा लेबाक लेल पठेनाइ एहि व्यापक दृष्टिक उदाहरण अछि। शत्रु होयबाक अर्थ ई नहि जे ओकरा मे सीखबाक लेल किछु शेष नहि रहल।

लव-कुशक प्रसंग मे सेहो एही परिपक्वताक दर्शन होइत अछि। ओ सभ रामक निर्णय पर प्रश्न करैत छथि, मुदा रामक समग्र महत्ता कें अस्वीकार नहि करैत छथि। रामकथा एहन सरल विभाजन कें स्वीकार नहि करैत अछि, जाहि मे कोनो महान चरित्र कें ओकर जीवनक मात्र एकटा घटना सं परिभाषित कए देल जाए।

रामक जीवन मे दुविधा अछि आ लव-कुशक जीवन मे सेहो। रामक लेल धर्मक मार्ग सदैव सरल नहि छल। कतेको बेर मयार्दाक पालन हुनका निजी सुख सं दूर लए गेल। सीता-निर्वासनक प्रसंग एहि कठिन पक्ष कें सामने अनैत अछि। एहि कारणें ई प्रसंग आइयो लोकमन कें व्याकुल करैत अछि आ प्रश्न ठाढ़ करैत अछि।

विद्वान सभक मध्य ई चर्चा सेहो होइत रहल अछि जे सीता-निर्वासनक प्रसंग वाल्मीकि रामायणक मूल पाठक अंश अछि अथवा पश्चात जोड़ल गेल अंश। एहि पाठशास्त्रीय विवादक अपन-अपन तर्क अछि। मुदा कथा केर स्तर पर देखल जाए तं एहि प्रसंग रामकथा कें एहन गहराइ दैत अछि, जाहि मे राम मात्र आदर्शक प्रतिमूर्ति बनि कए नहि रहि जाइत छथि। ओ एहन पात्र सेहो छथि, जे धर्मक कठिन प्रश्नक मध्य निर्णय लैत छथि आ जिनकर निर्णय पर आगामी पीढ़ी विचार करैत अछि।

लव-कुशक चरित्रक लेल सेहो ई प्रसंग अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। जं हुनका सभ कें अपन माताक पीड़ाक अनुभव नहि होइत, तं हुनका भीतर ओ नैतिक बेचैनी कोना जन्म लैत, जे हुनका अपन पिताक समक्ष ठाढ़ होयबाक साहस दैत अछि? हुनकर कथा मात्र दू वीर बालकक कथा नहि रहि जाइत अछि। ई एहि बातक कथा बनि जाइत अछि जे करुणा सं उत्पन्न प्रश्न सेहो धर्मक अंग भए सकैत अछि।

रामकथा राम कें एकटा आदर्श पुत्रक रूप मे प्रस्तुत करैत आरंभ होइत अछि। कथा आगू बढ़ैत अछि तं ओ पति, भ्राता, मित्र, योद्धा आ राजाक रूप मे सामने अबैत छथि। अंततः हुनकर पुत्र सभ मे हुनकर संस्कारक एकटा अलग छवि देखाइत अछि। अंतर मात्र एतबे अछि जे राम कें जाहि धर्मक पालन करबाक पड़लनि, लव-कुश ओही धर्मक कसौटी पर अपन पिता सं प्रश्न करबाक साहस सेहो रखैत छथि।

एतय रामकथाक एकटा सुंदर संतुलन देखाइत अछि। पिता आदर्श छथि तं एकर अर्थ ई नहि जे पुत्र हुनकर प्रत्येक निर्णय पर आंखि मुनि विश्वास करय। गुरु महान छथि तं शिष्यक प्रश्न करब अपराध नहि। आराध्य पूज्य छथि तं हुनकर समक्ष अपन मोनक पीड़ा राखब सेहो अधर्म नहि। लव-कुशक ई विशेषता हुनका मात्र रामक पुत्र नहि रहय दैत अछि। ओ रामक परंपराक एहन उत्तराधिकारी बनि जाइत छथि, जिनका मे रामक तेज सेहो अछि आ सीताक करुणा सेहो। वाल्मीकिक शिक्षा एहि तेज आ करुणा कें दिशा देलनि।

की सीता-निर्वासनक प्रसंग सं श्रीरामक महिमा पर कोनो धब्बा लगैत अछि?

मोन पड़ैत अछि - नहि।

कारण वाल्मीकिक राम कें मात्र देवताक रूप मे देखब हुनकर चरित्रक गहराइ कें कम कए देब होयत। ओ ईश्वरक मनुष्यावतार छथि। हुनका भीतर देवत्व अछि, मुदा हुनकर कथा मनुष्यक दु:ख, दुविधा, उत्तरदायित्व आ धर्मसंकट सं होइत कए आगू बढ़ैत अछि।

अवतारक ई कठिनता अछि जे ओ देवत्व आ मनुष्यता दुनूक बीच ठाढ़ रहैत अछि। तें हुनकर जीवन मे एहन प्रसंग सेहो अबैत अछि, जकर उत्तर प्रत्येक युग अपन ढंग सं तकैत अछि। किछु निर्णय हमरा सभ कें स्वीकार्य लगैत अछि, किछु व्याकुल करैत अछि आ किछु पर हम सदियो बादो प्रश्न करैत छी। मुदा प्रश्नक बीचो रामकथा सं धर्मक सूत्र विलुप्त नहि होइत अछि।

शायद लव-कुश अही सूत्रक धर्मांकुर छथि। ओ रामक पूजा कएनिहार बालक मात्र नहि छथि। ओ रामक संस्कार सं निर्मित एहन बालक छथि, जे ओही रामक समक्ष ठाढ़ भए कए पूछि सकैत छथि - धर्मक मार्ग पर चलैत कोनो निर्दोषक पीड़ाक की होयत?

ओ सभ राम कें छोड़लनि नहि।

राम सं प्रश्न कएलनि।

जय सियाराम।

# प्याज फेर कनौलक, चिंता बढ़ौलक चीनी

किशन सनमुखदास भावनानी

त्योहारक मौसिमक दस्तकक संग भारतीय भनसाघर मे एक बेर फेर प्याजक दाम लोकक आंखि मे नोर अनबाक काज कए रहल अछि। जे प्याज किछु समय पहिने लगभग 25 रुपैया प्रति किलोग्रामक आसपास छल, से आब कतेको बाजार मे 60 सं 70 रुपैया प्रति किलोग्राम धरि पहुंचि गेल अछि। दोसर दिस, चीनीक दाम मे सेहो तेजी आबि गेल अछि, जाहि सं घरेलू बजट पर दोहरा दबाव पड़ल अछि। भारत सन देश मे एकरा मात्र बाजारक सामान्य उतार-चढ़ाव मानि कए नहि चलल जा सकैत अछि। प्याज आ चीनी दुनू एहन आवश्यक खाद्य वस्तु अछि, जकर दाम सीधे उपभोक्ताक भनसाघर, किसानक आय, सरकारक आर्थिक नीति आ राजनीतिक विमर्श कें प्रभावित करैत अछि। एहि कारणें वर्तमान परिस्थिति कें मात्र महंगाइक आंकड़ाक रूप मे देखब पर्याप्त नहि होयत। एकर पाछां उत्पादन, मौसिम, भंडारण, आपूर्ति-श्रृंखला, बाजारक व्यवहार, सरकारी हस्तक्षेप आ वैश्विक खाद्य सुरक्षाक परस्पर जुड़ल कतेको आयाम अछि। प्याजक वर्तमान तेजी कें देखल जाय तं एकर प्रमुख कारण मांग आ आपूर्तिक बीच उत्पन्न असंतुलन अछि। खरीफ प्याजक नव फसिल अपेक्षित समय पर बाजार मे नहि पहुंचि सकल अछि। दोसर दिस, पुरान फसिलक भंडारण मे प्रतिकूल मौसिम आ नमी सं नुकसानक खबरि सं उपलब्ध भंडार पर दबाव बढ़ल अछि। बेमौसम बरखा मात्र खेत मे ठाढ़ फसले कें प्रभावित नहि करैत अछि, बल्कि कटनीक बाद भंडारित प्याजक गुणवत्ता आ संरक्षण क्षमता कें सेहो नोकसान पहुंचबैत अछि। फलतः बाजार मे उपलब्ध उत्तम गुणवत्ताक प्याजक मात्रा घटैत अछि आ त्योहारक समय मे मांग बढ़ला सं दाम तेजी सं ऊपर चलि जाइत अछि। एहि परिस्थिति मे केंद्र सरकार उपभोक्ता कें राहति देबाक लेल अपन रणनीतिक प्याज बफर-स्टॉक बाजार मे उतारबाक निर्णय लेने अछि। लगभग 1.21 लाख टनक बफर स्टॉक सं प्याजक आपूर्ति बढ़ेबा आ प्रमुख उपभोग केंद्र धरि शीघ्रता सं प्याज पहुंचेबाक प्रयास कएल गेल अछि। बफर स्टॉकक उद्देश्य मात्र दिल्ली सन पैघ बाजार मे प्याज उपलब्ध करेनाइ नहि, बल्कि अतिरिक्त आपूर्तिक माध्यम सं थोक बाजारक दामपर वास्तविक



आ मनोवैज्ञानिक दबाव बनौनाइ सेहो अछि। जं बाजार मे ई विश्वास बनि जाय जे सरकार लग पर्याप्त भंडार अछि आ आवश्यकता पड़ला पर आर प्याज बाजार मे उतारल जा सकैत अछि, तं जमाखोरी आ कृत्रिम अभावक संभावना सेहो कम होइत अछि। एहि सरकारी प्रयासक चर्चित हिस्सा नासिक सं चलाओल गेल विशेष कांदा एक्सप्रेस अछि। महाराष्ट्रक नासिक क्षेत्र देशक प्रमुख प्याज उत्पादक क्षेत्र मे गनल जाइत अछि। नासिक सं दिल्ली-एनसीआर आ अन्य पैघ उपभोग केंद्र धरि रेलमार्ग सं प्याज पहुंचेबाक उद्देश्य परिवहनक समय आ लागति घटेनाइ अछि। निर्धारित लगभग 840 मीट्रिक टनक क्षमताक बदला लगभग 450 मीट्रिक टन प्याज पठाओल जा सकल आ प्रस्तावित पांच मे सं चारि कांदा एक्सप्रेस रद्द भए गेल। एकरा मात्र प्रशासनिक विफलता कहि देब उचित नहि होयत। प्याजक उपलब्धता, लदानक तैयारी, मंडी सं समयपर मालक उपलब्धता, रेलवे रैक, मार्ग आ अन्य परिचालन संबंधी समस्या तथा किसान आ व्यापारीक विरोध - सभक अपन-अपन भूमिका भए सकैत अछि। सरकार रेलवेपर मात्र निर्भर नहि रहल। राष्ट्रीय सहकारी उपभोक्ता संघ अर्थात एनसीसीएफ, राष्ट्रीय कृषि सहकारी विपणन महासंघ अर्थात नेफेड आ केंद्रीय भंडारक माध्यम सं उपभोक्ता कें रियायती दरपर प्याज उपलब्ध करेबाक व्यवस्था कएल गेल अछि। दिल्ली-एनसीआर सहित प्रमुख शहर मे मोबाइल वैन आ निर्धारित बिक्री केंद्रक माध्यम सं लगभग 35 रुपैया प्रति किलोग्रामक दरपर प्याज उपलब्ध करेबाक प्रयास एहि नीतिक हिस्सा अछि। पर्याप्त मात्रा आ नियमित आपूर्ति होइत रहल तं निजी बाजारपर सेहो दाम घटेबाक दबाव पड़ि सकैत अछि। मुदा सरकारी हस्तक्षेपक दोसर पक्ष किसान सं जुड़ल अछि। उपभोक्ता चाहैत छथि जे प्याज 30-35 रुपैया किलो भेटय, जखनकि किसान चाहैत छथि जे हुनकर उपजक मूल्य लागति आ खतराक अनुरूप भेटय। किसान बीज, खाद, कीटनाशक, सिंचाई, श्रम आ परिवहन पर महीनो खर्च करैत छथि आ मौसिमक मारि सेहो सहैत छथि। जखन दाम बढ़ैत अछि तं हुनका अपन लागति वसूल करबाक अवसर देखाइत अछि। मुदा सरकार बफर स्टॉक बाजार मे उतारि दाम नियंत्रित करैत अछि तं किसान संगठन मे असंतोष उत्पन्न होयब स्वाभाविक अछि। अतः उपभोक्ता कें राहति आ किसानक आय - दुनू कें संग-संग ध्यान मे रखने बिना प्याजक समस्याक स्थायी समाधान संभव नहि अछि। प्याजक महंगाइ राजनीतिक बहस कें सेहो तीव्र कए देने अछि। विपक्ष सरकार पर आवश्यक वस्तुक दाम नियंत्रित करबा मे असफल रहबाक आरोप लगा रहल अछि, जखनकि सरकार समय पर बफर स्टॉक जारी करबाक, विशेष परिवहन व्यवस्था शुरू करबाक आ रियायती दरपर बिक्री करबाक अपन प्रयास गिना रहल अछि। भारतीय राजनीति मे प्याजक महत्व असाधारण अछि, कारण ई करोड़ो परिवारक दैनिक भोजनक अभिन्न हिस्सा अछि।

# कैलाश यात्राक छोट बाट, पैघ प्रश्न


पुष्यमित्र

नेपाल मे भेल दुर्घटना मे 400 सं बेसी यात्रीक लापता होयबाक बात कहल जा रहल अछि। तिनका मे 77 यात्री ईशा फाउंडेशनक सेक्रेड वॉक सं जुड़ल छलाह। जग्गी वासुदेव स्वयं ट्वीट कए एहि संबंध मे जानकारी देने छथि। एहि यात्री सभ मे 53 भारतीय छलाह आ शेष 19 देशक लोक छलाह। ई सभ यात्री कैलाश मानसरोवर यात्राक दू पारंपरिक मार्गक बदला ई छोट, मुदा खतरनाक बाट ईशा सेक्रेड वॉक पर भरोसा कए चुनने छलाह। आइ एहि 77 यात्रीक कोनो अता-पता नहि अछि। प्रश्न इहो अछि जे जाहि मार्ग पर गत वर्ष दू-दू बेर दुर्घटना भए चुकल छल, ओहि बाट कें ईशा फाउंडेशन किएक चुनलक? तमिलनाडुक संस्था ईशा फाउंडेशन कें जग्गी वासुदेव चलबैत छथि। संस्था अपन परिचय एकटा आध्यात्मिक संस्थाक रूप मे दैत अछि। एकर अतिरिक्त ओकर दावा अछि जे पर्यावरण आ सामाजिक मुद्दा पर सेहो काज करैत अछि। मुदा एहि संस्थाक व्यावसायिक गतिविधि मे रुचि सेहो देखल गेल अछि। एकटा गैर-लाभकारी संस्था कोना टूर ऑपरेटरक काज करैत अछि, ई सेहो जांचक विषय होयबाक चाही। भेटि रहल जानकारीक अनुसार, ईशा फाउंडेशन 2006 सं लोक सं शुल्क लए कए हुनका कैलाश मानसरोवर यात्रा पर लए जाइत अछि। भारत सं कैलाश मानसरोवर जाएबाक दू प्रमुख प्रचलित मार्ग अछि। भारत सरकार अपन यात्री सभ कें उत्तराखंडक लिपुलेख मार्ग सं यात्रा करबैत अछि। ई मार्ग अपेक्षाकृत सस्ता अछि, मुदा एहि मे पैदल बहुत दूर धरि चलय पड़ैत अछि आ यात्रा मे लगभग 22 दिन लगैत अछि। हालक समय मे सिक्किमक लग नाथू ला सीमा सं भारतीय यात्री सभ कें कैलाश मानसरोवर जाएबाक अनुमति चीन द्वारा देल गेल अछि। एहि मार्ग पर अधिकांश दूरी गाड़ी सं तय कएल जा सकैत अछि। मुदा ई मार्ग किछु महग अछि। मुदा ईशा फाउंडेशनक ईशा सेक्रेड वॉक अपन यात्री सभ लेल ओहि मार्ग कें चुनलक, जाहि सं नेपालक यात्री कैलाश मानसरोवर जाइत छथि। काठमांडू सं रसुवागढ़ी, तकर बाद केरुंग अथवा ग्यिरोंग होइत ई मार्ग चीन दिस जाइत अछि। एहि बाटक एकमात्र प्रमुख विशेषता ई अछि जे एहि सं यात्रा मे समय कम लगैत अछि। यात्री लगभग





14 दिन मे कैलाश धरि पहुंचि सकैत छथि। मुदा ई मार्ग खतरनाक सेहो अछि। जुलाई 2025 मे रसुवागढ़ी क्षेत्र मे भेल भीषण बाढ़ि सं नेपाल-चीन सीमाक पुल, सड़क आ अन्य आधारभूत संरचना कें भारी क्षति पहुंचल छल। एकर मात्र तीन सप्ताह बाद, 30 जुलाई 2025 कें एहि मार्ग पर भोट कोसी नदी मे फेर बाढ़ि आयल छल आ सड़क दोबारा बंद भए गेल छल। अर्थात एक्के मानसून मे ई करिडोर दू पैघ बाढ़िक चपेट मे आयल छल। एहि घटनाक बादो ई मार्ग पूर्णतः खतरा मुक्त नहि भेल। 2026 मे सेहो सड़कक कतेको भाग मे निर्माण आ सुधारक काज चलि रहल छल। एहि सभ तथ्यक बादो ईशा फाउंडेशन अपन यात्री सभ कें एहि मार्ग सं लए जाएबाक खतरा उठौलक। जानकारी इहो अछि जे एहि यात्रा मे ईशा फाउंडेशन नेपालक एकटा टूर ऑपरेटरक सहयोग लैत अछि। प्रश्न ई अछि जे की एहि सभ गतिविधिक जानकारी भारत सरकार कें छल? असल प्रश्न ई अछि जे 2025 मे एहि कॉरिडोर मे भेल दूटा पैघ बाढ़िक बाद 2026 केर यात्राक लेल की समुचित खतरा-मूल्यांकन कएल गेल छल? की फाउंडेशन अपन यात्री सभ कें एहि करिडोर मे गत वर्ष भेल दुर्घटना आ बाढ़िक विषय मे जानकारी देने छल? की नेपाल आ चीनक स्थानीय अधिकारी सभक संग आपदा सं बचावक कोनो पूर्व-निर्धारित व्यवस्था अथवा प्रोटोकॉल तय छल? विशेष रूप सं जखन एहि यात्रा मे तीन देशक सहभागिता छल, तखन एहि मार्गक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक जिम्मेदारीक सीमा की छल? ई बात सेहो ध्यान मे रखबाक आवश्यकता अछि जे ईशा फाउंडेशन स्वयं कें पारंपरिक अर्थ मे टूर कंपनी नहि कहैत अछि। मुदा ओकर ईशा सेक्रेड वॉक कार्यक्रम यात्री सभ कें कैलाश यात्राक लेल निबंधित करैत अछि आ यात्राक आयोजन सेहो करैत अछि। तें फाउंडेशनक कानूनी भूमिका आ व्यवहारिक भूमिका मे जे अंतर अछि, ओकर जांच आवश्यक अछि। कैलाश यात्रा आस्थाक यात्रा अछि, मुदा जाहि भूगोल सं होइत ई यात्रा गुजरैत अछि, ओ हिमालयक सभ सं संवेदनशील क्षेत्र मे सं एक अछि। लिपुलेख आ नाथू लाक तुलना मे नेपालक ई मार्ग समय अवश्य बचबैत अछि, मुदा 2025 केर दूटा पैघ बाढ़ि आ 2026 केर ई त्रासदी ई प्रश्न अवश्य ठाढ़ कए देने अछि जे समयक एहि बचतक बदला यात्री सभ कें कतेक अतिरिक्त प्राकृतिक खतरा मोल लेबय पड़ल? आ आब सभ सं महत्वपूर्ण प्रश्न ओहि 77 यात्रीक परिवारक लेल अछि - ओ सभ कतय छथि? सुरक्षित छथि अथवा नहि? आ हुनका सभ कें सुरक्षित रूप सं ताकि निकालबा मे एतेक विलंब किएक भए रहल अछि? आस्था अपन स्थान पर अछि, मुदा आस्थाक यात्रा मे यात्रीक जीवनक सुरक्षा सं पैघ किछु नहि भए सकैत अछि।



मुरली मनोहर मिश्र

# विकासक अंधदौड़, बांध आ भविष्यक मानवीय त्रासदी

नेपालक हालक विनाशकारी घटना हो अथवा केदारनाथ आ धरालीक त्रासदी-ई सभ घटना मात्र प्राकृतिक आपदा नहि अछि, बल्कि मनुष्य आ प्रकृतिक बीच बढ़ैत असंतुलनक चेतावनी सेहो अछि। प्रश्न मात्र ई नहि जे बाढ़ि, भूस्खलन वा हिमताल विस्फोट किएक भेल; मूल प्रश्न ई अछि जे की हम हिमालयक प्रकृति कें बुझि कए विकास कए रहल छी, अथवा प्रकृति कें अपन सुविधा अनुसार मोड़बाक दुस्साहस कए रहल छी? आजुक विकासक मॉडल मे सड़क, बांध, सुरंग, जलविद्युत, शहरीकरण आ औद्योगिकीकरण कें प्राथमिकता भेटैत अछि। विकास आवश्यक अछि, मुदा जखन विकासक गति प्रकृतिक पुनर्संतुलनक क्षमता सं बेसी भए जाइत अछि, तखन विकासक उपलब्धि धीरे-धीरे आपदाक कारण बनि सकैत अछि।

**प्रकृति सं संघर्ष नहि, सह-अस्तित्व आवश्यक** : नदीक सहज प्रवाह रोकब, बाढ़ि क्षेत्र मे निर्माण करब, पहाड़क पेट चीरि अंधाधुंध सड़क आ सुरंग बनायब, जंगल काटब आ जलवायु परिवर्तनक कारण बढ़ैत तापमान - ई सभ मिलि कए हिमालयक प्राकृतिक संतुलन पर गंभीर दबाव बना रहल अछि। हिमालय कोनो स्थिर भूभाग नहि अछि। ई निरंतर भूगर्भीय गतिविधि, भूस्खलन, हिमनदीक परिवर्तन आ नदीक कटावक प्रक्रिया सं गुजरैत रहल अछि। हिमनदी पिघलब, हिमतालक आकार बदलनाइ, पहाड़क ढलान कमजोर भेनाइ आ नदीक मार्ग मे परिवर्तन प्राकृतिक प्रक्रिया अछि। मुदा जखन एहि प्राकृतिक प्रक्रियाक संग मानवीय हस्तक्षेप जुड़ि जाइत अछि, तखन एकटा सामान्य प्राकृतिक घटना सेहो व्यापक मानवीय त्रासदी मे बदलि सकैत अछि। तें आवश्यकता प्रकृति कें जीतबाक नहि, बल्कि प्रकृति कें बुझबाक अछि।

**केदारनाथ सं धराली धरि : चेतावनी कें बुझनाइ जरूरी** : केदारनाथक त्रासदी हो अथवा धरालीक आपदा, प्रत्येक घटना एकटा प्रश्न छोड़ि जाइत अछि - हम पहाड़क वहन-क्षमता कें वास्तव मे कतेक बुझलहुं? हिमालयक भौगोलिक संरचना अत्यंत संवेदनशील अछि। नदीक तट पर अतिक्रमण, जलधाराक प्राकृतिक मार्ग मे निर्माण, अत्यधिक पर्यटन दबाव, पहाड़ काटि सड़क निर्माण आ कमजोर ढलान पर भारी संरचना खतरा बढ़ा सकैत अछि। आपदा कें पूर्णतः रोकब सदैव संभव नहि होइत अछि, मुदा ओकरा मानवीय त्रासदी मे बदलनाइ बहुत हद धरि रोकल जा सकैत अछि।



**टिहरी बांध : विकास कि खतराक स्मरण?** : टिहरी बांध जलविद्युत, सिंचाइ आ जल प्रबंधनक दृष्टिएं महत्वपूर्ण परियोजना अछि। मुदा हिमालयक संवेदनशील भू-गर्भीय क्षेत्र मे स्थित एहन विशाल संरचनाक सुरक्षा कें मात्र इंजीनियरिंगक प्रश्न मानि देब पर्याप्त नहि अछि। बांधक दीर्घकालीन सुरक्षा, जलाशयक दबाव, ढलानक स्थिरता, भू-स्खलन, गादक जमाव आ शक्तिशाली भूकंपक संभावना पर निरंतर वैज्ञानिक निगरानी आवश्यक अछि। जलाशयक पानि आ भूकंपीय गतिविधिक संबंध पर वैज्ञानिक अध्ययन जरूरी अछि, मुदा प्रत्येक भूकंप कें मात्र बांधक कारण मानब वैज्ञानिक दृष्टिएं उचित नहि होयत। सब सं पैघ चिंता ई अछि जे जं शक्तिशाली भूकंप, विशाल भू-स्खलन अथवा अन्य कारण सं बांध कें गंभीर क्षति पहुंचैत अछि, तं ओकर प्रभाव पहाड़ी क्षेत्र धरि सीमित नहि रहि सकैत अछि। गंगाक निचला क्षेत्रक विशाल जनसंख्या सेहो प्रभावित भए सकैत अछि। तें देवप्रयाग, ऋषिकेश, हरिद्वार सं लए कए मैदानी क्षेत्र धरि वर्स्ट-केस सिनेरियोक पूर्व-अध्ययन आवश्यक अछि।

**जलाशयक तट सेहो खतरा** : बांधक चर्चा प्रायः मात्र कंक्रीट संरचनाक सुरक्षा धरि सीमित रहैत अछि। मुदा वास्तविक खतरा पूरा जलाशय आ ओकर लगपासक पारिस्थितिक तंत्र सं जुड़ल अछि। जलस्तरक लगातार उतार-चढ़ाव सं जलाशयक कातक ढलान पर दबाव पड़ि सकैत अछि आ कतिपय क्षेत्र मे भू-स्खलनक खतरा बढ़ि सकैत अछि। हिमालयी नदी भारी मात्रा मे गाद आ अवसाद आनैत अछि। समयक संग जलाशय मे गाद जमला सं जलधारण क्षमता प्रभावित भए सकैत अछि। अर्थात बांध बनि गेलाक बाद समस्या समाप्त नहि होइत अछि; वास्तविक जिम्मेदारी तखन शुरू होइत अछि।

**नेपालक घटना आ वाटर बम** : नेपालक हालक घटनाक संदर्भ मे किछु स्तर पर ई आशंका व्यक्त कएल जा रहल अछि जे कहीं ऊपरि क्षेत्रक जल संरचना सं अनचोके पानि छोड़ल गेल हो। मुदा एहन गंभीर आरोप कें प्रमाणित तथ्यक रूप मे प्रस्तुत करब उचित नहि अछि। जं एहन शंका उत्पन्न होइत अछि, तं ओकर समाधान भावनात्मक आरोप-प्रत्यारोप सं नहि, बल्कि जलप्रवाहक आंकड़ा, उपग्रह चित्र, बरखा अभिलेख, नदीक जलस्तर, बांधक संचालन विवरण आ स्वतंत्र वैज्ञानिक जांच सं होयबाक चाही। प्राकृतिक बाढ़ि, हिमताल विस्फोट, बादल फटनाइ, भू-स्खलन आ बांध सं नियंत्रित जलनिकासी - ई सभ अलग-अलग प्रक्रिया अछि। सभ कें एक्के बेर मानवनिर्मित आपदा कहि देब वैज्ञानिक दृष्टिएं उचित नहि अछि।

**ब्रह्मपुत्र सेहो चेतावनी अछि** : भारतक ब्रह्मपुत्र घाटीक सुरक्षा पर सेहो दीर्घकालीन दृष्टिएं विचार करबाक आवश्यकता अछि। चीनक तिब्बती क्षेत्र सं निकलनिहार ब्रह्मपुत्र आ भारतक पूर्वोत्तर क्षेत्रक विशाल आबादीक जीवन परस्पर जुड़ल अछि। जल संसाधन पर सहयोग, वास्तविक समयक जल-आंकड़ा आदान-प्रदान, बांधक संचालन संबंधी सूचना, बाढ़ि पूर्व चेतावनी आ आपदा प्रबंधनक संयुक्त व्यवस्था भविष्यक आवश्यकता अछि। जल कें हथियार नहि, बल्कि जीवनक साझा संसाधन मानबाक कूटनीतिक दृष्टिकोण हिमालयी क्षेत्रक स्थायी शांति लेल आवश्यक अछि।

**आब विकासक मापदंड बदलय पड़त** : विकासक सफलता कें मात्र कतेक किलोमीटर सड़क बनल, कतेक मेगावाट बिजली उत्पादित भेल, कतेक सुरंग वा बांध बनल - एहि आधार पर नहि नापल जा सकैत अछि। विकासक नब मापदंड मे प्रकृतिक वहन-क्षमता, भूकंपीय खतरा, जलवायु खतरा, जैव-विविधता, नदीक प्राकृतिक प्रवाह, स्थानीय समुदाय, आपदा पूर्व चेतावनी आ दीर्घकालीन सुरक्षा शामिल होयबाक चाही। कोनो परियोजना शुरू करबाक पहिने ई प्रश्न अनिवार्य होमक चाही- जं सभ सं खराब परिस्थिति उत्पन्न भेल, तं ओकर प्रभाव कतेक दूर धरि जाएत आ कतेक लोक प्रभावित भए सकैत अछि? हिमालयक आपदा सं लड़बाक नहि, बल्कि आपदा लेल तैयार रहबाक समय आबि गेल अछि। वैज्ञानिक निगरानी, सुरक्षित निर्माण, नदीक प्राकृतिक मार्गक संरक्षण, जलाशयक पारदर्शी संचालन, स्थानीय समुदाय कें प्रशिक्षण आ अंतरदेशीय सूचना आदान-प्रदानक माध्यम सं जन-धनक क्षति बहुत कम कएल जा सकैत अछि। प्रकृति अपन नियम सं चलैत अछि। जखन मनुष्य ओकर नियमक उपेक्षा करैत अछि, तखन प्रकृतिक प्रतिक्रिया कें रौद्र रूप कहि आश्चर्य करब पर्याप्त नहि अछि। हिमालय कें जीतबाक नहि, हिमालयक संग जीबाक कला सीखय पड़त। विकास आवश्यक अछि, मुदा एहन विकास नहि जे वर्तमान पीढ़ी कें सुविधा दए भविष्यक पीढ़ी लेल आपदाक विरासत छोड़ि जाए। आजुक सभ सं पैघ चेतावनी ई नहि जे पहाड़ टूटि रहल अछि; चेतावनी ई अछि जे हमरा सभक विकासक सोच बदलबाक समय समाप्त भए रहल अछि। प्रकृति कें चुनौती देबाक स्थान पर ओकर संकेत कें पढ़ब आ ओकर सीमाक सम्मान करब-एहने विकास मानव सभ्यता कें आपदा सं त्रासदी दिस जाए सं रोकि सकैत अछि।

# विनाशकारी बाढ़िक बाद नेपाल केंं पुनर्निर्माणक लए अर्थव्यवस्थाक करीब दसम हिस्सा लागत

## 4-5 अरब डॉलरक अनुमान











एहि सप्ताह भेल विनाशकारी बाढ़िक बाद नेपाल केंं पुनर्निर्माणक लए 4 अरब सं 5 अरब डॉलर धरि केर आवश्यकता पड़ि सकैत अछि। वित्त मंत्री स्वर्णिम वाग्ले शनिदिन रॉयटर्स केंं ई जानकारी देलनि। अधिकारी सभ एखन धरि नोकसान आ क्षतिक पैघता केर आकलन करए मे लागल छथि। वाग्ले कहलनि, प्रारंभिक अनुमान 4 सं 5 अरब डॉलरक अछि। ई मात्र अनुमान अछि। 2015 केर भूकंपक तुलना मे हमरा सभ केंं बहुत कम राशि केर आवश्यकता पड़त। नोकसान आ क्षतिक आकलन कएल जा रहल अछि। पुनर्निर्माण पर होमयबला खर्च नेपालक अर्थव्यवस्थाक करीब दसवां हिस्सा केर बराबर भए सकैत अछि।

### 600 सं बेसी लोकक मृत्यु, हजारो एखनहुं लापता

बुधदिन ग्लेशियरक एकटा हिस्सा खसलाक बाद हिमालयक पहाड़ी नदी प्रणाली मे चट्टान, बर्फ, माटि आ मलबाक विशाल धार आबि गेल। एहि प्राकृतिक आपदा मे नेपाल मे 600 सं बेसी लोकक मृत्यु भेल अछि, जखनकि चीनक तिब्बत मे सेहो सात लोकक मृत्यु भेल अछि। 2,000 सं बेसी लोक एखनहुं लापता छथि। एहि आपदा सं सीमावर्ती क्षेत्रक शहर सभ तहस-नहस भए गेल। पुल आ सड़क बहि गेल, जखनकि प्रमुख जलविद्युत केंद्र सभ केंं सेहो नोकसान पहुंचल अछि। नेपाल मे कम सं कम 626 लोकक मृत्यु भेल अछि आ चीनक तिब्बत मे सात लोकक मृत्यु भेल अछि। प्रभावित क्षेत्र सभ मे करीब 3,000 लोक एखनहुं लापता छथि। नेपालक आपदा एजेंसीक अनुसार, देश मे 2,426 लोक लापता छथि। बाढ़िक कारण नेपालक राष्ट्रीय बिजली उत्पादन क्षमता केर 12 प्रतिशत सं बेसी क्षमता बला बिजली परियोजना सभ केंं सेहो नोकसान पहुंचल अछि। एहि सं प्रेषण, पर्यटन आ जलविद्युत पर निर्भर अर्थव्यवस्था केंं पैघ झटका लागल अछि।

### 2015 क भूकंपक तुलना मे पुनर्निर्माणक अनुमान कम

वाग्ले ई स्पष्ट नहि कएलनि जे हालक आपदा केर पुनर्निर्माण लागत 2015 केर भूकंपक बाद भेल करीब 9 अरब डॉलरक खर्चक तुलना मे कम किएक होएबाक अनुमान अछि। 7.8 तीव्रताक ई भूकंप नेपालक इतिहासक सभ सं विनाशकारी आपदा छल। एहि मे करीब 9,000 लोकक मृत्यु भेल छल, आधा मिलियन सं बेसी घर नष्ट भेल छल आ देशक अर्थव्यवस्थाक करीब एक-तिहाई केर बराबर नोकसान भेल छल। ओतहि खराब मौसिमक कारण किछु क्षेत्र मे खोज आ बचाव अभियान अस्थायी रूप सं बाधित भेल अछि। नेपाल सुरंग मे फंसल लोक सभ केंं बचाबए, परिवहन आ संचार संपर्क बहाल करए, शवक पहचान करए आ डीएनए जांच करबाक लए विशेषज्ञ विदेशी तकनीकी सहायता मांगने अछि। भारत राहति सामग्रीक करीब 60 टन लए कए तीनटा विमान पठौने अछि। एहि सामग्री मे कंबल, दवाइ, भोजन आ पानि शुद्ध करबाक गोली शामिल अछि।

# नव बरखा सं बचाव अभियान पर संकट, तीन दिन मे राहति कोष मे 2 अरब रुपैया सं बेसी जमा



नेपालक मौसिम विभाग शनिदिन देशक फ्लैश बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभ मे नव बरखा आ मेघ गर्जनक चेतावनी देलक अछि। एहि सं बिगड़ैत संकटक बीच जारी बचाव आ राहति अभियान प्रभावित होएबाक आशंका अछि। मीडिया रिपोर्टक अनुसार, स्थिति लगातार गंभीर भए रहल अछि। नेपाल-तिब्बत सीमाक लग ग्लेशियरक एकटा हिस्सा खसलाक बाद बर्फ आ चट्टानक विशाल धार बनल छल, जे बुधदिन पानि, माटि आ मलबाक रूप मे मध्य नेपाल दिस बहि गेल। शनिदिन मृतकक संख्या 600 सं पार भए गेल, जखनकि 2,400 सं बेसी लोक एखनहुं लापता छथि। करीब 2,500 लोक, जाहि मे 163 विदेशी नागरिक सेहो शामिल छथि, केंं सुरक्षित स्थान पर पहुंचाओल गेल अछि। बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे रुकि-रुकि कए भए रहल बरखाक बीच बचाव दल समयक संग संघर्ष करैत अभियान चला रहल अछि। खोज आ बचाव अभियान मे 11,000 सं बेसी सुरक्षाकर्मी केंं तैनात कएल गेल अछि।

एहि मे 5,000 सं बेसी नेपाल सेना केर जवान शामिल छथि। द राइजिंग नेपाल केर अनुसार, जलविज्ञान आ मौसिम विज्ञान विभाग कोशी, बागमती आ गंडकी प्रदेशक पहाड़ी आ पर्वतीय क्षेत्र, कणार्लीक पहाड़ी इलाका आ लुंबिनी आ सुदूरपश्चिम प्रदेशक तराई क्षेत्र मे भारी बरखाक संभावना जतौलक अछि। मौसिम विज्ञानी हरि प्रसाद दहाल कहलनि जे रसुवाक भोटेकोशी बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक अधिकांश स्थान पर शनिदिन मध्यम बरखा होएबाक संभावना अछि। ओ कहलनि, एक-दू स्थान पर भारी बरखा भए सकैत अछि, जाहि सं खोज आ बचाव अभियान प्रभावित होएबाक संभावना अछि। तें सावधानी जरूरी अछि। मौसिम विभाग शनिदिन दुपहरक बाद देशक पहाड़ी आ पर्वतीय क्षेत्रक कतेको स्थान पर मेघ गर्जन आ वज्रपातक संग मध्यम बरखा आ हिमपातक संभावना सेहो जतौलक अछि। विभागक अनुसार, कोशी, बागमती आ गंडकी प्रदेशक संग कतेको आन पहाड़ी आ पर्वतीय क्षेत्र मे मेघ गर्जन आ वज्रपातक संग बरखा आ हिमपात भए सकैत अछि।

भोटेकोशी नदीक जलस्तर बढ़लाक बाद नव बाढ़िक आशंका केंं देखैत बचावकर्मी सभ खोज अभियान जारी रखने छथि। ओतहि चीनक अधिकारी सभ नदीक उद्गम क्षेत्र तिब्बत मे नवका अवरोधक पोखरि बनएबाक चेतावनी पहिनहि देने छथि। अधिकारी सभ आशंका जतौने छथि जे ई पोखरि कखनो टूटि सकैत अछि, जाहि सं नेपालक निचला क्षेत्र मे नव बाढ़िक खतरा बढ़ि सकैत अछि।

### तीन दिन मे राहति कोष मे 2 अरब रुपैया सं बेसी जमा

हिमालयी देश नेपाल मे भीषण फ्लैश बाढ़ि सं मचल तबाहीक बाद प्रधानमंत्री आपदा राहति कोष मे 2.295 अरब रुपैया सं बेसी दान भेटल अछि। फ्लैश बाढ़िक बाद नेपाल सरकार प्रभावित क्षेत्र सभ केंं आपदा क्षेत्र घोषित कएलक, जाहिक बाद विभिन्न संगठन आ व्यक्ति सभ राहति कोष मे दान देब शुरू कएलनि। प्रधानमंत्री कार्यालयक सूत्रक अनुसार, बुधदिन दुपहर सं बृहस्पतिदिन मध्यरात्रि धरि 36 घंटा मे कोष मे 1.91 अरब रुपैया जमा भेल। शुक्रदिन मात्र 385.5 मिलियन रुपैया केर सहायता देल गेल। नव योगदानक संग राहति कोषक शेष राशि 2.17 अरब रुपैया सं बढ़ि कए 4.09 अरब रुपैया भए गेल अछि। सरकार वित्त मंत्रालय केंं राहति कोष मे योगदान जमा करबाक आ सहायता समन्वयक लए नोडल मंत्रालय नियुक्त केने अछि। वित्त मंत्रालयक अनुसार, 10 अलग-अलग वाणिज्यिक बैंक मे खोलल गेल खाता मे राशि जमा कएल गेल अछि। वित्त मंत्री स्वर्णिम वाग्ले व्यक्तिगत रूप सं 10 मिलियन रुपैया वा एकरा सं बेसी योगदान देनिहार संस्थागत दाता सभ सं राशि स्वीकार कए रहल छथि। मंत्रीक सचिवालयक अनुसार, व्यक्तिगत दाता मंत्रालय मे स्वयं पहुंचि नगद योगदान सेहो दए सकैत छथि। प्रधानमंत्री बालेंद्र शाह आ हुनकर मंत्रिमंडलक सदस्य सभ सेहो आपदा राहति कोष मे अपन एक मासक वेतन दान करताह। शुक्रदिन भेल मंत्रिमंडल बैठक मे एहि संबंध मे निर्णय लेल गेल।

# नेपालक भयानक बाढ़िक बीच कोना बचल असगर घर, विशेषज्ञ बतौलनि 3 कारण



नेपाल मे बुधदिन अनचोके आएल बाढ़ि जमि कए तबाही मचा देलक अछि। बाढ़ि मे एखन धरि 600 सं बेसी लोकक मृत्यु भए चुकल अछि, जखनकि सैकड़ो लोकक एखन धरि पता नहि चलि सकल अछि। बाढ़िक बाद पानि आ मलबा एतेक तेज गति सं आयल जे पूरा-पूरा गाम आ आधारभूत ढांचा केंं अपन संग बहा लए गेल। सोशल मीडिया पर बाढ़िक समयक तस्वीर आ वीडियो सामने आएल अछि, जाहि मे पुल सं लए कए भवन सभ बहैत देखाइ रहल अछि। एहि सभक बीच एकटा मकान सभ केंं चकित कए देने अछि। भयानक बाढ़िक बीच ई मकान पूरी तरहे सुरक्षित रहल, जाहिक वीडियो देखि सभ आश्चर्यचकित छथि। आब विशेषज्ञ एहि मकानक बचबाक कारण बतौने छथि।

**भयानक बाढ़िक बीच ठाढ़ रहल घर :** ई मकानक वीडियो तिब्बत सीमाक लग बसल एकटा नेपाली गामक अछि, जतय 26 अगस्त बुधदिन बाढ़ि जमि कए तबाही मचौने छल। बुधदिन भोर मे जखन नदी मे जलसैलाब आयल, तं ई पूरा गाम लगभग बहि गेल। मुदा एहि बाढ़िक एकटा वीडियो सामने आएल अछि, जाहि मे उफनैत नदीक पानि सं टकराइत एकटा फिरोजी रंगक घर ठाढ़ देखाइ रहल अछि। घरक छत पर लोक टहलि रहल छथि, जखनकि आसपासक घर आ गाड़ी पानि मे खिलौना जकां बहि रहल अछि। सभ एहि बात केंं देखि चकित छथि जे आखिर एहि बाढ़िक बीच घर कोना बचल रहल। इंजीनियर आ स्लीपी क्लासेज आईएएसक सह-संस्थापक शेखर दत्त आब एकर कारण बुझौने छथि। ओ बतौलनि जे एहि तरहक घर मे प्लिंथ अर्थात बुनियाद, कॉलम अर्थात पिलर आ बीम अर्थात छत सं बनल फ्रेम होइत अछि। नेपाल मे एकरा पिलरबला घर कहल जाइत अछि।

### बुझौलनि इंजीनियरिंग

**विशेषज्ञ बतौलनि पिलर आ बीमक महत्व :** शेखर दत्त बतौलनि जे सभ सं पहिने पिलर अबैत अछि, जे सभ सं बेसी जरूरी अछि। मुदा कतेको बेर पानिक संग भारी मलबा अयला सं ग्राउंड फ्लोरक पिलर टूटि जाइत अछि, तखन भवन खसि जाइत अछि। तें बीमक मजबूती बहुत जरूरी अछि। बीम कॉलम अर्थात पिलर सभ केंं पिंजरा जकां आपस मे जोड़ि कए राखैत अछि। जं कोनो पिलर क्षतिग्रस्त भए जाइत अछि, तं बीम-कॉलम फ्रेम भार केंं संभारि सकैत अछि।

**घरक नींवक मजबूती सेहो जरूरी :** ओ प्लिंथ अर्थात बुनियादक मजबूती पर सेहो जोर देलनि आ कहलनि जे बहैत पानि घरक नीचांक माटि केंं खोदि कए निकालबाक प्रयास करैत अछि। एहन स्थिति मे ऊंच आ नीक तरहे जुड़ल प्लिंथ कटाव केंं कम करैत अछि आ मलबाक संग बहैत पानिक घर्षण सं घर केंं बचबैत अछि। एकर बाद ओ कहलनि जे नेपाली घरक संरचना एहि मकान केंं बचाबए मे सहायता कएलक, मुदा घरक भाग्य सेहो नीक छल। पानिक बहाव घरक भीतर घुसबाक बदला ओकर आसपास सं निकलि गेल, जाहि सं मकान पूरी तरहे सुरक्षित रहल।

# खेलू आ सीखू विषय पर विद्यालय सभ मे भेल अभिभावक शिक्षक संगोष्ठी

## बच्चा सभक सर्वांगीण विकास पर देल गेल जोर

समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया



शिवाजीनगर प्रखंड अंतर्गत सभ 125 प्रारंभिक विद्यालय मे शनिदिन प्रधानाध्यापक आ प्रधान शिक्षकक नेतृत्व मे अभिभावक-शिक्षक संगोष्ठीक आयोजन कएल गेल। शिक्षा विभागक वार्षिक कैलेंडरक अंतर्गतआयोजित एहि संगोष्ठीक विषय खेलू आ सीखू राखल गेल छल। बैठकक मुख्य उद्देश्य विद्यालय आअभिभावकक बीच नीक समन्वय स्थापित करैत बच्चा सभक शिक्षा, स्वास्थ्य, पोषण, नियमित उपस्थितितथा सर्वांगीण विकासक प्रति साझा जिम्मेदारी कें मजबूत करब रहल। संगोष्ठी मे बच्चा सभ कें पढ़ाइक संग खेल तथा खेल-खेल मे पढ़ाइक माध्यम सं सीखबाक अवसर उपलब्ध करयबाक दिशा मे विशेष जोरदेल गेल। शिक्षा विभागक निर्देशानुसार आयोजित कार्यक्रम मे शिक्षक सभ अभिभावक कें जानकारी देलनि जे प्रत्येक बच्चा अपन सीखबाक गति, रुचि आ क्षमताक अनुसार अलग होइत अछि। एहन स्थिति मे बच्चा सभ पर एक्के तरहक अपेक्षा थोपबाक बदला हुनकर व्यक्तिगत क्षमता आ रुचि कें पहचानि कएआगू बढ़बाक अवसर देनाइ आवश्यक अछि। खेल बच्चा सभ मे शारीरिक सक्रियताक संग-संग अनुशासन, सहयोग, नेतृत्व क्षमता, आत्मविश्वास आ निर्णय लेबाक क्षमता विकसित करबा मे सेहो सहायक होइत अछि। एहि लेल विद्यालय मे एहन वातावरण तैयार करबा पर जोर देल गेल, जतय पढ़ाइ बच्चा सभ लेल बोझिल नहि भए रुचिकर आ आनंददायक बनय। संगोष्ठीक दौरान शिक्षक सभ अभिभावक सं बच्चा सभक नियमित विद्यालय उपस्थिति सुनिश्चित करय, समय पर विद्यालय पठेबाक तथा घर पर पढ़ाइ लेल सकारात्मक आ अनुकूल वातावरण उपलब्ध करयबाक अपील कएलनि। संगहि विद्यालय आबय सं पहिने बच्चा सभ कें पौष्टिक नाश्ता करयबाक बात कहल गेल। शिक्षक सभ कहलनि जे स्वस्थ आ पोषित बच्चा विद्यालय मे बेसी सक्रिय रहैत अछि आ सीखबाक प्रक्रिया मे नीक ढंग सं भाग लैत अछि। बैसार मे बच्चा सभक स्वास्थ्य, स्वच्छता, पोषण, अनुशासन, व्यवहार आ सीखबाक क्षमता पर सेहो विस्तार सं चर्चा कएल गेल। प्रत्येक बच्चाक शैक्षणिक प्रगतिक समीक्षा करैत कमजोर प्रदर्शन करयवाला तथा कम उपस्थिति रहयवाला बच्चा सभ लेल विशेष कार्ययोजना तैयार करबाक विषय पर विचार कएल गेल। अभिभावक सं बच्चा सभक रुचि, प्रतिभा आ व्यवहार संबंधी पक्ष पर सेहो जानकारी लेल गेल, जाहि सं हुनकर आवश्यकताक अनुरूप सहयोग उपलब्ध कराओल जा सकय। शिक्षक सभ कहलनि जे बच्चा सभक शिक्षा मात्र विद्यालयक जिम्मेदारी नहि अछि। घर आ विद्यालयक संयुक्त प्रयास सं बच्चा सभक सीखबाक गुणवत्ता मे उल्लेखनीय सुधार आनल जा सकैत अछि। प्रखंडक विभिन्न विद्यालय मे प्रधानाध्यापक बालमुकुंद सिंह, मोहम्मद अब्दुल्लाह, बिहारी दास, नीलू कुमारी, संतोष कुमार, देवानंद कामत, अरुण पासवान, दिलीप ठाकुर, रामनाथ पंडित, मृत्युंजय राय, संजीत कुमार, जहांआर प्रवीण, सरिता कुमारी, मोहम्मद जैनुद्दीन, मदन कुमार, उमेश प्रसाद राय, शांति भूषण, मृत्युंजय कुमार सिंह, अजय कुमार राय, राजकुमार राय, प्रमोद पासवान, प्रदीप कुमार, हीरानंद झा, सत्यनारायण आर्य, सुभाष सिंह, संजीव कुमार, रामबाबू सिंह सहित अन्य प्रधानाध्यापक आ प्रधान शिक्षकक नेतृत्व मे अपन-अपन विद्यालय मे संगोष्ठीक आयोजन कएल गेल। बीईओ राम जन्म सिंह कहलनि जेशिक्षा विभागक निर्देशानुसार प्रखंडक प्रारंभिक विद्यालय सभ मे अभिभावक-शिक्षक संगोष्ठीक आयोजन कएल गेल। खेलू आ सीखूक अवधारणाक माध्यम सं बच्चा सभ कें पढ़ाइक संग खेल सं जोड़ैत हुनकर शारीरिक, मानसिक, सामाजिक आ शैक्षणिक विकास कें गति देबाक प्रयास कएल गेल।

# बंदरक आतंक सं निजात लेल शुरू भेल अभियान

## दू दिन मे 49 बंदर पकड़ल गेल



दरभंगा, समदिया

शहरक वार्ड नंबर-21 मे बंदरक आतंक सं परेशान लोक कें राहति देबाक लेल शनिदिन सेहो बंदर पकड़बाक अभियान जारी रहल। एहि लेल उत्तर प्रदेशक कुशीनगर सं करीब एक दर्जन प्रशिक्षित बंदर पकड़निहारक टीम कें बजाओल गेल अछि। लगातार आक्रामक बंदरक हमला सं लोक घायल भए रहल छलाह। एकर बाद वार्ड पार्षद नवीन सिन्हा निजी स्तर पर बंदरक झुंड कें पकड़बाक व्यवस्था केलनि।बताओल जाइत अछि जे फरवरी 2025 मे नगर निगम बोर्ड एहि मामिला कें लए कए पार्षद नवीन सिन्हा, नफीसुल हक रिंकू आ मुकेश महासेठक तीन सदस्यीय समिति गठित केने छल। समितिक दिस सं पत्राचार कए वन विभाग सं आवश्यक अनापत्ति सेहो प्राप्त कए लेल गेल छल, मुदा निगम स्तर परअभियान शुरू नहि भए सकल। करीब सवा बरख धरि प्रक्रिया आगू नहि बढ़लाक बाद पार्षद स्थानीय लोकक दबाव पर निजी खर्च सं अभियान शुरू करौलनि। अभियानक शुरुआत शुक्रदिन भेल छल। पहिल दिन 12 बंदर पकड़ल गेल, जखन कि शनिदिन 37 बंदर पकड़ल गेल। पकड़ल गेल बंदर कें वन विभागक नियमक अनुसार कम अथवा नगण्य आबादी बला सुरक्षित स्थान पर स्थानांतरित कएल जाएत। वार्ड-21 मे अभियान शुरू भेलाक बाद वार्ड-12क पार्षदमुकेश महासेठ सेहो अपन क्षेत्र सं बंदर पकड़बाक लेल टीम सं संपर्क केलनि। लहेरियासराय सहित शहरक अन्य इलाका मे सेहो बंदरक आतंक कें देखैत नगर निगम पर अभियान चलाबय लेल दबाव बढ़ि रहल अछि। नियमक अनुसार बंदर पकड़बाक, सुरक्षित स्थान पर स्थानांतरित करबाक व्यवस्था आ एकर खर्च संबंधित नगर निकायक जिम्मेदारी अछि। पार्षद नवीन सिन्हाक कहब अछि जे बहुत समय धरि कारबाइ नहि भेलाक कारण हुनका निजी स्तर पर पहल करय पड़ल।

# कटैया मे अतिक्रमित भू-भाग कें मजिस्ट्रेटक उपस्थिति मे कराओल गेल खाली

बेनीपट्टी, समदिया



अंचल क्षेत्रक कटैया मे मध्य विद्यालयक लग रहल अतिक्रमण कें अंचल प्रशासन द्वारा खाली कराओल गेल। अंचलाधिकारी अभिषेक आनंद आ एसएचओ इंस्पेक्टर अनूप कुमारक उपस्थिति मे अतिक्रमित भाग आ संरचना कें जेसीबी सं तोड़ि कए ध्वस्त कएल गेल। अतिक्रमण खाली करय लेल भारी संख्या मे पुलिस बलक प्रतिनियुक्ति कएल गेल छल। सड़कक पश्चिमी भाग मे निर्मित बाउंड्रीवाल, मुख्य ग्रील गेट, घरक छज्जा आ पूर्वी भाग मे करीब एक फीट भूभाग पर अवैध रूप सं निर्मित पक्की संरचना कें तोड़ल गेल। अतिक्रमण खाली करय सं पहिने स्थानीय लोकनि एकरा गलत बतबैत मौखिक रूप सं विरोध कएलनि। एहि क्रम मे बहस सेहो भेल। मुदा पुलिस तत्क्षण स्थिति शांत करा देलक। प्राप्त जानकारीक अनुसार, कटैया मध्य विद्यालयक लग सड़कक दुनू कात अतिक्रमण रहबाक कारण करीब डेढ़ बरख सं ग्रामीण कार्य विभाग द्वारा कराओल जा रहल सड़क निर्माणक काज अधर मे लटकल छल। विभाग द्वारा स्थानीय लोकनि कें अतिक्रमण खाली करय लेल कहल गेल, मुदा केओ एहि पर ध्यान नहि देलक। तकर बाद विभाग द्वारा अंचलाधिकारीक न्यायालय मे वाद दायर कएल गेल। एहि मामिला मे संपूर्ण प्रक्रिया पूरा कए अतिक्रमण खाली करयक आदेश देल गेल। ओहि आदेशक आलोक मे शनिदिन पुलिस बलक उपस्थिति मे अतिक्रमण तोड़ि कए खाली कराओल गेल। गौरतलब अछि जे ग्रामीण कार्य विभाग द्वारा कटैया ब्राह्मण टोल सं पश्चिम टोला धरि करीब एक किलोमीटर सड़कक निर्माण काज कराओल जा रहल अछि। सड़क निर्माणक लागत 51.63 लाख टका अछि। अन्य स्थान पर सड़क निर्माणक काज पूरा भए गेलाक बादो मध्य विद्यालयक आगू सड़क निर्माणक काज वर्षो सं अधर मे लटकल छल।

# मोबाइल रखबाक आरोप मे छात्राक पिटाइ

## परीक्षाक बाद परीक्षार्थी सभ केलक हंगामा

समस्तीपुर, समदिया



हसनपुर प्रखंडक सकरपुरा स्थित भारद्वाज महाविद्यालय मे शुक्रदिन स्नातक चतुर्थ सेमेस्टरक प्रथम पालीक परीक्षा दौरान एक छात्राक संग मारपीट कएल गेलाक आरोप कें लए हंगामा भए गेल। छात्रा कॉलेजक प्राचार्य पर मोबाइल रखबाक आरोप लगा कए हुनका संग मारपीट करबाक आरोप लगौने छथि। घटना संबंधी जानकारी दोसर परीक्षार्थी सभ कें भेटलाक बाद प्रथम पालीक परीक्षा समाप्त होइतहि छात्र-छात्रा सभ आक्रोशित भए गेलाह आ कॉलेज परिसर मे हंगामा करय लगलाह। सूचना पर पहुंचल पुलिस विद्यार्थी सभ कें बुझा-बुझा कए शांत करौलक। तकर बाद दोसर पालीक परीक्षा शुरू कराओल गेल। पीड़ित छात्रा डॉली कुमारी कहलनि जे ओ शुक्रदिन भारद्वाज महाविद्यालय मे स्नातक चतुर्थ सेमेस्टरक परीक्षा देबाक लेल पहुंचलीह। प्रथम पालीक परीक्षा दौरान कॉलेजक प्राचार्य हुनका पर मोबाइल रखबाक आरोप लगौलनि। छात्राक कहब अछि जे हुनका लग कोनो मोबाइल नहि छल। एहि बावजूद हुनका संग मारपीटकएल गेल। परीक्षा समाप्त भेलाक बाद जखन दोसर परीक्षार्थी सभ कें घटनाक जानकारी भेटलनि तं ओ सभ एकर विरोध शुरू कए देलनि। पैघ संख्या मे छात्र-छात्राक कॉलेज परिसर मे जुटला सं हंगामाक स्थिति उत्पन्न भए गेल। विद्यार्थी सभ छात्राक संग कथित मारपीटक विरोध करैत दोषी पर कारबाइक मांग कएलनि। हुनकर कहब छल जे परीक्षा दौरान मोबाइल भेटलापर नियमानुसार कारबाइ कएल जेबाक चाही। दोसर दिस, कॉलेजक प्राचार्य पशुपतिनाथ पूर्वे छात्राक आरोप सं अलग पक्ष रखलनि। ओ कहलनि जे परीक्षा दौरान छात्राक लग सं मोबाइल पकड़ल गेल छल। एहि कारणें हुनका परीक्षा देबा सं रोकल गेल। प्राचार्यक अनुसार परीक्षा मे कदाचार रोकबाक लेल नियमक पालन कराओल जा रहल छल। घटनाक बाद परीक्षा केंद्रक व्यवस्था कें लए सेहो प्रश्न उठि रहल अछि। हालांकि छात्राक आरोप आ कॉलेज प्रबंधनक दावा एक-दोसरा सं भिन्न अछि। मामिला मे एखन धरि कोनो पक्ष द्वारा पुलिस कें लिखित शिकायत देल गेलाक जानकारी नहि अछि। शिकायत भेटलापर पुलिस मामिलाक जांच कए सकैत अछि।

# पुनौराधाम मंदिर निर्माणक प्रगतिक लेल उप विकास आयुक्त कएलनि समीक्षा बैसार

## गुणवत्ता आ समयबद्धता पर देलनि विशेष जोर

सीतामढ़ी, समदिया



उप विकास आयुक्त सुश्री श्वेता भारती पुनौरा धाम मंदिर परिसर स्थित सभाकक्ष मे मंदिर निर्माण आ परिसरक समग्र विकास कार्यक प्रगति कें लए विस्तृत समीक्षात्मक बैसार कएलनि। बैसार मे विभिन्न विभागक जिलास्तरीय पदाधिकारी, संबंधित अभियंता आ मंदिर निर्माणक काज कए रहल एजेंसीअहलूवालिया कॉन्ट्रैक्ट्स (इंडिया) लिमिटेडक प्रतिनिधि उपस्थित छलाह। एजेंसी द्वारा मंदिर आ मंदिर परिसरक निर्माणक अद्यतन स्थिति सं उप विकास आयुक्त कें अवगत कराओल गेल। समीक्षाक क्रम मे निर्माण काज मे उपलब्ध मानव संसाधन आ मशीनरीक वर्तमान स्थिति, अस्थायी निर्माण कार्यक प्रगति, निर्माण सामग्री आ उपकरणक उपलब्धता, सड़क संजालक विकास, सार्वजनिक संपर्क मार्गक प्रगति सहित विभिन्न तकनीकी आ आधारभूत पक्षक विस्तार सं समीक्षा कएल गेल। उप विकास आयुक्त निर्माण एजेंसी कें निर्देश देलनि जे मंदिर निर्माण आ पुनौरा धाम परिसरक समग्र विकास सं जुड़ल सभ काज निर्धारित समय-सीमाक भीतर उच्च गुणवत्ता मानकक अनुरूप पूरा कएल जाए। ओकहलनि जे ई परियोजना सरकारक महत्वपूर्ण आ प्राथमिकतावला परियोजना मे शामिल अछि। एहि लेल प्रत्येक चरणक नियमित निगरानी करैत काज मे अपेक्षित गति बनौने राखब सुनिश्चित कएल जाए। हुनका द्वारा साप्ताहिक प्रगतिक समीक्षा सेहो कएल गेल। मंदिर परिसर मे जलजमाव आदि कें हटेबाक संबंध मे नगर निगम आ बुडको कें विशेष निर्देश देल गेल। बैसार मे संबंधित विभागक पदाधिकारी सभ कें आपसी समन्वयक संग सभ आवश्यक प्रक्रियाक त्वरित निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल, जाहि सं परियोजनाक क्रियान्वयन मे कोनो प्रकारक बाधा उत्पन्न नहि हो।

# शिवाजीनगर मे फरियादी सभक मामिलाक सुनवाइ आ निष्पादन

शिवाजीनगर, समदिया



शिवाजीनगर प्रखंड-सह-अंचल कार्यालय मे शनिदिन सीओ अंबपाली यादवक अध्यक्षता मे जनता दरबारक आयोजन कएल गेल। जनता दरबार मे नव आ पुरान मामिला कें लए कए कुल चारि फरियादी अपन शिकायत लए कए पहुंचलाह। एहि मे सं एक फरियादीक मामिलाक निष्पादन मौका परे कए देल गेल।जखन कि शेष तीन मामिलाक फरियादी कें आवश्यक कारबाइ लेल अगिला जनता दरबार मे उपस्थित होमय लेल कहल गेल। जनता दरबार मे फरियादी सभ भूमि विवाद सहित अन्य समस्या सं संबंधित आवेदन पदाधिकारीक समक्ष प्रस्तुत कएलनि। सीओ अंबपाली यादव संबंधित मामिला सभक जानकारी लैत कर्मी सभ कें आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। सीओ कहलनि जे जनता दरबारक उद्देश्य लोक सभक समस्या कें त्वरित रूप सं समाधान करब अछि। ओ फरियादी सभ सं अपील कएलनि जे अपन समस्या सं संबंधित आवश्यक कागजातक संग जनता दरबार मे उपस्थित होथि, जाहि सं मामिलाक निष्पादन मे सुविधा भए सकय। मौका पर सीआई राकेश मिश्रा, विकास कुमार, ध्रुव कुमार सहित अन्य कर्मी उपस्थित छलाह।

# विद्यालय मे आगिक सुरक्षा लेल मॉक ड्रिल, बच्चा सभ कें कएल गेल जागरूक

रोसड़ा, समदिया



रोसड़ा अनुमंडल अग्निशमन विभागक दिस सं शनिदिन क्षेत्रक विद्यालय सभ मे आगि सुरक्षा कें लए कए जागरूकता अभियान चलाओल गेल। एहि क्रम मे प्राथमिक विद्यालय तेकुनामठ मे अग्निशमन दल मॉक ड्रिल कए विद्यालयक बच्चा सभ कें आगि सं बचाव आ सुरक्षा संबंधी उपाय सभक जानकारी देलक। मॉक ड्रिलक दौरान अग्निशमन कर्मी सभ बच्चा सभ कें आगि लगबाक स्थिति मे सुरक्षित रहबाक, तत्काल बचावक उपाय अपनयबाक तथा अग्निशमन उपकरणक सही उपयोग करबाक तरीका बतौलनि। एहि दौरान विद्यालयक शिक्षक-शिक्षिका सहित सभ छात्र-छात्रा उपस्थित छलाह। अग्निशमन विभागक दल विद्यालय परिसर मे पर्चा वितरण कए लोक सभ कें आगलगीक घटना सं बचावक प्रति जागरूककएलक। बच्चा सभ कें बताओल गेल जे आगि लगबाक स्थिति मे घबरयबाक बदला तत्काल आसपासक लोक कें सूचना दैत सुरक्षित स्थान दिस चलि जेबाक चाही। अनुमंडल अग्निशमन पदाधिकारी ओंकारनाथ सिंह कहलनि जे विभागीय निर्देशानुसार क्षेत्र मे लगातार जागरूकता अभियान चलाओल जा रहल अछि। विद्यालय सभ मे मॉक ड्रिलक माध्यम सं बच्चा आ शिक्षक सभ कें आगि सुरक्षा प्रति जागरूक कएल जा रहल अछि, जाहि सं आपात स्थिति मे ओ सभ सुरक्षित ढंग सं बचावक उपाय अपना सकथि।

## एएसआइ कें बंधक बनेबाक आरोप मे, तीन युवक गिरफ्तार

# ट्रक जांच करबाक लेल पहुंचल पुलिस दल सं माइरपीट

समस्तीपुर, समदिया



उजियारपुर थाना क्षेत्रक नाजिरपुर हाट स्थित तीनवटिया लग शुक्रदिनक देर रात ट्रक जांच करबाक लेल पहुंचल पुलिस दलक संग विवादक बाद मारपीटक मामिला सोझां आयल अछि। पुलिसक आरोप अछि जे घटनास्थल पर जुटल लोक सभ गश्ती दलक संग धक्का-मुक्की कएलक। एएसआइ राजू कुमारक संग मारपीट कए हुनकर वर्दीक नेम बैज नोचि लेल गेल तथा किछु समय लेल हुनका बंधक बना लेल गेल। घटना मे एएसआइ सहित गश्ती दलक किछु पुलिसकर्मी घायल भेलाक बात कहल जा रहल अछि। पुलिस त्वरित कारबाइ करैत तीन युवक कें गिरफ्तार केने अछि। बताओल गेल जे शुक्रदिन राति करीब नौ बजे एएसआइ राजू कुमारक नेतृत्व मे पुलिस दल बाबू पोखर चौक दिस सं नाजिरपुर दिस गश्ति करैत छल। एहि दौरान नाजिरपुर हाट लग तीनवटिया मे सड़कक कात एकटा ट्रक ठाढ़ देखायल। पुलिस दल संदेहक आधार पर ट्रक कें रोकि ओकर जांच करबाक प्रयास कएलक। एहि दौरान घटनास्थल पर मौजूद किछु युवक ट्रकक तलाशी लेबाक विरोध कएलनि। एहि बात कें लए कए पुलिसकर्मी आ युवक सभक बीच कहासुनी शुरू भए गेल। देखिते-देखिते विवाद बढ़ि गेल आ धक्का-मुक्की शुरू भए गेल। पुलिसक अनुसार, एहि दौरान ट्रक कें ओतय सं हटाकऽ लए जेबाक प्रयास सेहो कएल गेल। विवादक जानकारी भेटलापर आसपासक लोक सेहो घटनास्थल पर जुटय लगलाह। भीड़ बढ़लापर स्थिति तनावपूर्ण भए गेल। पुलिसक आरोप अछि जे किछु लोक गश्ती दलक संग अभद्र व्यवहार करैत मारपीट शुरू कए देलक। एएसआइ राजू कुमार कें घेरि कए बंधक बना लेल गेल। आरोप अछि जे मारपीटक दौरान हुनकर वर्दी सं नेम बैज सेहो नोचि लेल गेल। घटनाक बाद पुलिस घटनास्थल पर कारबाइ करैत तीन युवक कें गिरफ्तार कए लेलक। गिरफ्तार आरोपित सभ सं पूछताछ कएल जा रहल अछि। पुलिस ई पता लगाबय मे जुटल अछि जे घटनाक समय घटनास्थल पर के-के लोक मौजूद छल आ पुलिस दलक संग भेल कथित मारपीट मे केकर की भूमिका छल। एहि बीच स्थानीय लोकक दिस सं पुलिस पर सेहो दुर्व्यवहार आ मारपीट करबाक आरोप लगाओल गेल अछि। ग्रामीण सभक कहब अछि जे ट्रकक जांच कें लए कए पुलिस आ स्थानीय लोकक बीच विवाद भेल छल। दुनू पक्षक दिस सं लगाओल गेल आरोपक पुलिस जांच कए रहल अछि। पुलिस ट्रक आ ओकर चालकक भूमिकाक सेहो जांच कए रहल अछि। ई पता लगाओल जा रहल अछि जे ट्रक कतय सं आयल छल, ओहि मे की सामान लदल छल आ पुलिस कोन आधार पर ओकर जांच शुरू केने छल। घटनास्थलक आसपासक लोक सं सेहो पूछताछ कएल जा रहल अछि। वरीय पुलिस उपाधीक्षक विवेक कुमार शर्मा तीन युवकक गिरफ्तारीक पुष्टि कएलनि। ओ कहलनि जे पूरा मामिलाक जांच कएल जा रहल अछि। जांच मे सोझां आबयवाला तथ्यक आधार पर आगू कानूनी कारबाइ कएल जायत।

# परामर्श सभा मे 6 मामिलाक भेल निष्पादन

मनीगाछी, समदिया

प्रखंड मुख्यालय स्थित सीओ कार्यालय मे शनिदिन आयोजित परामर्श सभा मे दुनू पक्षक सहमति आ उपलब्ध साक्ष्यक आधार पर 6 मामिलाक निष्पादन कए देल गेल। सीओ सुश्री भाग्यश्री राज कहलनि जे परामर्श सभा मे विचार लेल 7 आवेदन प्राप्त भेल छल। एहि मे सं 6 मामिलाक निष्पादन कएल गेल। एकरा अतिरिक्त शनिदिन विचार लेल दू नव आवेदन सेहो प्राप्त भेल अछि। दुनू मामिला मे संबंधित पक्ष कें नोटिस पठा कए अगिला तिथि मे उपस्थित होयबाक निर्देश देल गेल अछि।

# महात्मा गांधी शिक्षण संस्थान मे धूमधाम सं मनाओल गेल राष्ट्रीय खेल दिवस

दरभंगा, समदिया



राष्ट्रीय खेल दिवसक अवसर पर महात्मा गांधी शिक्षण संस्थानक बंगाली टोला, लहेरियासराय आ वाजितपुर परिसर मे विभिन्न खेल प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल। बंगाली टोला परिसर मे भेद-सदनीय कबड्डी प्रतियोगिता भेल, जाहि मे विद्यार्थी सभ उत्साह आ अनुशासनक संग भाग लेलनि। रोमांचक मोकाबला मे मयंक हाउस खिताब अपन नाम केलक। प्राचार्या श्रावणी शिखा कहलनि जे खेल सं विद्यार्थी सभ मे अनुशासन, नेतृत्व, टीम भावना, आत्मविश्वास आ संघर्ष करबाक क्षमता विकसित होइत अछि। ओ पढ़ाइक संग नियमित रूप सं खेल गतिविधि मे भाग लेबाक लेल विद्यार्थी सभ कें प्रेरित केलनि। ओ मेजर ध्यानचंदक योगदान कें सेहो स्मरण केलनि। वाजितपुर परिसर मे दौड़, कबड्डी आ खो- खो सहित विभिन्न प्रतियोगिता आयोजित भेल। कार्यक्रमक उद्घाटन प्रबंधक संजीव कुमार, प्राचार्य अजय झा आ समन्वयक शशांक श्रीवास्तव संयुक्त रूप सं केलनि। खेल प्रशिक्षक यशपालक निर्देशन मे विद्यार्थी सभ प्रतियोगिता मे भाग लेलनि। अंत मे विजेता विद्यार्थी सभ कें मेडल आ प्रमाणपत्र दए सम्मानित कएल गेल। समन्वयक शशांक श्रीवास्तव प्रतिभागी सभ कें बधाई दैत हुनकर उज्ज्वल भविष्यक कामना केलनि।

# धुर्वा डैमक चारू कात 5 किमी लंबा साइकिल ट्रैक-फुटपाथ बनत

## पिठोरिया-मेसरा रोड होयत जगमग

रांची,समदिया

राजधानी रांची मे स्मार्ट सिटी केर तर्ज पर अन्य सड़क सभके सेहो स्मार्ट बनेबाक कवायद शुरू कएल गेल अछि। शहरक एहन सड़क सभ जतय भविष्य मे विकासक संभावना अछि, ओहि सड़क सभके चिन्हित कए विकसित करबाक योजना बनाओल जा रहल अछि। पहिल चरण मे धुर्वा डैमक चारू कात करीब 5 किमी लंबा सड़कके पूरा तरहे विकसित कएल जाएत। सड़कक चौड़ाइ बढ़ेबाक संग कात मे फुटपाथ आ साइकिल ट्रैक बनाओल जाएत। पूरा सड़क पर सोलर लाइट लगाओल जाएत। एकर अतिरिक्त धुर्वा पोस्ट ऑफिस सं सिठियो रिंग रोड धरि करीब 5 किमी लंबा सड़कके फोर लेन बनाओल जाएत। रोडक दूनू कात फुटपाथ आसाइकिल ट्रैक बनत। एकर अतिरिक्त जगह-जगह ग्रीन एरिया विकसित कएल जाएत। एहि रूट मे जतय जरूरी होयत, ओतय रेलवे



ओवरब्रिज आ रेलवे अंडरपास सेहो बनाओल जाएत। तेसर योजना रांची केर कांके मे प्रस्तावित रिम्स-2 केर अछि। रिम्स-2 लए 1.70 किमी लंबा सड़कक निर्माण कएल जाएत। पिठोरिया-मेसरा रोड मे होसिर, एकांबा, राल आ सदकनादू होइत ई सड़क विकसित कएल जाएत। एकर दूनू कात फुटपाथ, साइकिल ट्रैक, ग्रीन पैच आ सोलर लाइट लगाओल जाएत। कंसल्टेंट चयन लए 8 सितंबर कें टेंडर खुलत। एहि मे चयनित एजेंसीके 45 दिनक भीतर संबंधित परियोजनाक डीपीआर तैयार करए पड़त। अगिला एक वर्षक

### » सिठियो धरि 4-लेन सड़क

दौरान निर्माण करबाक योजनाअछि। सुप्रीम कोर्टक आदेशक बाद सड़क पर पैदल चलनिहारके भेटत अधिकार सुप्रीम कोर्ट पछिला दिन सभ मे अपन एकटा फैसला मे सभ राज्यके सड़कक डिजाइन पैदल चलनिहारके ध्यान मे राखि कए तैयार करबाक निर्देश देलक अछि। शीर्ष अदालत स्पष्ट रूप सं कहलनि जे सड़कक कात पैदल चलनिहारक लए अलग पाथ वे बनेबाक चाही आ साइकिल सं चलनिहारक लए सेहो समर्पित लेन होमय चाही। अदालतक आदेशके ध्यान मे रखैत झारखंड मे प्रस्तावित सभ सड़कक निर्माण सेहो फुटपाथ-साइकिल ट्रैकके ध्यान मे राखि कए करबाक योजना बनाओल गेल अछि। एहि तरहे आब पैदल चलनिहारके सड़क पर ओतबे अधिकार भेटत, जतेकवाहन सं चलनिहारके भेटैत अछि।16.90 किमी लंबा साइकिल ट्रैक आ फुटपाथ बनत पथ निर्माण विभाग फिलहाल तीनटा पैघ योजनाके धरातल पर उतारबाक तैयारी कएलक अछि। तीनू परियोजना मे करीब 16.90 किमी लंबा सड़क बनत। एकरा संग ओतबे लंबा साइकिल ट्रैक आ फुटपाथ सेहो बनत। धुर्वा डैम आ सिठियो रिंग रोड धरि फोर लेन सड़क आ समर्पित साइकिल ट्रैक बनेबाक बाद एहि क्षेत्र मे पर्यटकक आवागमन बढ़त। संगहि पैदल चलनिहारक दुर्घटनाक संभावना सेहो बहुत कम होयत। डिजाइन बनेबाक संग जमीन अधिग्रहणक सेहो होयत सर्वे तीनू योजनाक लए कंसल्टेंसी एजेंसीके मात्र सड़कक डिजाइन तैयार नहि करए पड़त। ओकराजमीन अधिग्रहणक सर्वे करब, जमीनक स्वामित्व स्पष्ट करब, वन भूमिक सर्वे, रेलवे लाइन पर आरओबी वा अंडरपास बनेबाक आवश्यकताक आकलन करब सहित अन्य काज करए पड़त। फोर लेन सड़कक संग जगह-जगह ग्रीन पैच विकसित करबाक लए स्थल चिन्हित कएल जाएत। सड़क पर पहिल अधिकार पैदल चलनिहारक, तकर बाद साइकिल सवारक सड़क पर सब सं पहिल अधिकार पैदल चलनिहारक अछि। तकर बाद साइकिल चलनिहारक। तकर बादे मोटर वाहन सवारक लए सड़कक डिजाइन बनेबाक चाही। विदेश सभ मे एहन व्यवस्था अछि। मुदा एतय सड़कक निर्माण कए देल जाइत अछि आ फुटपाथ आ साइकिल ट्रैकक लए जगह बचेबे नहि करैत अछि। रांची मे प्रत्येक वर्ष करीब 600 लोकक मौत सड़कदुर्घटना मे भए जाइत अछि। एहि मे करीब 20 प्रतिशत मौत फुटपाथ-साइकिल ट्रैक नहि होएबाक कारण होइत अछि। • ऋषभ आनंद, ट्रैफिक एक्सपर्ट

# चुटुपालू घाटी मे 140 करोड़क सड़क सुरक्षा परियोजनाक होयत समीक्षा



रामगढ़,समदिया

चुटुपालू घाटी मे लगातार भए रहल सड़क दुर्घटना कें रोकबाक लए प्रस्तावित करीब 140 करोड़क सड़क सुरक्षा परियोजनाक काज सं पहिने एकर सभ तकनीकी पक्षक समीक्षा कएल जाएत। सांसद मनीष जायसवाल एनएचएआई आ प्रशासनिक पदाधिकारी सभक संग शुक्रदिन घाटीक ब्लैक स्पॉटक स्थलीय निरीक्षण कएलनि। ओ संबंधित अधिकारी सभ कें परियोजनाक प्रत्येक बिंदुक गहन तकनीकी समीक्षा भेलाक बादे काज शुरू करबाक निर्देश देलनि। सांसद कहलनि जे घाटी मे लगातार दुर्घटना कें देखैत ओपहिने केंद्रीय सड़क परिवहन आ राजमार्ग मंत्री नितिन गडकरी सं भेंट कए स्थिति केर जानकारी देने छलाह आ सड़क सुरक्षा व्यवस्था मजबूत करबाक मांग केने छलाह। सांसदक पहल पर करीब 140 करोड़क लागत सं परियोजनाक डीपीआर तैयार कएल गेल अछि। एहि मे खतरनाक आ तीखा मोड़ सभ कें सुरक्षित बनेबाक, आवश्यकताक अनुसार मोड़ मे सुधार करबाक आ ओकरा सीधा करबाक सहित अन्य सड़क सुरक्षा काज प्रस्तावित अछि। एनएचएआई दिस सं परियोजनाक टेंडर सेहो जारी कएल जा चुकल अछि।सांसद कहलनि जे ई मात्र निर्माण काज नहि, बल्कि हजारो यात्री आ आम लोकक जीवनक सुरक्षा सं जुड़ल विषय अछि। तें काज शुरू होए सं पहिने तकनीकी स्तर पर पूरा समीक्षा जरूरी अछि। निरीक्षणक दौरान सांसद प्रतिनिधि राजीव जायसवाल घाटीक खराब प्रकाश व्यवस्थाक मुद्दा उठौलनि। ओ राति मे दुर्घटनाक आशंका कें देखैत प्रकाश व्यवस्था तत्काल दुरुस्त करबाक मांग कएलनि। संगहि क्रैश बैरियरक डिजाइन आ वर्तमान स्थितिक विशेषज्ञ सभ सं समीक्षा करयबाकसुझाव देलनि। मौका पर एसडीओ केएम तिर्की, एनएचएआई परियोजना निदेशक विजय कुमार, क्षेत्रीय कार्यालय पदाधिकारी धीरज भारती, ट्रैफिक इंस्पेक्टर गजेंद्र पांडेय, रामगढ़ थाना प्रभारी नवीन प्रकाश पांडेय सहित कतेको भाजपा नेता उपस्थित छलाह।

# राष्ट्रीय आयुष मिशनक लए 11.55 करोड़ रुपैया आवंटित

## 'एसएनए स्पर्श' सं आयुष मिशनक राशि निकासी आ हस्तांतरण

रांची,समदिया

झारखंड मे राष्ट्रीय आयुष मिशनक प्रभावी संचालनक लए केंद्र सरकार 11 करोड़ 55 लाख 48 हजार रुपैयाक राशि आवंटित कएलक अछि। स्वास्थ्य विभाग वित्तीय वर्ष 2026-27 लए एहि संबंध मे आधिकारिक आदेश जारी कए देलक अछि। केंद्र प्रायोजित ई योजना 60:40 केरअनुपात पर संचालित होयत। एहि मे 60 प्रतिशत केंद्रांश आ 40 प्रतिशत राज्यांश अछि। राशि 'एसएनए स्पर्श' केर माध्यम सं उपलब्ध कराओल गेल अछि। एहि प्रणालीक माध्यम संए राशि केर निकासी आ हस्तांतरणहोयत। स्वास्थ्य विभागक आदेशक अनुसार फंडक उपयोग मात्र भारत सरकार दिस सं स्वीकृत योजना आ कार्यक्रम मे कएल जा सकत। राशिक उपयोग निर्धारित उद्देश्य सं अलग कोनो अन्य मद मे नहि कएल जाएत। राज्य मे आयुष मिशन सं जुड़ल योजना आ कार्यक्रमक संचालन मे एहि राशिक उपयोग होयत।फंडिंग आ खर्चक शर्तफंडिंग पैटर्न (60:40):




योजना मे 60 प्रतिशत राशि केंद्र आ 40 प्रतिशत राशि राज्य सरकार वहन करत।सक्षम स्तर सं मंजूरी जरूरी : राशि निकासी सं पहिने संबंधित योजना आ कार्यक्रम लए सक्षम प्राधिकारक प्रशासनिक स्वीकृति अनिवार्य होयत।उपयोगिता प्रमाण-पत्र जमा भेला परए नव राशि खर्च कएल जा सकतराज्य स्तर पर 'उप निदेशक (यूनानी)' आ जिला स्तर पर संबंधित 'जिला आयुष चिकित्सा पदाधिकारी'के निकासी आ व्ययन पदाधिकारी बनाओल गेल अछि। राशि संबंधित कोषागार संनिकालल जाएत। विभाग स्पष्ट कएलक अछि जे सक्षम स्तर सं योजनाक स्वीकृति भेटलाक बादे राशि खर्च कएल जा सकत। एकर संग पहिने आवंटित राशिक उपयोगिता प्रमाण-पत्र जमा करब सेहो अनिवार्य होयत। प्रमाण-पत्र जमा भेला बादे नव राशि खर्च कएल जाएत।

# धनबाद मे पाइप्ड नेचुरल गैस आपूर्तिक शुरुआत, आईआईटी आईएसएम बनल जिलाक पहिल संस्थान

धनबाद,समदिया

जिला मे पाइप्ड नेचुरल गैस (पीएनजी) केर इस्तेमालक दिशा मे पैघ शुरुआत भेल अछि। आईआईटी आईएसएम जिला केर पहिल संस्थान बनि गेल अछि, जतय पाइपलाइनक माध्यम सं प्राकृतिक गैसक आपूर्ति शुरू कए देल गेल अछि।शनिदिन संस्थानक 150 क्वार्टर क्षेत्र, जे गिरिडीह रोड साइड (जीआर) क्षेत्रक नाम सं जानल जाइत अछि, ओतय पीएनजी आपूर्तिक औपचारिक शुभारंभ कएल गेल। संस्थानक निदेशक प्रो. सुकुमार मिश्रा आ दीप्ति लेडीज क्लबक अध्यक्ष शकुंतला मिश्रा संयुक्त रूप सं पीएनजी आपूर्तिक शुरुआत कएलनि। एहि कार्यक्रम मे संस्थानक शिक्षक, अधिकारी, कर्मचारी, गेल गैसक अधिकारी आ आवासीय परिसरक लोक उपस्थित छलाह। एहि अवसर पर निदेशक प्रो. सुकुमार मिश्रा कहलनि जे कम समय मे पीएनजी कनेक्शनक सुविधा शुरू होनाइ संस्थानक लए महत्वपूर्ण



उपलब्धि अछि। ओ कहलनि जे ई मात्र आईआईटी आईएसएमक लए नहि, बल्कि धनबाद मे स्वच्छ ऊर्जाक इस्तेमालक दिशा मे सेहो महत्वपूर्ण कदम अछि।ओ कहलनि जे पीएनजी कोयला आ एलपीजी जेना पारंपरिक ईंधनक तुलना मे बेसी स्वच्छविकल्प अछि। एहि सं प्रदूषण कम करए मे सहायता भेटत आ कैंपस कें बेसी सुरक्षित आ पर्यावरण अनुकूल बनाओल जा सकत। संस्थानक लक्ष्य सेहो स्वच्छ, हरित आ टिकाऊ परिसर विकसित करब अछि। आईआईटी आईएसएमक रजिस्ट्रार कहलनि जे पीएनजी परियोजना संस्थानक महत्वपूर्ण योजना सभ मे शामिल अछि। एकर शुरुआत भेला सं परिसर मे रहनिहार लोक सभ कें भोजन बनेबाक लए लगातार आ सुविधाजनक गैस उपलब्ध होयत। एलपीजी सिलेंडरक बुकिंग, डिलीवरी आभंडारणक परेशानी सं सेहो बहुत हद धरि राहति भेटत।संस्थान मे पाइप्ड नेचुरल गैस कनेक्शन लगएबाक काज चरणबद्ध रूप सं चलि रहल अछि। पहिल चरण मे 150 क्वार्टर अर्थात गिरिडीह रोड साइड क्षेत्र कें पीएनजी नेटवर्क सं जोड़ल गेल अछि। एकर अतिरिक्त करीब 180 दोसर क्वार्टर आ स्टाफ आवास मे कनेक्शन देबाक काज जारी अछि। संस्थानक योजना सितंबर धरि पूरा आवासीय परिसर मे पाइप्ड नेचुरल गैस कनेक्शन उपलब्ध करएबाक अछि। एकर बाद छात्रावास आ आवश्यकताक अनुसार संस्थानक अन्य भवन सभ कें सेहो एहि नेटवर्क सं जोड़ल जाएत। पूरा आईआईटी आईएसएम परिसर मे 647 सं बेसी पाइप्ड नेचुरल गैस कनेक्शन देबाक योजना अछि। धनबाद मे पीएनजी नेटवर्क विस्तार कें भेटत बढ़ावागेल गैस लिमिटेड, धनबादक डीजीएम-सीजीडी प्रोजेक्ट (ओआईसी) तपन पालई संस्थान मे पाइप्ड नेचुरल गैस सेवा शुरू होनाइ धनबाद मे गैस नेटवर्कक विस्तारक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम बतौलनि। ओ कहलनि जे आईआईटी आईएसएम धनबाद जिला केर पहिल पैघ संस्थान अछि, जतय पाइप्ड नेचुरल गैसक सुविधा शुरू कएल गेल अछि। ओ बतौलनि जे पाइप्ड नेचुरल गैसक प्रमुख विशेषता मे निरंतर आपूर्ति, इस्तेमाल मे सहजता, सुरक्षा आ तुलनात्मक रूप सं कम लागत शामिल अछि। पाइपलाइनक माध्यम सं गैस उपलब्धभेला सं उपभोक्ता सभ कें बेर-बेर सिलेंडर बदलए वा बुकिंग करए पड़त नहि। संगहि स्वच्छ ईंधनक इस्तेमाल सं पर्यावरण पर सेहो सकारात्मक प्रभाव पड़त। कार्यक्रम मे संस्थानक उप निदेशक प्रो. शरत कुमार, डीन (इन्फ्रास्ट्रक्चर) प्रो. कल्याण चटर्जी, शिक्षक, अधिकारी आ कर्मचारी, गेल गैस लिमिटेडक प्रतिनिधि आ 150 क्वार्टर क्षेत्रक निवासी उपस्थित छलाह।आईआईटी आईएसएम मे पाइप्ड नेचुरल गैसक शुरुआत कें संस्थानक ऊर्जा आ पर्यावरण प्रबंधन सं जुड़ल प्रयासक महत्वपूर्ण हिस्सा मानल जा रहल अछि। आवासीय क्वार्टरक बाद छात्रावास आ अन्य भवन धरि एकर विस्तार भेला सं आगू कैंपस मे स्वच्छ ईंधनक दायरा आरो बढ़त।

# झारखंड मे मौसमी फ्लू कें लए सतर्कता, स्वास्थ्य विभाग जारी कएलक परामर्श

## अस्पताल सभ मे बनत आइसोलेशन वार्ड

रांची,समदिया

देशक कतेको राज्य दिल्ली, कर्नाटक, केरल, महाराष्ट्र आ राजस्थान मे इन्फ्लूएंजा ए एच1एन1 आ एच3एन2 केर बढ़ैत मामिला कें देखैत झारखंडक स्वास्थ्य विभाग सतर्क भए गेल अछि। मुदा स्वास्थ्य विभागक अनुसार, एखन झारखंड मे इन्फ्लूएंजा संक्रमणक पुष्टि नहि भेल अछि। एहतियात आ जागरूकताक माध्यम सं संक्रमण सं बचाव संभव अछि। केंद्र सरकारक स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण मंत्रालय सं भेटल निर्देश केर बाद राष्ट्रीय स्वास्थ्यमिशन, झारखंडक अभियान निदेशक शशि प्रकाश झा राज्यक सभ सिविल सर्जन, मेडिकल कॉलेज आ जिला सर्विलेंस पदाधिकारी सभ कें सतर्क रहबाक आ लगातार निगरानी रखबाक निर्देश देलनि। एकीकृत रोग निगरानी कार्यक्रम (आईडीएसपी) अंतर्गत राज्य सर्विलेंस पदाधिकारी डॉ. प्रदीप कुमार सिंहक देखरेख मे पूरा राज्य मे आईएलआई (सर्दी, खांसी आ बोखार)



आ सारी (गंभीरश्वसन संक्रमण) केर मामिला पर दैनिक निगरानी कएल जा रहल अछि। एहि मामिला केररिपोर्टिंग आईएचआईपी पोर्टल पर सेहो सुनिश्चित कएल जा रहल अछि।संक्रमण सं निपटबाक लए राज्य स्तर पर तैयारी शुरू कएल गेल अछि। इन्फ्लूएंजा ए एच1एन1 आ एच3एन2 केर जांचक सुविधा रिम्स, रांची आ एमजीएम, जमशेदपुर मे उपलब्ध करा देल गेल अछि। एकरा संगहि सभ जिला अस्पताल आ मेडिकल कॉलेज मे संभावित आ संक्रमित रोगी सभक उपचारक लए कम सं कम 10 बेड केर आइसोलेशन वार्ड चिन्हित करबाक निर्देश देल गेल अछि। अस्पताल सभ मे पीपीई किट, एन95 मास्क, ट्रिपल लेयर मास्क, वीटीएम किट, जरूरी दवाइ, ऑक्सीजन उपकरण आ वेंटिलेटरक पर्याप्त व्यवस्था राखबाक कहल गेल अछि। अस्पतालक ओपीडी मे आबि रहल आईएलआई आ सारी रोगी सभक अनिवार्य स्क्रीनिंग कएलजाएत। एहि लए डॉक्टर आ स्वास्थ्यकर्मी सभ कें मास्क पहिरबाक सेहो सख्त निर्देश देल गेल अछि।इन्फ्लूएंजा सं बचाव, एकर लक्षण आ की करबाक अछि आ की नहि करबाक अछि, एहि सं जुड़ल जानकारी लोक सभ धरि पहुंचाओल जा रहल अछि। आईईसी केर स्टेट नोडल ऑफिसर डॉ. राहुल किशोर सिंह कहलनि जे जागरूकता सामग्रीक माध्यम सं लोक सभ कें संक्रमण सं बचावक संबंध मे जानकारी देल जा रहल अछि। स्वास्थ्य विभागक परामर्शक अनुसार, बुजुर्ग, 5 वर्ष धरि केर छोट बच्चा, गर्भवती महिला आ पुरान गंभीर रोग सं पीड़ित लोक संक्रमणक प्रति बेसी संवेदनशील छथि। तें हुनकर विशेष ध्यान रखबाक आवश्यकता अछि।राज्य सर्विलेंस पदाधिकारी डॉ. प्रदीप कुमार सिंह कहलनि जे सभ सरकारी आ निजी अस्पतालकें रोगी सभक डेटा आईएचआईपी पोर्टल पर नियमित रूप सं दर्ज करबाक निर्देश देल गेल अछि। स्वास्थ्य विभाग लोक सभ कें संक्रमण सं बचावक लए किछु सावधानी बरतबाक सलाह देलक अछि। लक्षण देखाइ देला पर लोक सभ सं तुरंत अपन नजदीकी सदर अस्पताल वा सरकारी चिकित्सा संस्थान सं संपर्क करबाक अपील कएल गेल अछि।स्वास्थ्य संबंधी कोनो परामर्श, लक्षण देखाइ देला पर सलाह वा सरकारी स्वास्थ्य सुविधा संबंधी जानकारीक लए राज्य सरकारक 24 घंटा उपलब्ध हेल्पलाइन नंबर 104 पर संपर्क कएल जा सकैत अछि।

# हजारीबाग मे तीन दिवसीय प्रमंडलीय खेल महोत्सवक शुरुआत

## सात जिलाक खेलाड़ी लए रहल छथि भाग

हजारीबाग,समदिया

राष्ट्रीय खेल दिवसक अवसर पर शनिदिन, 29 अगस्त सं हजारीबाग मे तीन दिवसीय प्रमंडलीय खेल महोत्सवक आगाज भेल। महोत्सवक उद्घाटन सांसद मनीष जायसवाल, विधायक प्रदीप प्रसाद, अमित यादव आ उपायुक्त हेमंत सती संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए कएलनि।जिला प्रशासन आ हजारीबाग ओलंपिक संघक संयुक्त तत्वावधान मे आयोजित एहि खेल महोत्सव मे हजारीबागक संग कोडरमा, चतरा, गिरिडीह, रामगढ़, बोकारो आ धनबादक खेलाड़ी हिस्सा लए रहल छथि। खेल



महोत्सवक शुरुआत स्वागत समारोह आ मार्चपास्टक संग भेल। एहि मे पैघ संख्या मे खेलाड़ी उत्साहक संग भाग लेलनि। आयोजनक लए एक हजार सं बेसी खेलाड़ी पंजीयन करा लेने छथि। शनिदिन 800 मीटर दौड़ आ फुटबॉल मैचक संग प्रतियोगिता सभक शुरुआत कएल गेल। तीन दिन धरि विभिन्न खेल स्पर्धाक आयोजन कएल जाएत, जाहि मे अलग-अलग जिला सं पहुंचल खेलाड़ी अपन प्रतिभाक प्रदर्शन करताह।

# पार्श्वगायक मुकेशक 50म पुण्यतिथि पर बोकारो मे देल गेल स्वरमयी श्रद्धांजलि

बोकारो,समदिया

फिल्म संगीत के प्रख्यात पार्श्वगायक मुकेश के 50म पुण्यतिथि पर बोकारो के कलाकारसभ हुनक गाओल किछु यादगार गीतसभक सुमधुर प्रस्तुति सं हुनका स्वरमयी श्रद्धांजलि देलनि। सेक्टर 6 बी मे आयोजित संगीत संध्या मे गायक अरुण पाठक, शेखर दा, अरुप कुमार मिश्रा, गंगा मिश्रा आदि फिल्म संगीत मे मुकेश के योगदान के याद करैत हुनका श्रद्धांजलि देलनि। गायक अरुण पाठक कहलनि जे फिल्म संगीतक स्वर्णिम दौर के तीन प्रमुखपार्श्वगायक मो रफी, मुकेश व किशोर कुमार मे संख्या के हिसाब सं मुकेश जी कम गीत गओलनि लेकिन हुनक गाओल अधिकतर



गीत खूब लोकप्रिय भेल। खुशी, उल्लास, दर्द सभ तरहक गीतसभकें बहुत संजीदगी सं गाबिकय मुकेश जी अमर क देलनि। खासकय हुनक गाओल दर्द भरल गीत बहुत चर्चित आ प्रशंसित भेल। भारत के फिल्म संगीत के सर्वप्रथम अंतर्राष्ट्रीय ख्याति दिआबयवला गायक मुकेश छलाह। हुनक गाओल गीत आवारा हूं या गर्दिश में हूं आसमान का तारा हूं..., मेरा जूता है जापानी ये पतलून इंगलिस्तानी... आदि विदेश मे सेहो खूब लोकप्रिय भेल। एहि संगीत संध्या मे अरुप कुमार मिश्रा सुहानी चांदनी रातें हमें सोने नहीं देती.., चांद सी महबूबा हो..., शेखर दा डम डम डिगा डिगा मौसम भींगा-भींगा.., अरुण पाठक जाने कहां गए वो दिन..., कहता है जोकर सारा जमाना, आधी हकीकत आधा फसाना...., सबकुछ सीखा हमने न सीखी होशियारी.., मेरा नाम राजू घराना अनाम, बहती है गंगा जहां मेरा धाम.., जीना यहां मरना यहां इसके सिवा जाना कहां..., मेरा जूता है जापानी..., तौबा ये मतवाली चाल..., मुबारकहो सबको समां ये सुहाना..., हम छोड़ चले हैं महफिल को याद आए कभी तो मत रोना..., आदि गीतक सुमधुर व भावपूर्ण प्रस्तुति सं सभकें मंत्रमुग्ध क देलनि।

# टायर बदलैत काल पलटल ट्रक, चालक घायल, ट्रक मे लादल सभ सामान सड़क पर बिखरल

चाईबासा ,समदिया

पश्चिमी सिंहभूम जिला केर मुफ्फसिल थाना क्षेत्रक टेकासाई स्थित सनशाइन रेस्टोरेंटक लग शनि कें एकटा ट्रक टायर बदलैत काल पलटि गेल। एहि दुर्घटना मे ट्रक चालकगंभीर रूप सं घायल भए गेलाह, जखनकि ट्रक मे लदल सभ सामान सड़क पर बिखरि गेल।जानकारीक अनुसार, मां वैष्णो ट्रांसपोर्टक ई ट्रक जमशेदपुर सं चाईबासा दिस आबि रहल छल। टेकासाई लग पहुंचला पर ट्रकक एकटा टायर पंचर भए गेल। चालक वाहन कें सड़कक कात मे ठाढ़ कए पंचर टायर बदलए शुरू कएलनि, तखने अनचोके ट्रक असंतुलित भए पलटि गेल।टायर बदलि रहल चालक रिंकू सिंह, जे जमशेदपुरक बागबेड़ा



निवासी छथि, ट्रकक चपेट मे आबि गेलाह। हुनकर बाम पैर वाहनक नीचां बुरी तरहे दबि गेल। दुर्घटनाक बाद घटनास्थल पर अफरातफरी मचि गेल आ ट्रक मे लदल सामान सड़क पर पसैर गेल। सूचना भेटिते मुफ्फसिल थाना प्रभारी बिनोद कुमार पुलिस बलक संग घटनास्थल पर पहुंचलाह।स्थानीय लोक आ पुलिस मिलि कए बहुत प्रयासक बाद चालक कें ट्रकक नीचां सं बाहरनिकाललनि। गंभीर रूप सं घायल रिंकू सिंह कें तत्काल टोटो केर सहायता सं सदर अस्पताल, चाईबासा पठाओल गेल। प्राथमिक उपचारक बाद चिकित्सक सभ हुनकर गंभीर स्थिति कें देखैत नीकइलाजक लए जमशेदपुर रेफर कए देलनि। एहि दुर्घटनाक कारण किछु समय धरि यातायात प्रभावित रहल। पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि सड़क सं सामान हटबौलनि आ ट्रक कें कात करौलनि, जाहिक बाद यातायात सामान्य भए सकल। पुलिस घटनास्थलक जायजा लेने अछि आ दुर्घटनाक कारणक जांच शुरू कए देलक अछि। प्रारंभिक जानकारीक अनुसार, टायर बदलैत काल ट्रक असंतुलित भेला सं ई दुर्घटना भेल।

# 80 हजार घर धरि पहुंचत नलक पानि बिहारशरीफ मे बनत 13 नव जलमीनार

## शहरी जलापूर्ति फेज-दूक अंतर्गत 60 एमएलडी जलापूर्ति होयत

**नालंदा, समदिया**

गर्मीक मौसिम मे बिहारशरीफ शहरक लोकके पेयजल संकट सं निजात दिअबय लए कवायद तेज कएल गेल अछि। शहरी जलापूर्ति योजना (फेज-दू) केर अंतर्गत मार्च 2027 धरि नगर निगमक सभ 51 वार्ड मे नल-जल केर दायरा बढ़ेबाक लक्ष्य तय कएल गेल अछि। एहि माध्यम सं शहरक पुरान वार्ड सभक संग पांच नव विस्तारित वार्डक करीब 80 हजार घर धरि पाइपलाइन सं सीधे शुद्ध पानि पहुंचाओल जाएत।



नगर निगम क्षेत्रक करीब 80 हजार घर धरि नियमित पानि पहुंचाबए लए प्रतिदिन करीब 60 एमएलडी (6 करोड़ लीटर) पानिक आवश्यकता होयत। एहि मे पुरान वार्डक 59,562 घर आ विस्तारित पांच वार्डक 20,485 घर शामिल अछि। योजनाक अंतर्गत विस्तारित क्षेत्र सभके पहिल बेर व्यवस्थित जलापूर्ति नेटवर्क सं जोड़ल जा रहल अछि, जाहि सं गर्मीक दिन मे अनचोके बढ़निहार मांगके सहज रूप सं पूरा कएल जा सकय।

### शहर मे जलमीनारक संख्या बढ़ि कए होयत 23

बुडकोक सहायक अभियंता कुंदन कुमार त्रिपाठी बतौलनि जे वर्तमान मे शहर मे 10 जलमीनार कार्यरत अछि। जलापूर्तिके सुदृढ़ करबाक लए 13 नव उच्च क्षमता बला जलमीनारक निर्माण कराओल जा रहल अछि, जेकर बाद कुल जलमीनारक संख्या 23 भए जाएत। नव जलमीनारक निर्माण महलपर, छोटी पहाड़ी, नालंदा महिला कॉलेज, अंबेर, ईमादपुर, लोहगानी, खरजंमा, शिवाजीनगर, कोसुक, रांची-पटना हाईवे, मघड़ा आ रामलखन सिंह यादव कॉलेजक लग तेजी सं चलि रहल अछि।

### मघड़ा मे बनि रहल सब सं पैघ जलभंडारण केंद्र

क्षेत्रवार आवश्यकताक अनुसार जलमीनारक क्षमता 5.5 लाख सं 23 लाख लीटर धरि राखल गेल अछि। मघड़ा मे सब सं पैघ 23 लाख लीटर (2300 केएल) क्षमताक जलमीनार बनि रहल अछि। एकर अतिरिक्त कोसुक आ रांची-पटना हाईवे मे 12-12 लाख लीटर, रामलखन सिंह यादव कॉलेजक लग 13.5 लाख लीटर, छोटी पहाड़ी मे 9.5 लाख लीटर, लोहगानी, महलपर आ खरजंमा मे 8-8 लाख लीटर, शिवाजीनगर मे 7 लाख लीटर, अंबेर आ ईमादपुर मे 6-6 लाख लीटर तथा नालंदा महिला कॉलेज मे 5.5 लाख लीटर क्षमताक जलाशय बनाओल जा रहल अछि।

### जलस्रोत कें मजबूत करबाक लेल 23 नव बोरिंग प्रस्तावित

पेयजल केर मुख्य स्रोत सभके सुदृढ़ करबाक लए बुडको शहरक 23 चिन्हित स्थान पर उच्च क्षमता बला बोरिंग कराबय केर प्रस्ताव तैयार कएलक अछि। विभागीय स्वीकृति भेला बाद बोरिंगक काज शुरू होयत, जाहि सं शहरक कम दबाव बला क्षेत्र सभ मे सेहो भरपूर पानि भेटि सकय।

नव जलमीनार आ विस्तारित पाइपलाइन नेटवर्क चालू भेला सं शहर मे पेयजल संकट आ लो-प्रेशरक समस्या सं पूरा तरहे निजात भेटबाक आशा अछि।

# ग्राम रक्षा दलक सदस्य सभ कें देल गेल आगि सुरक्षाक प्रशिक्षण

## आगि सं बचावक बताओल गेल उपाय

**खगड़िया, समदिया**

अनुमंडल अग्निशामालय पदाधिकारी संध्या कुमारीक नेतृत्व मे विभिन्न क्षेत्र सं आएल ग्राम रक्षा दलक सदस्य सभके आगि सुरक्षा आ आगि सं बचावके लए विशेष प्रशिक्षण देल गेल।



प्रशिक्षणक दौरान ग्रामीण क्षेत्र मे आगि लगबाक संभावित कारण, आगि सं बचावक उपाय तथा आगि लगबाक स्थिति मे तत्काल करबाक आवश्यक काजक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देल गेल। एहि अवसर पर जिलाक विभिन्न क्षेत्र सं आएल करीब 100 ग्राम रक्षा दलक सदस्य सभके आगि सं बचाव आ आपात स्थिति मे राहति-बचावक व्यावहारिक तरीका सभ सं अवगत कराओल गेल। प्रशिक्षणक उद्देश्य ग्रामीण स्तर पर आगि सुरक्षाक प्रति जागरूकता बढ़ेनाइ तथा आपदाक स्थिति मे ग्राम रक्षा दलक सदस्य सभके त्वरित आ सुरक्षित तरीका सं काज करबाक लए तैयार करब छल। प्रशिक्षण मे बताओल गेल जे आगि लगला पर घबराएबाक बदला सब सं पहिने आसपासक लोकके सतर्क करबाक चाही आ सुरक्षित स्थान पर पहुंचबाक प्रयास करबाक चाही। संभव होए तं बिजलीक मुख्य आपूर्ति बंद कए देबाक चाही तथा आगिक प्रकृतिक अनुसार बालू, माटि, पानि वा उपलब्ध अग्निशामक यंत्रक सुरक्षित तरीका सं उपयोग करबाक चाही।

संगहि, आगिके पसरए सं रोकबाक लए ज्वलनशील पदार्थके आगि सं दूर राखबाक आ तत्काल अग्निशमन विभागके सूचना देबाक जानकारी देल गेल।

ग्राम रक्षा दलक सदस्य सभके विशेष रूप सं ई सेहो बुझाओल गेल जे रसोई गैस, बिजलीक उपकरण, शॉर्ट सर्किट अथवा ज्वलनशील पदार्थ सं लागल आगि पर बिना जानकारीक पानि नहि देबाक चाही, किएक ताहि सं खतरा आरो बढ़ि सकैत अछि।

आगि लगबाक स्थिति मे लोकके सुरक्षित बाहर निकालब, भीड़के नियंत्रित करब आ अग्निशमन दलक पहुंचए धरि आवश्यक सहयोग करब सेहो प्रशिक्षणक महत्वपूर्ण हिस्सा रहल।

कार्यक्रमक दौरान प्रधान अग्निक अमलेश कुमार, पंकज कुमार, चमन रजा, पार्वती कुमारी, शब्बा आ मुन्ना आलम सहित अन्य कर्मी उपस्थित रहलाह।

# महिला आ बेटी सभक सुरक्षाक लए पुलिस दीदी टीमक गश्त शुरू



**पूर्णिया, समदिया**

महिला आ बालिका सभके सुरक्षित आ भयमुक्त माहौल देबाक लए पूर्णिया पुलिस सुरक्षा व्यवस्था मजबूत कएलक अछि। रक्षाबंधनक अवसर पर शुक्र दिन पुलिस केंद्र सं पुलिस दीदी टीमक विशेष वाहन सभके विदा कएल गेल। टीम शहरक संवेदनशील आ भीड़भाड़ बला क्षेत्र सभ मे गश्त करैत महिला आ बालिका सभक सुरक्षा पर नजरि राखत।

मुख्यमंत्रिक निर्देश पर राज्यभरि मे महिला सभक सुरक्षाक लए अभया ब्रिगेडक गठनक पहल कएल गेल अछि। एहि क्रम मे 26 अगस्त कें महिला सुरक्षाक लए समर्पित दुपहिया वाहन सभके विदा कएल गेल छल।आब 28 अगस्त कें पुलिस दीदी टीमके विशेष रूप सं सक्रिय कएल गेल अछि। टीमके स्कूल, कॉलेज, पार्क, मॉल, कोचिंग संस्थान सहित अन्य प्रमुख सार्वजनिक स्थल सभ पर नियमित गश्त आ लगातार निगरानी करबाक निर्देश देल गेल अछि।

सदर एसडीपीओ अभिनव परासर बतौलनि जे महिला सुरक्षाक लए 20 पिंक स्कूटी आ 15 बाइक उपलब्ध कराओल गेल अछि। एहि वाहन सभ सं पुलिसकर्मी अलग-अलग क्षेत्र मे लगातार गश्त करताह। स्कूल-कॉलेज खुलबाक आ छुट्टीक समय, बाजार, पार्क, मॉल आ कोचिंग संस्थानक आसपास पुलिसक मौजूदगी बढ़ाओल जाएत।

पुलिसक उद्देश्य सार्वजनिक स्थल सभ पर सक्रिय मौजूदगीक माध्यम सं महिला आ बालिका सभ मे सुरक्षाक भरोसा पैदा करब अछि। अभियानक दौरान छेड़खानी, पीछा करब अथवा महिला सभके परेशान कएनिहार असामाजिक तत्व सभ पर विशेष नजरि राखल जाएत।

# बक्सर मे ट्रैफिक जामक समस्या सं लोक कें भेटत राहति

## इटाढ़ी रेलवे गुमटी खोलबाक सैद्धांतिक अनुमति भेटल

**बक्सर, समदिया**

बक्सर शहरक निवासी सभक लए महत्वपूर्ण खबर अछि। दीर्घ समय सं बंद पड़ल इटाढ़ी रेलवे गुमटीके फेर सं खोलबाक सैद्धांतिक अनुमति भेटि गेल अछि। एहि अनुमतिक बाद गुमटीके आम लोकक आवागमनक लए खोलबाक प्रक्रिया शुरू कएल गेल अछि।

मुदा, एकरा खोलबाक पहिने रेलवे द्वारा तकनीकी, प्रशासनिक आ अन्य आवश्यक औपचारिकता पूरा कएल जाएत।

सांसद सुधाकर सिंह एहि संबंध मे जानकारी दैत बतौलनि जे गुमटी खोलबाक लए सैद्धांतिक सहमति भेटि गेल अछि। आब आवश्यक प्रक्रिया पूरा कएल जा रहल अछि।

कतेको क्षेत्र मे ट्रैफिकक समस्या बढ़ि गेल छल

एहि औपचारिकता सभके पूरा करब मे करीब एक सप्ताहक समय लागि सकैत अछि। सभ जरूरी प्रक्रिया पूरा होइतहि इटाढ़ी रेलवे गुमटी आम लोकक लए खोलि देल जाएत।




इटाढ़ी रेलवे गुमटी बंद रहला सं बक्सर शहर आ आसपासक क्षेत्र सभ मे यातायातक समस्या बढ़ि गेल छल। लोकके आवागमनक लए वैकल्पिक बाटक उपयोग करए पड़ैत छल।

एकर परिणामस्वरूप शहरक कतेको प्रमुख मार्ग पर वाहनक दबाव बढ़ि गेल छल आ बेर-बेर जामक स्थिति बनैत छल।

गुमटी बंद रहबाक कारण कार्यालय जाए बला कर्मचारी, स्कूली बच्चा, व्यवसायी, किसान आ दैनिक यात्री सभके बहुत परेशानीक सामना करए पड़ैत छल।

तकनीकी आ प्रशासनिक प्रक्रिया पर लोकक नजरि

गुमटी खुजला सं लोकके सीधा आ सुगम बाट भेटबाक आशा अछि। संगहि, वैकल्पिक मार्ग पर वाहनक दबाव कम भेला सं जामक समस्या सं सेहो राहति भेटि सकैत अछि।

सांसद सुधाकर सिंह कहलनि जे जनता केर सुविधा आ बक्सरक विकास सं जुड़ल मुद्दा सभके प्राथमिकताक संग उठेनाइ हुनकर जिम्मेदारी अछि।

इटाढ़ी रेलवे गुमटीके फेर सं खोलबाक दिशा मे भेटल सैद्धांतिक अनुमति हुनकर एहि प्रयासक परिणाम अछि।

आब लोकक नजरि अगिला किछु दिन मे पूरा होमय बला तकनीकी आ प्रशासनिक प्रक्रिया पर टिकल अछि।

# कैमूर मे 4,943 रूफटॉप सोलर पैनल लगेनाइक लक्ष्य, 15 अक्टूबर धरि पूरा करबाक निर्देश


**भभुआ, समदिया**

जिला समाहरणालय मे जिलाधिकारी कुमार अनुरागक अध्यक्षता मे ह्यप्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाह्न आ यूएलए योजनाक प्रगतिक समीक्षा बैठक आयोजित कएल गेल।

जिलाधिकारी अधिकारी सभके रूफटॉप सोलर संयंत्रक स्थापना मे तेजी आनबाक, लंबित आवेदनक शीघ्र निष्पादन करबाक आ व्यापक प्रचार-प्रसार करबाक निर्देश देलनि।

बैठकक दौरान जिलाधिकारी यूएलए योजनाक अंतर्गत कार्यरत एजेंसी जीनस पावरके प्रतिदिन 145 सोलर पैनल स्थापित करबाक लक्ष्य देलनि। ओ पहिल चरणक 4,943 पैनलक लक्ष्यके 15 अक्टूबर धरि पूरा करबाक सेहो निर्देश देलनि। विद्युत अभियंता सभके प्रतिदिन 125 नव पंजीकरणक लक्ष्य देल गेल अछि।

जिलाधिकारी 300 यूनिट सं बेसी बिजली खपत कएनिहार उपभोक्ता सभ सं सीधा संपर्क कए हुनका सभके योजना सं जोड़बाक सुझाव देलनि। एकर अतिरिक्त बीपीएल परिवारक लए कुटीर ज्योति योजनाक अंतर्गत 1.1 किलोवाट केर सोलर संयंत्र पूरा



तरहे निःशुल्क लगाओल जाएत।

विद्युत कार्यपालक अभियंता ई. शशिकांत कुमार बतौलनि जे 1 किलोवाटक सोलर पैनल पर केंद्र आ राज्य सरकार दिस सं कुल 40,000 रुपैयाक अनुदान भेटैत अछि।


2 किलोवाट पर ई राशि 80,000 रुपैया आ 3 किलोवाट वा ताहि सं बेसी पर अधिकतम 98,000 रुपैया धरि अछि। योजनाक अंतर्गत 5.75 प्रतिशतक रियायती ब्याज दर पर बैंक ऋणक सुविधा सेहो उपलब्ध अछि।

जिलाधिकारी नागरिक सभ सं आधिकारिक पोर्टल अथवा हेल्पलाइन नंबर 7369001365

## विविध

# 3 सामान्य कारण जे चुपचाप अहां कें तेजी सं बूढ़ कए सकैत अछि, विशेषज्ञक दावा

जीवनशैलीक आदत आ पर्यावरणीय संपर्क कोशिकीय स्वास्थ्य आ जैविक उम्र बढ़बाक प्रक्रिया पर असर डालि सकैत अछि। ई बात कार्यात्मक चिकित्सा विशेषज्ञ डॉ. विल कोल कहलनि। ओ शीघ्र प्रकाशित होमय बला पुस्तक हील योर सेल्स केर सह-लेखक छथि। हुनकर मानब अछि जे आधुनिक जीवनशैलीक किछु कारक कोशिकीय कार्यप्रणाली मे गड़बड़ी पैदा कए सकैत अछि, जे सूजन, निद्रा आ समग्र स्वास्थ्य सं जुड़ल अन्य प्रक्रिया पर असर डालि सकैत अछि।



पेनसिल्वेनिया निवासी कोल फॉक्स न्यूज डिजिटलके कहलनि, हजारो वर्ष सं हमर आनुवंशिकी मे कोनो पैघ बदलाव नहि आएल अछि, मुदा एतेक कम समय मे हमर दुनिया मे नाटकीय रूप सं बदलाव आएल अछि।

ओ कहलनि, ई ओ भोजन अछि जे हम खाइत छी वा नहि खाइत छी, ई ओ पर्यावरणीय विषाक्त पदार्थ अछि जे पहिने वातावरण मे कखनो नहि छल, ई तनाव आ मानसिक आ शारीरिक आघात अछि। कोल कहलनि जे ई दबाव ओहि स्थिति मे योगदान दए सकैत अछि, जेकरा ओ त्वरित उम्र बढ़बाक समस्या कहैत छथि। एहि स्थिति मे जैविक उम्र वास्तविक उम्र सं अलग भए सकैत अछि। ओ कहलनि, कतेको लोक जे 20, 30 आ 40 वर्षक छथि, हुनकर कोशिका सभ वरिष्ठ नागरिक जकां भए गेल अछि। ई सामान्य अछि, मुदा स्वाभाविक नहि।

कोल कहलनि जे लोक बेर-बेर होमय बला लक्षण, जेना दिमागी धुंधलापन आ थकानके सामान्य मानि लैत छथि, जखनकि एहि संबंध मे स्वास्थ्य विशेषज्ञ सं चर्चा करबाक चाही।

ई लक्षण कोनो एक बेमारीक निश्चित संकेत नहि अछि आ एकर कारण विभिन्न चिकित्सकीय, जीवनशैली आ मानसिक स्वास्थ्य संबंधी कारक भए सकैत अछि।

कोल कहलनि जे किछु मामिला मे कोशिकीय कार्यप्रणाली मे गड़बड़ी सं जुड़ल बदलाव चिकित्सकीय निदान होएबाक कतेको वर्ष पहिने शुरू भए सकैत अछि। मुदा लोक प्रायः शुरूआती लक्षण सभके नजरअंदाज कए दैत छथि वा ओकरा सहैत आगू बढ़ैत रहैत छथि।

ओ तीनटा प्रमुख कारकक उल्लेख कएलनि, जे कोशिका सभक बीच संचारके बेसी प्रभावित कए सकैत अछि। एहि सं "कोशिकीय शोर" उत्पन्न भए सकैत अछि, जे तेजी सं उम्र बढ़बाक आ बेमारीक खतरा मे योगदान दए सकैत अछि।

कोलक अनुसार, पहिल कारक एहन भोजन करब अछि, "जे मानव शरीरके लाभ नहि पहुंचबैत अछि"। विशेष रूप सं सूजन बढ़ेनिहार भोजन कोशिकीय स्वास्थ्यके प्रभावित कए सकैत अछि।

ओ कहलनि जे भोजन करबाक समयक नियमितता नहि होएब आ दिनक बहुत लंबा समय धरि लगातार खाइत रहब सेहो कोशिकीय संतुलनके प्रभावित कए सकैत अछि। शरीरके भोजन पचाबए आ किछु समय उपवास मे रहबाक अवसर भेटब आवश्यक अछि।

कोल किछु पर्यावरणीय संपर्कके सेहो संभावित चिंता बला बतौलनि। एहि मे कीटनाशक, खर-पतवार नाशक रसायन आ पीएफएएस शामिल अछि, जाहि कें कखनो-कखनो "सदैव रहनिहार रसायन" कहल जाइत अछि।

विशेषज्ञ सभक अनुसार, कोनो पदार्थक संपर्कक प्रभाव ओहि पदार्थक प्रकार, मात्रा आ संपर्कक अवधि पर निर्भर करैत अछि।

ओ संक्रमण पैदा कएनिहार रोगाणु, जेना बैक्टीरिया आ वायरस तथा फफूंदक संपर्कके सेहो स्वास्थ्यके प्रभावित कएनिहार कारक मे शामिल कएलनि।

कोल कहलनि जे सांझक समय नील प्रकाशक बेसी संपर्क किछु लोक मे शरीरक जैविक घड़ीक समय निर्धारणके प्रभावित कए सकैत अछि। ओ कहलनि जे नियमित रूप सं सुतबाक-जागबाक समय आ दिन मे प्राकृतिक प्रकाशक संपर्क स्वस्थ निद्रा आ कोशिकीय स्वास्थ्यके समर्थन कए सकैत अछि।

# नव एमआरआई मशीन एआईक मदति सं जांचक समय घटा कए बनबैत अछि आरो स्पष्ट फोटो

पछिला किछु मास सं नव एमआरआई मशीनक माध्यम सं किछु यूटा रोगीके उन्नत तकनीक आ एआई सॉफ्टवेयरक मदति सं नीक रोग निदान आ उपचारक सुविधा भेटि रहल अछि।




इंटरमाउंटेन मेडिकल सेंटर अमेरिका केर दोसर अस्पताल अछि, जतय जीई हेल्थकेयरक सिग्नेचर स्प्रिंट एलीट एमआरआईक उपयोग शुरू कएल गेल अछि। बृहस्पति दिन जारी बयानक अनुसार ई मशीन जांचक समय कम करबाक संग हृदय आ कैंसर रोगी सभक लेल चिकित्सकके समीक्षा करबाक लेल आरो स्पष्ट तस्वीर उपलब्ध करबैत अछि। इंटरमाउंटेन हेल्थक हृदयरोग विशेषज्ञ डॉ. ब्रेंट विल्सन कहलनि जे चलैत हृदयक स्पष्ट तस्वीर बिना बेसी समय लेने प्राप्त करब कठिन अछि।

ओ कहलनि, ई स्पष्ट तस्वीर सभ हृदयक घायल ऊतकक क्षेत्रक मानचित्र तैयार करबाक नव तरीका सभक उपयोग करए मे मदति करैत अछि, जाहि सं हमर उपचार नीक होइत अछि। ई हृदयक एमआरआई क्षेत्र मे पैघ प्रगति अछि आ अमेरिका मे एकर उपयोग शुरू कएनिहार पहिल अस्पताल सभ मे शामिल भए कए हम उत्साहित छी। अन्य मशीन सं हृदयक एमआरआई कराबैत रोगी सभके कतेको समय धरि सांस रोकि कए रखबाक लेल कहल जाइत अछि, मुदा नव मशीन मे एकर आवश्यकता नहि पड़ैत अछि। इंटरमाउंटेन मेडिकल सेंटरक एमआरआई समन्वयक एमी वार्निक कहलनि जे हृदय संबंधी समस्या बला व्यक्ति लए ई बहुत कठिन भए सकैत अछि।

ओ कहलनि जे ई मशीन नीक तस्वीर उपलब्ध करबाक संग रोगीक सुविधा सेहो बढ़बैत अछि। हम एखन संए एकर भेद देख रहल छी। एआई तकनीक सिग्नल-टू-नॉइज अनुपातके नीक करैत अछि, जाहि सं तस्वीरक गुणवत्ता आरो नीक होइत अछि। मशीन मे कम समय लागब रोगी सभक लए नीक अछि आ अस्पतालके बेसी रोगीक एमआरआई करबाक अवसर सेहो दैत अछि, जाहि सं रोग निदान मे होमय बला देरी कम होइत अछि।

जीई हेल्थकेयरक जोएल क्रिस्टेनसेन कहलनि जे यूटक चिकित्सक आ रोगी सभ धरि ई तकनीक पहुंचेबाक अवसर लए संस्था आभारी अछि।ओ कहलनि, हमर उद्देश्य चिकित्सक सभके आवश्यक जानकारी उपलब्ध करेनाइ अछि, जाहि सं गंभीर बेमारी सं जूझि रहल रोगी सभक लए समय पर आ आत्मविश्वासक संग उपचार संबंधी निर्णय लेल जा सकय। अमेरिका मे एहि नव एमआरआई मशीनक उपयोग शुरू कएनिहार पहिल अस्पताल वर्जीनिया मे स्थित अछि। जीई हेल्थकेयरक वेबसाइटक अनुसार बेल्जियमक एक अस्पताल मे सेहो एकर उपयोग होइत अछि।

# हेलो सरकार, हम सुरंगक अंत मे छी... नेपालक जलविद्युत सुरंग मे कतेक लोक फंसल छथि?






**काठमांडू/जनकपुरधाम, समदिया**

चीन सं सटल नेपालक रसुवागढ़ी क्षेत्र मे बाढ़ि अएलाक बाद कतेको जलविद्युत परियोजना मे काज करैत करीब 1,000 लोक सं संपर्क नहि भए पायल अछि। नेपालक ऊर्जा मंत्रालयक अनुसार, एहि मे 400 सं बेसी लोकक विभिन्न परियोजनाक सुरंग मे फंसल होयबाक आशंका अछि। हुनका सभ कें सुरक्षित निकालबाक लेल बचाव अभियान जारी अछि। राष्ट्रीय विपद् जोखिम न्यूनीकरण प्राधिकरण (एनडीआरआरए) सेहो जलविद्युत परियोजना सं जुड़ल 933 लोक सं संपर्क नहि भए पेबाक जानकारी देने अछि। अधिकारी सभक अनुसार, फंसल लोक सभ कें बाहर निकालबाक लेल उद्धार कार्य लगातार चलि रहल अछि। नेपालक ऊर्जा मंत्रालयक प्रवक्ता कहलनि जे चीनक सीमा लग रसुवागढ़ी मे आयल बाढ़िक कारण क्षेत्रक विभिन्न जलविद्युत परियोजना मे काज करैत करीब 1,000 लोक सं एखन धरि संपर्क नहि भए पाओल अछि। मंत्रालय शुक्रदिन कहलनि जे विभिन्न जलविद्युत परियोजनाक प्रवर्तक सभ सं बातक बाद संपर्क सं बाहर लोक आ सुरंग मे फंसल लोक सभक विवरण अद्यतन कएल जा रहल अछि।

**अपर त्रिशूली–1 परियोजनाक सुरंग मे 400 सं बेसी लोक फंसल :** ऊर्जा मंत्रालयक प्रवक्ता मोहन शाक्यक अनुसार, कोरियाई निवेश वाली अपर त्रिशूली–1 जलविद्युत परियोजनाक सुरंग मे मात्र 400 सं बेसी लोक फंसल होयबाक आशंका अछि। शाक्य बीबीसी न्यूज नेपाली सं कहलनि जे जलविद्युत परियोजना मे काज करैत 1,000 सं बेसी लोक सं संपर्क टूटि गेल अछि। अपर त्रिशूली–1 मे सभ सं बेसी लोक सं संपर्क नहि अछि। प्रारंभिक जानकारीक अनुसार, ओतय सुरंग मे करीब 400 लोक फंसल छथि। सुरंगक बाहर उपस्थित 176 लोक सं सेहो संपर्क नहि भए पायल अछि।

**भोजन आ पानिक कमी :** परियोजनाक संपर्क अधिकारी गिरी अधिकारीक अनुसार, परियोजनाक 10 किलोमीटर लंबा सुरंग मे मलबा भरि गेलाक कारण उद्धार अभियान प्रभावित भेल अछि। अधिकारी कहलनि जे ई एहन सुरंग अछि जाहि मे दरार पड़ल अछि। आपातकालीन रास्ता बंद नहि भेल अछि। तें भीतर प्राणवायुक कमी नहि होयबाक चाही। मुदा भीतर भोजन आ पानिक कमी अछि। समय पर उद्धार कएल गेल तं भीतर फंसल लोक सभ कें बचाओल जा सकबाक अनुमान अछि। हिनकर अनुसार, बृहस्पति कें चारि कर्मचारी अपने सुरंग सं बाहर निकलल छलाह। हुनका सभक कहब छलनि जे सुरंगक भीतर करीब 400 लोक छथि। परियोजना अधिकारी सभक अनुसार, ओहि दिन सुरंगक भीतर काज लेल तैनात कर्मचारीक संख्या सेहो करीब 400 छल। संपर्क अधिकारी कहलनि जे सुरंग धरि पहुंचबाक सभ रास्ता बाढ़ि मे बहि गेल अछि। आब चट्टानक कात सं हेलिकॉप्टर मे लटकि कए सुरंग धरि पहुंचल जा सकैत अछि। 126 मेगावाट क्षमताक एहि परियोजना मे नेपाली कर्मचारीक अतिरिक्त कोरियाई, चीनी आ भारतीय कर्मचारी सेहो काज करैत छथि। परियोजना मे करीब 100 चीनी कर्मचारी काज करैत छथि, जाहि मे किछु लोक कें बचा लेल गेल अछि। अधिकारीक अनुसार, परियोजना मे काज करैत 40 भारतीय आ 8 कोरियाई कर्मचारीक एखन धरि कोनो पता नहि चलल अछि। करीब 80 प्रतिशत पूरा भए चुकल एहि परियोजनाक दैनिक उपस्थिति विवरणक अनुसार, बाढ़ि सं पहिने ओतय 1,350 लोक काज करैत छलाह। ऊर्जा मंत्रालयक प्रवक्ता कहलनि जे एहि मे एखन धरि 254 लोक कें बचा लेल गेल अछि। संपर्क अधिकारी गिरी अधिकारीक अनुसार, बचाओल गेल अधिकांश कर्मचारी सुरंगक बाहर छलाह। परियोजना अधिकारी सभक कहब अछि जे सुरंगक बाहर उपलब्ध करीब 200 लोक सं सेहो संपर्क नहि भए पाओल अछि। संभावना अछि जे संपर्क टूटल किछु कर्मचारी परियोजनाक ऊपर स्थित गाम दिस चलि गेल होथि आ ताहि कारण हुनका सभ सं संपर्क नहि भए पाओल गेल हो।

**हेलो सरकार, हम सुरंगक अंत मे छी :** एक अधिकारी चंद्रशेर राणाक अनुसार, सुरंगक मुहाना पर फंसल लोक सभ मदति मांगबाक लेल प्रधानमंत्री कार्यालयक अधीन चलैत हेलो सरकार मे फोन केने छलाह। राणाक अनुसार, 216 मेगावाट क्षमताक एहि परियोजना मे फंसल लोक सभ मदतिक गोहारि लगौने छलाह। राणा कहलनि जे हम सुरंगक मुंह पर छी। हम हाथ उठा रहल छी। हमरा फोन आयल जे हेलिकॉप्टर पठेनाइ आवश्यक अछि। तकर बाद हम संबंधित अधिकारी सभ कें जानकारी देलहुं। हमरा कहल गेल अछि जे हुनका सभ कें बचा लेल गेल अछि। हेलो सरकार नियंत्रण कक्षक अनुसार, बुधदिन भोर 11 बजे सं शुक्रदिन भोर धरि हेलो सरकारकें 6,600 सं बेसी फोन कॉल प्राप्त भेल अछि। राणा कहलनि जे बहुतो लोक अपन संबंधी सभ कें तकबाक आग्रह केने छथि। किछु लोक फोन कए इहो जानकारी देने छथि जे हुनका सभ कें उद्धार आ राहतिक आवश्यकता अछि।

## कोन परियोजना मे कतेक लोक संपर्क सं बाहर?

नेपालक ऊर्जा मंत्री बिराज भक्त श्रेष्ठक सलाहकार गणेश कार्की कहलनि जे रसुवा आ नुवाकोटक परियोजना सहित नौटा परियोजना मे काज करैत लोक सभ सं संपर्क नहि भए पाओल अछि। ऊर्जा मंत्रालयक प्रवक्ता शाक्यक अनुसार, रसुवागढ़ी जलविद्युत परियोजना मे काज करैत 93 लोक लापता छथि। तहिना अपर त्रिशूली–3ए मे 43 लोक लापता छथि आ 30 लोकक सुरंगक भीतर होयबाक आशंका अछि। नेपाल विद्युत प्राधिकरणक अनुसार, एहि परियोजना मे 11 लोक सं आब संपर्क स्थापित भए गेल अछि। लोक सभ रखरखावक काज लेल सुरंगक भीतर उत्पादन केंद्र दिस जा रहल छलाह, तखने परियोजना मे बाढ़िक पानि प्रवेश कए गेल। प्राधिकरण कहलनि जे नेपाली सेना, दक्ष कर्मचारी आ अन्य लोकक सहयोग सं भूमिगत विद्युतगृह धरि जाएबला केबल सुरंगक मलवा सं बंद भेल मुहाना खोलबाक काज तेजी सं चलि रहल अछि। ऊर्जा मंत्रालयक अनुसार, अपर त्रिशूली–3बी मे 158 लोक सं संपर्क टूटि गेल अछि। विद्युत प्राधिकरणक कहब अछि जे एहि परियोजनाक शिविर जाहि क्षेत्र मे अछि, ओ क्षेत्र भूस्खलनक मलवा मे पूर्ण रूप सं दबि गेल अछि। प्राधिकरण कहलनि जे अत्यंत कठिन आ खतरनाक परिस्थिति मे उद्धार आ ओतय धरि पहुंचबाक काज जारी अछि।



हेलिकॉप्टर सं परियोजना स्थल पर लगातार हवाई निरीक्षण कए स्थिति बुझल जा रहल अछि। खुदाई मशीन सहित आवश्यक उपकरण सेहो हेलिकॉप्टर सं घटनास्थल धरि पहुंचाओल गेल अछि आ काज शुरू कएल गेल अछि। ऊर्जा मंत्रालयक अनुसार, चिलि मे जलविद्युत परियोजना मे काज करैत आठ लोक लापता छथि। आशंका अछि जे ओ सभ सुरंगक भीतर फंसल छथि। निजी ऊर्जा उत्पादक सभक संगठन आईपीपीएएनक अध्यक्ष मोहन डांगी कहलनि जे लैंगटांग जलविद्युत परियोजनाक सुरंग मे फंसल 62 लोक मे सं 18 लोक कें बचा लेल गेल अछि। हुनकर कहब अछि जे आरो लोक कें सुरक्षित निकालि लेल जाएबाक आशा अछि। नेपाल विद्युत प्राधिकरणक अनुसार, भोटेकोशी–त्रिशूली क्षेत्र मे निमार्णाधीन आ चालू 11 जलविद्युत परियोजना बाढ़ि सं क्षतिग्रस्त भेल अछि। प्राधिकरणक सहायक कंपनी आ निजी विकासकर्ता सभक अनुसार, प्रारंभिक जानकारी मे कुल 470 मेगावाट क्षमताक 15 निमार्णाधीन जलविद्युत परियोजना कें क्षति पहुंचबाक सूचना अछि। तहिना अपर मेलुंग ए आ मेलुंग खोला परियोजना मे सात–सात लोक, लैंगटांग भोटेकोशी मे दू चीनी नागरिक सहित चारि लोक आ सेंट्रल त्रिशूली मे दू लोक सं संपर्क नहि भए पाओल अछि।

# यूक्रेनक बारूदे सं कीवक नागरिकक मृत्यु रूसी हमलाक बाद भेल भीषण विस्फोट

**कीव, एजेंसी**



रूस आ यूक्रेनक बीच चलि रहल युद्ध एक बेर फेर तेज भए रहल अछि। शनिदिन रूस दिस सं यूक्रेनक राजधानी कीव पर फेर हवाई हमला कएल गेल। हमलाक बाद एकटा हथियारक भंडारगृह मे भीषण विस्फोट भेल, जाहि मे करीब 27 लोकक मृत्यु भए गेल, जखन कि 42 लोक गंभीर रूप सं घायल छथि। स्थानीय अधिकारीक अनुसार, रूस लगातार कीवक लगपासक क्षेत्र सभ कें निशाना बना रहल अछि। शनिदिन भेल हमला पछिला किछु दिनक सभ सं पैघ हमला छल। यूक्रेनी अधिकारी सभक अनुसार, रूसी सेनाक हमलाक दौरान एकटा भंडारगृह मे राखल हथियार सभ कें सेहो निशाना बनाओल गेल, जकर बाद भेल विस्फोट सं भारी क्षति भेल।

**एहि घटना मे 27 लोकक जान गेल**

सावधानीक तौर पर 380 लोक कें सुरक्षित स्थान पर पहुंचाओल गेल अछि। रॉयटर्सक रिपोर्टक अनुसार, स्थानीय गवर्नर टेमोर त्काचिनोकू कहलनि जे कीवक बुचा क्षेत्र मे रूस आम नागरिक सभ कें निशाना बनौलक। एहि हमला मे लोक सभक करीब 50 घर आ भोजनालय बहुत क्षतिग्रस्त भेल अछि। हमलाक बाद पूरा क्षेत्र मे आगि लागि गेल, जाहि कारण राहति आ उद्धार कार्य मे सेहो कठिनाई भेल। गवर्नर भंडारगृह मे मौजूद विस्फोटक सामग्रीक संबंध मे कोनो जानकारी नहि देलनि।

**जेलेंस्की कहलनि- जांच होयत, दोषी पर कड़ा कारबाइ**

रूसी हमला आ तकर बाद आवासीय क्षेत्र मे भेल विस्फोट कें लए कए यूक्रेन मे सेहो विवाद उत्पन्न भए गेल अछि। राष्ट्रपति वोलोदिमिर जेलेंस्की सफाई दैत कहलनि जे सुरक्षाबल सभ कें कड़ा निर्देश देल गेल अछि जे आवासीय क्षेत्र मे विस्फोटक सामग्री नहि राखल जाए। ओ कहलनि जे एखन भेल विस्फोटक जांच कएल जाएत आ आवासीय क्षेत्र मे बारूद राखबाक मामिला मे जे लोक दोषी पाओल जाएत, हुनका विरुद्ध कड़ी कारबाइ कएल जाएत।

जेलेंस्की कहलनि जे हमर किछु नियम अछि। हम विस्फोटक सामग्री आ हथियार आवासीय क्षेत्र मे नहि रखैत छी। पछिला किछु सप्ताह सं रूस आ यूक्रेनक युद्ध लगातार तेज भए रहल अछि। दुनू दिसक सेना एक-दोसर पर ड्रोन आ मिसाइल सं हमला कए रहल अछि। सैन्य ठिकानाक बाद आब आवासीय क्षेत्र, भंडारगृह आ ऊर्जा संयंत्र सभ कें सेहो निशाना बनाओल जा रहल अछि। रूस आ यूक्रेनक ई क्षेत्र वैश्विक खाद्य उत्पादनक लेल महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि। एहन स्थिति मे जं भंडारगृह सभ पर लगातार हमला होइत रहल, तं आगू चलि गंभीर खाद्य संकट उत्पन्न होयबाक आशंका बढ़ि सकैत अछि।

## मोदी चारि वर्ष बाद मध्य एशियाक यात्रा पर भेलाह विदा

**नई दिल्ली, एजेंसी।** प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी शनिदिन भोर दिल्ली सं दू देशक यात्रापर विदा भेलाह। हुनकर ई चारि दिवसीय यात्रा अछि। पहिने ओ उज्बेकिस्तान जायताह आ तकर बाद किर्गिस्तानक यात्रा करताह। प्रधानमंत्री चारि वर्ष बाद मध्य एशियाक यात्रापर गेल छथि। ओ किर्गिस्तानक राजधानी बिश्केक मे आयोजित होमयवाला शंघाई सहयोग संगठन (एससीओ)क 26म शिखर सम्मेलन मे सेहो भाग लेताह। यात्राक दौरान हुनकर चीनक राष्ट्रपति शी जिनपिंग, रूसक राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिन सहित कतेको देशक नेता सभ सं भेंट होयबाक संभावना अछि। मोदी 29 आ 30 अगस्त कें उज्बेकिस्तानक राजधानी ताशकंद मे रहताह।



प्रधानमंत्रीक रूप मे ई हुनकर चारिम उज्बेकिस्तान यात्रा होयत। ताशकंद मे मोदी आ राष्ट्रपति शावकत मिर्जियोयेवक बीच वार्ता होयत। एहि दौरान व्यापार, निवेश, रक्षा, ऊर्जा, शिक्षा आ आपसी सहयोग बढ़ेबाक विषय पर चर्चा होयत। दुनू नेता भारतक विकसित भारत–2047 आ उज्बेकिस्तान–2030 दृष्टिकोणक अंतर्गत सहयोगक नव बाटपर सेहो विचार–विमर्श करताह। उज्बेकिस्तान यात्राक बाद मोदी 31 अगस्त सं 1 सितंबर धरि किर्गिस्तानक राजधानी बिश्केक मे रहताह। ओतय एससीओक 26म शिखर सम्मेलन मे भाग लेताह। भारत 2017 सं एससीओक पूर्ण सदस्य अछि। सम्मेलन मे सुरक्षा, आतंकवाद, व्यापार, संपर्क व्यवस्था आ आर्थिक सहयोग सहित विभिन्न मुद्दा पर चर्चा होयत। सम्मेलनक बीच मोदीक चीनक राष्ट्रपति शी जिनपिंग, रूसक राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिन आ अन्य देशक नेता सभ सं भेंट होयबाक संभावना अछि। मोदी बिश्केक मे आयोजित छठम विश्व घुमंतू खेलक उद्घाटन समारोह मे सेहो शामिल होयताह।

## ममता बनर्जी नहि माननलि कलकत्ता उच्च न्यायालयक बात

**कोलकाता, एजेंसी**

28 अगस्त कें पश्चिम बंगाल तृणमूल छात्र परिषदक स्थापना दिवस समारोहक दौरान कलकत्ता उच्च न्यायालयक आदेशक उल्लंघन करबाक आरोप मे पूर्व मुख्यमंत्री ममता बनर्जी सहित कार्यक्रमक आयोजक सभक विरुद्ध हेस्टिंग्स थाना मे प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि। शिकायतक अनुसार, कार्यक्रमक दौरान तृणमूल छात्र परिषदक समर्थक सभ सुरक्षाक लेल लगाओल गेल बैरिकेड जबरदस्ती तोड़ि देलनि। ड्यूटी पर तैनात पुलिसकर्मी सभक संग धक्का–मुक्की सेहो कएल गेल। एहि कारण कैथेड्रल रोड पर यातायात पूर्ण रूप सं बाधित भए गेल। आयोजक सभ पर न्यायालय द्वारा निर्धारित समय–सीमा समाप्त भेला परो कार्यक्रम जारी रखबाक आरोप अछि। हेस्टिंग्स थाना पुलिस एहि मामिला मे भारतीय न्याय संहिता (बीएनएस)क विभिन्न गंभीर धाराक अंतर्गत मामिला दर्ज केने अछि। ममता बनर्जी आ कार्यक्रमक आयोजक सभक विरुद्ध धारा 61(2) अर्थात आपराधिक षड्यंत्र, धारा 223 अर्थात आदेशक अवज्ञा, धारा 125(ए) अर्थात दोसरक जीवन कें खतरा मे देब, धारा 132 अर्थात लोक सेवक कें



**कोलकाता मे दर्ज भेल प्राथमिकी**

अपन कर्तव्य निर्वहन सं रोकबाक लेल हमला अथवा आपराधिक बलक प्रयोग आ धारा 285 अर्थात सार्वजनिक मार्ग मे बाधा उत्पन्न करबाक आरोप मे मामिला दर्ज भेल अछि।

**की छल कलकत्ता उच्च न्यायालयक आदेश? :** कलकत्ता उच्च न्यायालयक निर्देश अनुसार, सभा सड़कक एक दिस आयोजित करबाक छल, जखन कि गाड़ी सभ बगलवाला लेन सं गुजरबाक छल। भीड़क कारण यातायात लेल निर्धारित लेन मे जाम लगि गेलाक बाद ममता बनर्जी अपन सभा रोकि स्थिति नियंत्रित करबाक लेल हस्तक्षेप कएलनि। ओ पुलिसक व्यवस्थापर सेहो रोष व्यक्त कएलनि। ममता बनर्जीक आरोप छलनि जे कार्यक्रम कें बाधित करबाक षड्यंत्र कएल गेल अछि।

# अमेरिकाक वेनेजुएलाक 65 अरब बैरल सं बेसी तेल पर नियंत्रण



**वाशिंगटन, एजेंसी**

अमेरिका वेनेजुएलाक 65 अरब बैरल सं बेसी तेल भंडार पर नियंत्रण हासिल करबाक लेल एकटा समझौता केने अछि। ई आंकड़ा एहि लेल सेहो महत्वपूर्ण अछि, कारण अमेरिकाक अपन तेल भंडार करीब 46 अरब बैरल अछि। भारत सं तुलना करी तं भारत प्रतिवर्ष करीब 1.6 सं 1.7 अरब बैरल कच्चा तेल विदेश सं किनैत अछि। एहि हिसाब सं 65 अरब बैरल तेल भारतक करीब 40 वर्षक तेल आयातक बराबर अछि। अमेरिकाक विदेश विभागक अनुसार, ई काज वेनेजुएला मे कार्यरत एकटा निजी कंपनीक संग मिलि कए कएल जाएत। एहि साझेदारी सं प्राप्त होमयवाला तेल मे अमेरिका कें 55 प्रतिशत हिस्सा भेटत। हालांकि, एहि निजी कंपनीक नाम एखन सार्वजनिक नहि कएल गेल अछि। अमेरिकाक राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप सोशल मीडिया पर पोस्ट करैत एकरा दुनियांक सभ सं पैघ सौदा बतौलनि। वेनेजुएलाक राष्ट्रपति डेल्सी रोड्रिग्ज सेहो एकरा ऐतिहासिक समझौता कहलनि।

**वेनेजुएला मे 300 अरब बैरल सं बेसी तेल भंडार :** वेनेजुएलाक लग दुनियांक सभ सं पैघ तेल भंडार अछि। ओतय 300 अरब बैरल सं बेसी तेल उपलब्ध अछि। ट्रंप जाहि 65 अरब बैरल तेल पर अमेरिकी नियंत्रणक बात कए रहल छथि, से वेनेजुएलाक कुल तेल भंडारक करीब पांचम हिस्सा अछि। एतेक पैघ तेल भंडार रहितो वेनेजुएला मे तेल उत्पादन बहुत कम अछि। आर्थिक संकट, निवेशक कमी आ अमेरिकी प्रतिबंधक कारण ओतय तेल उद्योग लंबा समय सं कठिनाइ मे अछि।

**भारतक 40 वर्षक जरूरत बराबर, ट्रंप कहलनि, इतिहासक सभ सं पैघ सौदा**

**अमेरिका कें कतेक तेल भेटत? :** एहि समझौता मे सभ सं महत्वपूर्ण बात एखन स्पष्ट नहि अछि। अमेरिका कें 65 अरब बैरल तेल पर स्वामित्व भेटत अथवा मात्र ओकर उत्पादन मे पैघ हिस्सा, ई बुझनाइ आवश्यक अछि। उपलब्ध जानकारीक अनुसार, अमेरिका कें साझेदारी सं होमयवाला तेल उत्पादनक 55 प्रतिशत हिस्सा भेटत। मुदा एहि काज मे शामिल निजी कंपनीक नाम आ समझौतेक संपूर्ण शर्त एखन सामने नहि आएल अछि। तें 65 अरब बैरल तेल पर अमेरिकाक नियंत्रणक अर्थ ई नहि अछि जे पूरा तेल अमेरिकाक भए गेल। अमेरिका कें वास्तव मे कतेक अधिकार भेटत, ई समझौतेक पूर्ण शर्त सामने अएलाक बादे स्पष्ट होयत।

**100 अरब डॉलर सं बेसी निवेश :** राष्ट्रपति डेल्सी रोड्रिग्जक अनुसार, समझौतेक अंतर्गत वेनेजुएलाक 17 तेल क्षेत्र कें फेर सं विकसित कएल जाएत। एहि काज मे 100 अरब डॉलर सं बेसी निवेश होयबाक बात कहल गेल अछि। हुनकर अनुसार, एहि पूरा प्रक्रिया सं वेनेजुएलाक सरकार कें आगू करीब 209 अरब डॉलर कर प्राप्त भए सकैत अछि। हुनकर कहब अछि जे वेनेजुएला अपन विशाल तेल भंडारक उपयोग देशक विकास लेल करय चाहैत अछि।

**मादुरोक गिरफ्तारीक बाद बदलल संबंध :** अमेरिका आ वेनेजुएलाक संबंध जनवरी मे निकोलस मादुरोक गिरफ्तारीक बाद बदलल। डेल्सी रोड्रिग्जक राष्ट्रपति बनलाक बाद दुनू देशक बीच बातचीत बढ़ल आ वेनेजुएलाक तेल एहि बातचीतक सभ सं महत्वपूर्ण विषय बनि गेल। तकर बाद वेनेजुएला तेल उद्योग सं जुड़ल नियम मे बदलाव कएलक। नव नियमक अंतर्गत विदेशी कंपनी सभ कें बेसी अधिकार देल गेल अछि, जाहि सं अमेरिकी कंपनी सभ लेल वेनेजुएला मे निवेश आ तेल उत्पादन बढ़ेबाक बाट सेहो खुलि गेल अछि।

# महिला एशिया कप 2026 : थाईलैंडक विरुद्ध अभियानक शुरूआत करत भारतीय टीम

महिला टी-20 एशिया कप 2026 मे भारतीय टीम रविदिन थाईलैंडक विरुद्ध अपन अभियानक आगाज करत। हरमनप्रीत कौरक अगुआई मे भारतीय टीम टूनामेंटक शुरूआत जीतक संग करए चाहत। भारतीय टीमक नजरि चारिम बेर टी-20 महिला एशिया कपक खिताब अपन नाम करबाक होयत। भारतीय



## चारिम खिताब पर रहत नजरि

टीमक बल्लेबाजी क्रम बहुत मजबूत नजरि आबि रहल अछि। शेफाली वर्मा आ स्मृति मंधाना पारीक आगाज करैत नजरि आएत। मंधाना आ शेफालीक लए ई साल खासकए टी-20 प्रारूप मे नीक रहल अछि। मुदा जेमिमा रोड्रिग्सक अनुपस्थिति मे नंबर तीनक जिम्मेदारी के संभालत, ई देखनाइ बहुत रोचक होयत। जेमिमाक स्थान पर प्रतिका रावल कें टीम मे जगह देल गेल अछि, मुदा ओ बहुत समय सं टी-20 प्रारूप सं दूर रहल छथि।

ऑलराउंडर दीप्ति शर्माक कंधा पर पैघ जिम्मेदारी रहत। ओ बल्ला आ गेंद दूनू सं महत्वपूर्ण योगदान दए सकैत छथि। एकर संगहि ऋचा घोष सं सेहो टीम कें धमाकेदार प्रदर्शनक आशा रहत। ऋचा अपन तूफानी बल्लेबाजीक लए जानल जाइत छथि आ जेमिमाक अनुपस्थिति मे हुनका बल्लेबाजी क्रम मे ऊपर सेहो पठाओल जा सकैत अछि। तेज गेंदबाजीक कमान क्रांति गौड़ आ रेणुका ठाकुर संभालत। ओतहि श्री चरणी आ राधा यादव अपन घूमैत गेंद सं यूएईक धरती पर बल्लेबाज सभक परीक्षा लए सकैत छथि। भारतीय टीम एकरा सं पहिने तीन बेर महिला टी-20 एशिया कपक खिताब अपन नाम कए चुकल अछि। दोसर दिस, थाईलैंडक टीम एहि टूनार्मेंट मे बहुत आत्मविश्वासक संग उतरि रहल अछि। ओ जून मे फाइनल मे यूएई कें हराए महिला प्रीमियर कप जीतने छल आ एहि टूनार्मेंटक शुरूआत सेहो शानदार अनुमान मे केने अछि। बाम हाथक स्पिनर थिपचा पुथावोंग हुनकर गेंदबाजीक मुख्य कड़ी छथि आ महिला टी-20 अंतरराष्ट्रीय क्रिकेटक इतिहास मे सब सं बेसी विकेट लेनिहार गेंदबाज छथि। हुनका नाम पर 169 विकेट अछि। हांगकांगक विरुद्ध 1-23 केर प्रदर्शनक संग ओ भारतक दीप्ति कें पछाड़ि देने छलथि।

ऑफ-स्पिनर ओनिचा कामचोंफू सेहो नीक प्रदर्शन कए रहल छथि। ओ हांगकांगक विरुद्ध शुरूआती मोकाबला मे 3-27 विकेट लेने छलथि आ अपन 150 टी-20 अंतरराष्ट्रीय विकेट पूरा केने छथि। 25 वर्षक विकेटकीपर नन्नापत कोनचारोएनकाई एकटा उभरैत बल्लेबाज छथि। ओ टीम दिस सं सब सं बेसी रन बनेनिहार बल्लेबाज छथि। भारतक विरुद्ध फनिता माया आ नत्थाकन चंथमक प्रदर्शन पर सेहो नजरि रहत। भारत आ थाईलैंडक बीच ई मोकाबला दुबई इंटरनेशनल क्रिकेट स्टेडियम मे खेलल जाएत। एहि मैदान पर सामान्यतः स्पिन गेंदबाज सभ कें विकेट सं नीक मदति भेटैत अछि। मैदान पैघ होएबाक कारण बाउंड्री लगेनाइ सेहो आसान नहि रहैत अछि। गेंद बल्ला पर किछु फंसि कए अबैत अछि। एक्यूवेदरक रिपोर्टक अनुसार, रविदिन मौसिम पूरी तरहे साफ रहत आ बरखा होएबाक कोनो आशंका नहि अछि।

### भारत

हरमनप्रीत कौर (कप्तान), स्मृति मंधाना (उपकप्तान), शेफाली वर्मा, प्रतिका रावल, भारती फुलमाली, ऋचा घोष (विकेटकीपर), जी कामलिनी (विकेटकीपर), दीप्ति शर्मा, राधा यादव, प्रेमा रावत, अरुंधति रेड्डी, क्रांति गौड़, रेणुका सिंह, एन श्री चरणी आ नंदनी शर्मा।

### थाईलैंड

नारुएमोल चाइवाई (कप्तान), नन्नापत कोनचारोएनकाई, नत्थाकन चंथम, चानिदा सुथिरुआंग, सुलेपोर्न लाओमी, ओनिचा कामचोंफू, थिपचा पुथावोंग, फन्निता माया, एफिसारा सुवानचोनराथी, सुनीदा चतुरोंग्रट्टाना, चयनिसा फेंगपैन, नन्नाफाट चाइहान, कोरानित सुवानचोनराथी, थानराडा सीसावन आ नाओमी हैमिल्टन।

# महिला एशिया कप : थाइलैंड रोमांचक मोकाबला मे हांगकांग कें 6 रन सं हरौलक



महिला एशिया कप 2026 केर आगाज दुबई इंटरनेशनल स्टेडियम मे भेल। पहिल मोकाबला ग्रुप ए केर थाइलैंड आ हांगकांगक बीच खेलल गेल। थाइलैंड हांगकांग कें 6 रन सं हरा कए टूनार्मेंटक शानदार आगाज कएलक। थाइलैंड हांगकांगक जीतक लए 121 रनक लक्ष्य देने छल, मुदा हांगकांग 20 ओवर मे 7 विकेट पर 114 रन बना सकल आ मोकाबला 6 रन सं हारि गेल। 121 रनक लक्ष्यक पीछा करए उतरल हांगकांग कें पहिल झटका 1 रन पर लागल। मारिको हिल बिना खाता खोलने आउट भए गेलीह। तकर बाद केरी चान आ यास्मिन दासवानी 28-28 रन बना कए टीम कें संभारलनि। आखरी पांच ओवर मे हांगकांग कें जीतक लए 37 रन बनेबाक छल आ टीम लग 6 विकेट बचल छल। थाइलैंडक गेंदबाज सभ आखरी 5 ओवर मे कसल गेंदबाजी कएलनि आ हांगकांग कें 7 विकेट पर 114 रन पर रोकि देलनि। थाइलैंडक 6 रनक जीत बेहद रोमांचक रहल। थाइलैंडक लए ओनिचा कामचोंफू 3 विकेट, फानिता माया 2 विकेट, जखनकि थिपात्चा पुत्थावोंग आ सुलेपोर्न लाओमी 1-1 विकेट लेलनि। हांगकांग टॉस जीत कए पहिने गेंदबाजी करबाक निर्णय लेने छल। थाइलैंड पहिने बल्लेबाजी करैत 20 ओवर मे 9 विकेट पर 120 रन बनौलक। कप्तान नारुएमोल चायवाई सब सं बेसी 43 रन बनौलनि। 31 गेंदक एहि पारी मे चायवाई 4 चौका आ 2 छक्का लगौलनि। एकर अतिरिक्त विकेटकीपर बल्लेबाज नन्नापत कोनचारोएनकाई 41 गेंद पर 27 रन, फानिता माया 19 गेंद पर 19 रन आ अफिसरा सुवांचोनराठी 11 रन बनौलनि। एहि चारि बल्लेबाज कें छोड़ि कए कोनो आन बल्लेबाज दू अंक मे नहि पहुंचल।

# एएफसी अंडर-17 महिला एशियन कप क्वालीफायर्सक तैयारी मे भारत, फिलीपींस सं खेलत दूटा मैत्री मोकाबला

भारतीय अंडर-17 महिला फुटबॉल टीम एएफसी अंडर-17 महिला एशियन कप 2027 क्वालीफायर्सक तैयारी कें आखरी रूप देबाक लए सितंबर मे फिलीपींसक विरुद्ध दूटा अंतरराष्ट्रीय मैत्री मोकाबला खेलत। दूनू मोकाबला 26 आ 29 सितंबर कें गोवा मे खेलल जाएत। मुदा, दूनू मोकाबलाक आयोजन स्थल केर घोषणा बाद मे कएल जाएत।

भारत आ फिलीपींसक अंडर-17 महिला टीमक बीच ई मात्र दोसर मोकाबला होयत। एकरा सं पहिने दूनू टीम 2017 एएफसी अंडर-16 महिला चैंपियनशिप क्वालीफायर्स मे आमनेसामने भेल छल, जतय फिलीपींस भारत कें 2-0 सं हरौने छल।



मुख्य कोच जोआकिम अलेक्जेंडरसनक अगुआई वाली भारतीय टीम एखन ताशकंद मे उज्बेकिस्तानक विरुद्ध दूटा मैत्री मोकाबलाक श्रृंखला खेलि रहल अछि। बृहस्पतिदिन खेलल गेल पहिल मोकाबला मे दूनू टीम गोलरहित बराबरी पर रहल, जखनकि दोसर मोकाबला रविदिन खेलल जाएत।

फिलीपींसक विरुद्ध होमयबला दूनू मोकाबला भारतीय टीमक लए क्वालीफायर्स सं पहिने आखरी अभ्यास मोकाबला होयत। तकर बाद भारतीय टीम मलेशियाक राजधानी कुआलालंपुर विदा होयत, जतय 5 सं 11 अक्टूबर धरि एएफसी अंडर-17 महिला एशियन कप चीन 2027 क्वालीफायर्स खेलल जाएत।

भारत अपन अभियानक शुरूआत 5 अक्टूबर कें इराकक विरुद्ध करत। तकर बाद 8 अक्टूबर कें सीरिया आ 11 अक्टूबर कें मेजबान मलेशियाक विरुद्ध मोकाबला होयत।

भारतीय टीमक नजरि लगातार दोसर बेर एएफसी अंडर-17 महिला एशियन कप लए क्वालीफाई करबाक पर रहत। पिछला बेर चीनक सुझोउ मे आयोजित प्रतियोगिता मे यंग टाइग्रेस पहिल बेर टूनार्मेंटक नॉकआउट चरण मे पहुंचि इतिहास रचने छल। आब टीम एहि प्रदर्शन कें आगू बढ़बैत लगातार दोसर बेर एशियन कप मे जगह बनेबाक लक्ष्यक संग मैदान पर उतरत।

# सीपीएल सं जुड़ली शिखा पांडे, यास्तिका भाटिया सहित चारि भारतीय महिला क्रिकेटर

चारि भारतीय महिला क्रिकेटर शिखा पांडे, यास्तिका भाटिया, पूजा वस्त्राकर आ किरण नवगिरे आगामी कैरेबियन प्रीमियर लीगक लए अनुबंध पर हस्ताक्षर केने छथि। टूनार्मेंटक आगामी सत्र 6 सितंबर सं शुरू होयत। अनुभवी तेज गेंदबाज शिखा पांडे आ विकेटकीपर बल्लेबाज यास्तिका भाटिया ट्रिनबागो नाइट राइडर्स दिस सं खेलती। 25 वर्षीय यास्तिका पहिल बेर कैरेबियन प्रीमियर लीग मे हिस्सा लेती, जखनकि शिखाक ई टूनार्मेंट मे तेसर सत्र होयत। तेज गेंदबाजी ऑलराउंडर पूजा वस्त्राकर आ आक्रामक बल्लेबाज किरण नवगिरे वर्तमान चैंपियन बारबाडोस ट्राइडेंट्स दिस सं मैदान पर उतरी। दूनू खेलाड़ी पहिल बेर कैरेबियन प्रीमियर लीग मे खेलती। पूजा 2025 मे दीर्घ समय धरि चोटिक कारण प्रतिस्पर्धी क्रिकेट सं दूर रहबाक बाद वापसी केने छलीह। ओ महिला प्रीमियर लीग मे रॉयल चैलेंजर्स बेंगलुरुक प्रतिनिधित्व केने छलीह आ तकर बाद मध्य प्रदेश टी-20 लीग मे चंबल घड़ियाल्स दिस सं खेललनि। किरण नवगिरे कें छोड़ि कए पूजा, यास्तिका आ शिखा पहिने सेहो विदेशी टी-20 फ्रेंचाइजी लीग मे खेलि चुकल छथि। पूजा 2022-23 मे महिला बिग बैश लीग मे हिस्सा लेने छलीह, जखनकि यास्तिका 2024-25 सत्र मे ऑस्ट्रेलियाई लीग मे खेललनि। चारू भारतीय खेलाड़ी केर कैरेबियन प्रीमियर लीग सं जुड़ला सं आगामी सत्र मे भारतीय महिला क्रिकेटर सभक मौजूदगी आरो मजबूत होयत।




# नीरज चोपड़ा चोटक कारण डायमंड लीग फाइनल आ एशियाई खेल सं बाहर

भारतक स्टार भाला फेंक खेलाड़ी नीरज चोपड़ा शनिदिन टखना मे लागल चोटक कारण वर्तमान सत्रक बाकी सभ मोकाबला सं हटबाक निर्णय लेलनि। एकरा संगहि ओ अगिला सप्ताह ब्रसेल्स मे होमयबला डायमंड लीग फाइनल आ सितंबर मे जापानक आइची-नागोया मे होमयबला एशियाई खेल मे हिस्सा नहि लए सकताह।

28 वर्षीय नीरज सोशल मीडिया केर माध्यम सं बतौलनि जे लॉजेन डायमंड लीग मे सत्रक सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन करबाक किछु समय बाद अभ्यासक दौरान हुनकर टखना केर लिगामेंट मे चोट लागल। डॉक्टर आ अपन टीम सं चर्चा केलाक बाद ओ पूरा सत्र सं बाहर रहबाक निर्णय लेलनि।

नीरज कहलनि, कड़ा मेहनतक बाद हमरा अंततः लॉजेन मे सत्रक सर्वश्रेष्ठ थ्रो केर संग ओ लयक अनुभव होमय लागल छल, जाहिक हम तलाश कए रहल छलहुं। दुर्भाग्य सं एकर किछु समय बाद अभ्यासक दौरान हमर टखना केर लिगामेंट मे चोट लागि गेल। डॉक्टर आ टीम सं चर्चा केलाक बाद हम सभ निर्णय लेने छी जे हम एहि सत्रक बाकी हिस्सा मे हिस्सा नहि लेब।




नीरजक एहि सत्रक आखरी मोकाबला लॉजेन डायमंड लीग छल, जतय ओ 88.05 मीटर केर प्रदर्शनक संग रजत पदक जीतने छलाह। एकरा सं पहिने दोहा डायमंड लीग मे ओ 85.69 मीटरक थ्रो केर संग चारिम स्थान पर रहल छलाह। मात्र दूटा डायमंड लीग मोकाबला मे हिस्सा लेबाक बावजूद नीरज ब्रसेल्स फाइनल लए क्वालीफाई केने छलाह आ एहि सत्रक छठम सर्वश्रेष्ठ खेलाड़ी केर रूप मे फाइनल मे जगह बनेने छलाह। आब चोटिक कारण ओ एहि प्रतिष्ठित प्रतियोगिता मे सेहो हिस्सा नहि लए सकताह।

नीरज जुलाई मे ग्लासगो मे भेल राष्ट्रमंडल खेल मे सेहो रजत पदक जीतने छलाह। ओतय हुनकर सर्वश्रेष्ठ थ्रो 85.83 मीटर रहल छल।

ओ कहलनि, ई निराशाजनक अछि, खासकए तें जे हमरा लागैत छल जे हम अपन लय हासिल करबाक करीब छी, मुदा जेना कहल जाइत अछि, कठिनाइ यात्रा केर हिस्सा होइत अछि। आब हमर ध्यान नीक तरहे स्वस्थ होएबाक आ पहिना सं बेसी मजबूत भए वापसी करबाक पर अछि।

दू बेरक ओलंपिक पदक विजेता आ पूर्व विश्व चैंपियन नीरज पिछला एशियाई खेल मे शानदार प्रदर्शन करैत 88.88 मीटरक थ्रो केर संग स्वर्ण पदक जीतने छलाह। भारत एहि प्रतियोगिता मे भाला फेंक मे ऐतिहासिक स्वर्ण आ रजत पदक जीतने छल। किशोर जेना रजत पदक हासिल केने छलाह।

आइची-नागोया एशियाई खेल मे नीरजक अनुपस्थिति मे रोहित यादव भारत दिस सं भाला फेंक स्पर्धा मे चुनौती पेश करताह। रोहित राष्ट्रमंडल खेल मे पदक जीतबा सं चूक गेल छलाह।

धन्यवाद मिथिला

10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार




वर्ष 16, अंक 348 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड:** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 ( * पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053